ToTAL
Tout Timoun Ap Li

M ap li nèt ale

Liv mèt la – 3

Dezyèm edisyon



Premye ane

USAID | AYITI
ÈD PÈP AMERIKEN

Ministère de l'Education Nationale
et de la Formation Professionnelle

25. Leson D **4**
26. Leson J **15**
Leson Revizyon D, J *26*

27. Leson Ch **28**
28. Leson Z **36**
Leson Revizyon Ch, Z *46*

29. Leson Wa-wen **48**
30. Leson Ye-yi **53**
Leson Revizyon Wa, Yi *60*

31. Leson Pr-tr **62**
32. Leson Dl-bl **67**
Leson Revizyon Pr, Dl *72*

33. Leson Any **74**
34. Leson Ui **79**

Peryod Revizyon .....
Peryod Revizyon D, J *88*
Peryod Revizyon Ch, Z *91*
Peryod Revizyon Wa, Yi *94*
Peryod Revizyon Pr, Dl *97*
Peryod Revizyon Any, Ui *100*

Vizyalizasyon Lesons.....
1. Vizyalizasyon **103**
2. Vizyalizasyon **109**
3. Vizyalizasyon **115**
4. Vizyalizasyon **121**
5. Vizyalizasyon **127**
6. Vizyalizasyon **133**
7. Vizyalizasyon **139**
8. Vizyalizasyon **145**
9. Vizyalizasyon **151**
10. Vizyalizasyon **157**
11. Vizyalizasyon **163**
12. Vizyalizasyon **169**

Konsèy pou pwofesè yo

Anvan leson an :

– Pran yon ti tan pou li leson ou pral fè a.
– Li tout konsiy ki pou ou yo.
– Li tout konsiy ki pou elèv yo.
– Prepare tout materyèl w ap bezwen pou leson an (liv elèv yo, kaye ekriti a, règ, kreyon ak lòt materyèl ki nesesè pou leson an.)
– Distribye liv yo ak kaye ekriti yo bay tout elèv yo anvan ou kòmanse leson an. (elèv yo pa bezwen ouvè yo tousuit).
– Ekri sou tablo a nimewo paj leson jou a.
– Trase sou tablo a liy pou elèy yo ekri (sonje fè yo menm jan ak liy ki nan kaye ekriti a.)
– Verifye si elèv yo genyen lòt materyèl tankou kreyon, gòm, règ, tay kreyon…

Pandan leson an :

– Ankouraje elèv yo patisipe nan aktivite leson yo.
– Toujou mete anpil gete nan fason w ap fè leson an.
– Chwazi menm kantite ti fi ak ti gason (f = g) pou reponn kesyon yo.
– Chwazi elèv toupatou nan sal la : devan, nan mitan ak dèyè (d / m / d).
– Korije repons elèv yo lè sa nesesè (w ap di : « Se sa » oswa « se pa sa » jan nou aprann sa nan fòmasyon an.)
– Mache nan klas la pou verifye si elèv yo ap byen egzekite konsiy yo.
– Ede elèv ki gen difikilte pou fè aktivite yo.
– Mete w nan yon bon pozisyon lè w ap ekri sou tablo a pou fasilite elèv yo suiv sa w ap fè a.
– Di kontin yo nan bon ton.
– Mande elèv yo fè kèk jès ki mache ak sa ki di nan kontin yo.
– Veye pou pa gen twòp dezòd nan aktivite yo.
– Respekte tan ki rezève pou chak aktivite nan leson an.
– Mete postè yo nan yon pozisyon k ap pèmèt timoun wè l san difikilte.
– Toujou evalye elèv yo anvan leson an fini.

Apre leson an :

– Mande elèv yo rantre materyèl yo. (liv elèv, kaye ekriti, gòm, règ...)
– Ranje tout lòt materyèl ki te itilize nan leson an. (postè, liv mèt la...)

Aktivite 1 Kontin

Lapwòpte
Tout moun pote kole
Pou n fè lapwòpte
N ap wouze, bale
N ap pwopte lari,
N ap netwaye tout mi,
N ap jete fatra nan poubèl,
pou katye n pi bèl.

Aktivite 2 Ann jwe ak imaj

[Pran liv elèv la pou fè aktivite a.]

Jodi a nou pral fè yon ti jwèt. Nou pral jwe ak ti desen ki nan liv la. Ann gade twa ti desen yo.

Mete **endèks** nou sou desen **drapo a**.
Mete **lorikilè** nou sou desen **domino yo**.
Mete **pous** nou sou desen **dan yo**.

1. Kounye a mwen pral touche desen an epi n ap di m ki sa li ye. *[Touche chak ti desen yo pandan w ap mande elèv yo ki sa li ye.]*
2. *[Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre mande yo repete mo yo.]*
3. **Kounye a, ki son nou tande nan kòmansman twa mo nou sot di la yo ?** *[Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son leson an.]* Son an se **/d/**. Jodi a se son **/d/** nou pral aprann.

Aktivite 3 Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son

Kounye a nou pral aprann yon nouvo son. Nou pral sèvi ak nouvo son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m

- Son an se **/d/**.
- Premye mo a se **dan**. Mo a kòmanse ak **/d/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **tan**. Mo sa a pa kòmanse ak **/d/** donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm

- Son an se : **/d/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/d/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **do**.
  [Mèt la ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **bebe, desann**.

Se tou pa nou

- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/d/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **travèse**.
  [Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **bra**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **dra, dwèt**.

b. Idantifye premye son

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « premye son », n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– Mo a se **dodo**. Premye son an se : **/d/**.	– Mo a se **demen**. « Premye son » an se : **/d/**. – Ann kontinye ak kèk egzanp : **bibon, dous**.	– Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tande : **dèyè, tonton, baton, drapo, di**.

Aktivite 4 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– *[Montre lèt la epi di.]* – Son lèt sa a se **/d/**.	– Son lèt sa a se **/d/**.	– Son lèt sa a se : … **/d/**.

b. Di non lèt la

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– *[Montre lèt la epi di.]* – Non lèt sa a se **d**.	– Non lèt sa a se **d**.	– Non lèt sa a se **d**.

Aktivite 5 Lekti mo ak fraz

a. Ann jwe ak lèt yo

Kounye a nou pral jwe ak lèt nou konnen yo.

Son lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la nan liv la. Lè mwen di yon son, n ap chache lèt ki mache ak son an epi n ap mete dwèt nou anba l. *[Chwazi lèt yo an dezòd, apeprè de fwa pou chak lèt.]*

Non lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la. Lè mwen di non yon lèt, n ap chache lèt la epi n ap mete dwèt nou anba l. *[Chwazi lèt yo an dezòd.]*

b. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj « d » pou nou li liy palmis la.

c. Marye son yo pou fòme mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/d/ /i/ = di**	– **/d/ /i/ = di**	– **/d/ /i/ = di** – Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **dou, dan, dlo, doub, dans, dwèt**.

d. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj « d » a pou nou li liy anana a.

e. Marye son pou fòme mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/d/ /e/ /m/ /en/ = demen**	– **/d/ /e/ /m/ /en/ = demen**	– **/d/ /e/ /m/ /en/ = demen** – Ann kontinye ak lòt mo **dòmi, desann, domino**.

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.
M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*
Panche a dwat. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di panche a dwat. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

1. Panche a dwat
2. Panche a goch
3. Panche devan
4. Kage sou do
5. Vire tèt ou a goch a dwat
6. Pliye kò nou
7. Yon ti vole
8. Kanpe rèd
9. Yon ti danse
10. Souke kò nou

Aktivite 6 **Ekri lèt**

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil **d**. *[Ekri lèt la sou tablo a.]*

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– *[Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]* **Trase yon wonn. Sou bò dwat li, trase yon liy kanpe long.**	– *[Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]* **Trase yon wonn. Sou bò dwat li, trase yon liy kanpe long.**	– *[Elèv yo fè menm jès la ak dwèt yo.]* **Trase yon wonn. Sou bò dwat li, trase yon liy kanpe long.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. Trase yon wonn. Sou bò dwat li, trase yon liy kanpe long.

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Mete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt d (miniskil).

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. *[Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]*
[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.
[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

Aktivite 7 Ekri mo ak fraz

a. Ekri mo kout ak son

Nou pral sèvi ak son nou te aprann yo pou n ekri mo kout. M ap di mo kout la epi n ap di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak li a.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– Mo kout la se : **de**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo. **/d/ /e/**	– Mo a se : **de**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo. **/d/ /e/**	– *[Kontinye fè egzèsis la ak lòt mo ki nan leson an]* **di, dous, dlo, vid**.

b. Ekri mo long ak son

Kounye a nou pral ekri mo long.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– Mo long lan se **devan**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo. **/d/ /e/ /v/ /an/**	– Mo long lan se **devan**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo. **/d/ /e/ /v/ /an/**	– **/d/ /e/ /v/ /an/** M ap di kèk mo epi n ap ekri yo nan kaye nou : **gade, mande, desann, dòmi**.

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.
M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*
Souke tèt nou. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di souke tèt nou. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

1. Leve men nou
2. Fèmen men ou
3. Ouvè men ou
4. Lonje dwèt ou
5. Pran yon objè
6. Brase
7. Pouse

Aktivite 8 Vokabilè

Nou pral li yon istwa ansanm. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : deplase

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **deplase** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **deplase** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **deplase vle di soti yon kote pou ale nan yon lòt**.
3. Kisa mo **deplase** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tande mo **deplase** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **deplase**. *[30 segonn]*

b. Dezyèm mo a se : demen

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **demen** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **demen** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **demen se jou ki vini apre jodi a**.
3. Kisa mo **demen** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tande mo **demen** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **demen**. *[30 segonn]*

Aktivite 9 Prediksyon daprè desen

Anvan nou li istwa a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa. Yo rele sa prediksyon. Nou ka fè yon prediksyon daprè desen oswa daprè tit.

Jodi a nou pral fè yon prediksyon daprè desen.

[Montre desen an epi di.] Mwen gade desen an epi mwen mande tèt mwen kisa ki pral pase nan istwa a.
1. Gade desen an epi mande tèt nou sou kisa istwa a pral pale. *[30 segonn]*
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. *[30 segonn]*
3. Kiyès ki ka dim ki sa ki pral pase nan istwa a ?

[Ekri 2 ou 3 repons sou tablo a ak non elèv yo bò kote repons yo.]

Aktivite 10 Li istwa

Kounye a nou pral li istwa a ansanm. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a.
[Pandan elèv yo ap li, mèt la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]

Bonswa manman

Bonswa manman, mwen te devan. Bonswa manman, mwen te monte. Bonswa manman, mwen te desann. Bonswa manman, mwen fatige. Bonswa manman, mwen gen dodo. Bonswa manman, mwen pral dòmi. Bonswa manman, m a wè ou demen.

Aktivite 11 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. *[Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.]*
2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? *[Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.]*

Aktivite 12 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. Daprè imaj la, kiyès k ap di bonswa a ?
2. Ki kote li ye ?

Aktivite pou Ranfòse

Fè fraz la

Pou ki sa : Konesans lèt enprime, direksyon, prensip alfabetik.
Materyèl : papye pou ekri mo poukont yo sou li.
Kouman pou fè sa :

1. *Ekri yon ti fraz kout ak mo yo abitye tankou « Jodi a se Lendi ». Oswa sèvi ak kontin yo fèk aprann.*
2. *Ekri chak mo sou yon papye poukont yo. Mete vigil oswa lòt ponktiyasyon yo sou papye poukont yo tou.*
3. *Bay elèv yo mo yo epi di yo mo a.*
   Egzanp : « Jòj ou se mo **Jodi a**. *Anita ou se mo* **Se**. *Stefani ou se mo* **Lendi**. *Jozèf ou se* **pwen an**. *»*
4. *Mande elèv yo travay ansanm pou yo ranje tèt yo an fraz.*
5. *Fè lòt elèv yo li fraz la pou verifye direksyon ak lòd li.*

Aktivite 1 Kontin

Lapwòpte
Tout moun pote kole
Pou n fè lapwòpte
N ap wouze, bale
N ap pwopte lari,
N ap netwaye tout mi,
N ap jete fatra nan poubèl,
pou katye n pi bèl.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son

Jodi a n ap kontinye ak son /d/. Nou pral sèvi ak son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m

– Son an se **/D/**.
– Premye mo a se **dan**. Mo a kòmanse ak **/D/** donk mwen leve pous mwen anlè.
– Lòt mo a se **tan**. Mo sa a pa kòmanse ak **/D/** donk mwen met pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm

– Son an se **/D/**.
– Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/D/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
– Mo a se **dou**.
[Pwofesè a ak elèv yo reponn ak pous yo.]
– Ann kontinye ak kèk egzanp : **tou, dis**.

Se tou pa nou

– Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/D/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
– Premye mo a se **dewoule**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
– Men yon lòt mo : **dire**.
– Ann kontinye ak kèk egzanp : **tande, babye, deplase, travèse**.

b. Konpare Premye Son nan Mo

Kounye a nou pral konpare son. Mwen pral di yon pè mo. Si tou de mo yo kòmanse ak menm son an, leve pous nou anlè. Si yo diferan, mete pous nou tèt anba.

Tou pa m

– Premye pè mo a se **dòmi-double**.
De mo sa yo kòmanse ak menm son an, donk mwen leve pous mwen anlè.
– Lòt pè mo a se **danse-bwè**.
– De mo sa yo pa kòmanse ak menm son an, donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm

– Pè mo a se **donnen-drapo**.
– *[Reponn ak pous.]*
– Ann kontinye ak kèk egzanp : **domino-gato, dat-nat**.

Se tou pa nou

– Premye pè mo a se **dous-dwèt**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
– Ann kontinye ak kèk lòt egzanp : **dous-goute, dlo-bwè, di-dra**.

Aktivite 3 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– *[Montre lèt la epi di.]* – Son lèt sa a se **/D/**.	– Son lèt sa a se **/D/**.	– Son lèt sa a se **/D/**.

b. Di non lèt la

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– *[Montre lèt la epi di.]* – Non lèt sa a se **D**.	– Non lèt sa a se **D**.	– Non lèt sa a se **D**.

Aktivite 4 Lekti mo ak fraz

a. Li mo kout vit e byen

Nou pral aprann li mo kout vit e byen.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– *[Di]* M ap li mo yo : **do, de, dam, doub, vid**.	– **do, de, dam, doub, vid**	– *[Anseyan an ap fè elèv yo li mo kout leson an]* **do, de, dam, doub, vid**. – *[Apre sa di]* Kontinye pratike nan liv nou, nan liy bis la. Li mo yo poukont nou.

b. Li mo long vit e byen

Kounye a nou pral li mo long vit e byen. Ouvè liv la nan paj « d » epi li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj « d » a pou nou li liy pwason an.

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*

Panche a dwat. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di panche a dwat. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

1. Panche a dwat
2. Panche a goch
3. Panche devan
4. Kage sou do
5. Vire tèt ou a goch a dwat
6. Pliye kò nou
7. Yon ti vole
8. Kanpe rèd
9. Yon ti danse
10. Souke kò nou

Aktivite 5 Ekri lèt miniskil

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil **d**.

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m

– *[Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]*
– **Trase yon wonn. Sou bò dwat li, trase yon liy kanpe long.**

Ann fè l ansanm

– *[Mande yo leve dwèt yo pou yo menm jès ak ou.]*
– **Trase yon wonn. Sou bò dwat li, trase yon liy kanpe long.**

Se tou pa nou

– *[Elèv yo fè jès ak dwèt yo.]*
– **Trase yon wonn. Sou bò dwat li, trase yon liy kanpe long.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. Trase yon wonn. Sou bò dwat li, trase yon liy kanpe long.

Aktivite 6 Ekri lèt majiskil

Kounye a nou pral ekri lèt majiskil « **D** ».

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m

– *[Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]*
– **Trase yon liy kanpe. Trase yon koub adwat soti anwo rive nan pwent anba a.**

Ann fè l ansanm

– *[Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]*
– **Trase yon liy kanpe. Trase yon koub adwat soti anwo rive nan pwent anba a.**

Se tou pa nou

– **Trase yon liy kanpe. Trase yon koub adwat soti anwo rive nan pwent anba a.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. Trase yon liy kanpe. Trase yon koub adwat soti anwo rive nan pwent anba a.

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Mete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt majiskil D.

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. *[Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]*
[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.
[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

d. Ekriti

Kounye a, nou pral ranje mo gaye yo pou n fè yon fraz ki gen sans.

[Ekri sou tablo a : Adlin – danse – ap. Apre sa , ranje mo yo nan lòd pou fè yon fraz ki gen sans. **R- Adlin ap danse.** *Fè elèv yo pratike nan kaye yo. Verifye sa elèv yo ap fè.]*

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.
M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*
Souke tèt nou. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di souke tèt nou. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

1. Leve men nou
2. Fèmen men ou
3. Ouvè men ou
4. Lonje dwèt ou
5. Pran yon objè
6. Brase
7. Pouse

Aktivite 7 Vokabilè

a. Revizyon vokabilè

Kounye a nou pral revize vokabilè nou te aprann yè yo.

Yè nou te travay sou mo deplase

Kiyès ki ka di m ki sa mo **deplase** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

Yè nou te travay sou mo demen

Kiyès ki ka di m ki sa mo **demen** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

b. Ann fè fraz ak mo vokabilè yo

Nou pral sèvi ak mo vokabilè yo pou nou fè fraz.

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **deplase**. *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **demen**. *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

Aktivite 8 Li istwa

Yè nou te li istwa a ansanm. Jodi a nou pral li istwa a de pa de. Apre sa mwen pral mande kèk elèv li pou-kont yo. Sonje pou n mete dwèt nou anba chak mo pandan n ap li yo.

a. Lekti de pa de

[Mete elèv yo de pa de. Asire w yo swiv sa y ap li ak dwèt yo. Pase gade kòman y ap li. Ede kèk elèv dekode mo si yo gen difikilte.]

b. Lekti endividyèl

[Mande 6 elèv li yon pati nan istwa a (chwazi 3 ti gason epi 3 ti fi). Ede yo si yo gen difikilte.]

c. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive.

– Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Bonswa manman, mwen pral dòmi.**
1. Tout moun mime fraz la.
2. *[Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]*

Aktivite pou Ranfòse

Koupe fraz

Pou ki sa : Konesans lèt enprime, prensip alfabetik.
Materyèl : Yon fraz nou abitye ki ekri sou yon fèy papye ki long.
Kouman pou fè sa :
1. *Li yon fraz yo abitye pou elèv yo fò.*
   Egzanp : « Non mwen se Jozèf. »
2. *Li fraz la ansanm. Lonje dwèt ou sou mo yo pandan w ap li.*
3. *Apre koupe fraz la mo pa mo.*
4. *Mande elèv yo pou yo fòme fraz la ankò.*
5. *Sipòte elèv yo ak kòmantè tankou :*
   Ki son ou tande nan kòmansman mo Jozèf la? [Tann yon repons.]
   Ki lèt ki fè son sa ? [Tann yon repons.]
   Kote mo ki kòmanse ak lèt sa ? [Tann yon repons.]
   Ki mo ki kòmanse ak lèt sa ? [Tann yon repons.]

Liv lekti elèv la, paj 92-93.
Liv ekriti elèv la, paj 96-99.

Aktivite 1 Kontin

Lapwòpte
Tout moun pote kole
Pou n fè lapwòpte
N ap wouze, bale
N ap pwopte lari,
N ap netwaye tout mi,
N ap jete fatra nan poubèl,
pou katye n pi bèl.

Aktivite 2 Ann jwe ak imaj

[Pran liv elèv la pou fè aktivite a.]

Jodi a nou pral fè yon ti jwèt. Nou pral jwe ak ti desen ki nan liv la. Ann gade twa ti desen yo.

Mete **endèks** nou sou desen **jip la**.
Mete **pous** nou sou desen **janm nan**.
Mete **lorikilè** nou sou desen **joumou an**.

1. Kounye a mwen pral touche desen an epi n ap di m ki sa li ye. *[Touche chak ti desen yo pandan w ap mande elèv yo ki sa li ye.]*
2. *[Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre mande yo repete mo yo.]*
3. **Kounye a, ki son nou tande nan kòmansman twa mo nou sot di la yo ?** *[Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son leson an.]* Son an se **/j/**. Jodi a se son **/j/** nou pral aprann.

Aktivite 3 Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son

Kounye a nou pral aprann yon nouvo son. Nou pral sèvi ak nouvo son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m

– Son an se **/j/**.
– Premye mo a se **ji**. Mo a kòmanse ak **/j/** donk mwen leve pous mwen anlè.
– Lòt mo a se **cheve**. Mo sa a pa kòmanse ak **/j/** donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm

– Son an se : **/j/**.
– Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/j/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
– Mo a se **jako**.
[Mèt la ak elèv yo reponn ak pous yo.]
– Ann kontinye ak kèk egzanp : **chapo, zaboka, jwenn**.

Se tou pa nou

– Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/j/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
– Premye mo a se **chanm**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
– Men yon lòt mo : **jou**.
– Ann kontinye ak kèk egzanp : **zanmann, jape, chanje**.

b. Idantifye premye son

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « premye son », n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– Mo a se **jwèt**. Premye son an se : **/j/**.	– Mo a se **joure**. « Premye son » an se : **/j/**. – Ann kontinye ak kèk egzanp : **soulye, janbe**.	– Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tande : **jaden, vwazen, fanmi, jounen, je**.

c. Konpare Premye Son nan Mo

Kounye a nou pral konpare son. Mwen pral di yon pè mo. Si tou de mo yo kòmanse ak menm son an, leve pous nou anlè. Si yo diferan, mete pous nou tèt anba.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– Premye pè mo a se **dènye-dakò**. De mo sa yo kòmanse ak menm son an, donk mwen leve pous mwen anlè. – Lòt pè mo a se **dous-boul**. – De mo sa yo pa kòmanse ak menm son an, donk mwen mete pous mwen tèt anba.	– Pè mo a se **douz-dou**. – *[Reponn ak pous.]* – Ann kontinye ak kèk egzanp : **moulen-doulè, dan-ban**.	– Premye pè mo a se **gwo-dwe**. *[Elèv yo reponn ak pous yo.]* – Ann kontinye ak kèk lòt egzanp : **mat-dat, dis-bis**.

Aktivite 4 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– *[Montre lèt la epi di.]* – Son lèt sa a se **/j/**.	– Son lèt sa a se **/j/**.	– Son lèt sa a se : . . . **/j/**.

b. Di non lèt la

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– *[Montre lèt la epi di.]* – Non lèt sa a se **j**.	– Non lèt sa a se **j**.	– Non lèt sa a se **j**.

Aktivite 5 Lekti mo ak fraz

a. Ann jwe ak lèt yo

Kounye a nou pral jwe ak lèt nou konnen yo.

Son lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la nan liv la. Lè mwen di yon son, n ap chache lèt ki mache ak son an epi n ap mete dwèt nou anba l. *[Chwazi lèt yo an dezòd, apeprè de fwa pou chak lèt.]*

Non lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la. Lè mwen di non yon lèt, n ap chache lèt la epi n ap mete dwèt nou anba l. *[Chwazi lèt yo an dezòd.]*

b. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj « j » pou nou li liy palmis la.

c. Marye son yo pou fòme mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/j/ /an/ = jan**	– **/j/ /an/ = jan**	– **/j/ /an/ = jan** – Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **jwe, jouk, jwenn, janm**.

d. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj « j » a pou nou li liy anana a.

e. Marye son pou fòme mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/j/ /ou/ /n/ /en/ = jounen**	– **/j/ /ou/ /n/ /en/ = jounen**	– **/j/ /ou/ /n/ /en/ = jounen** – Ann kontinye ak lòt mo **bonjou, toujou, manje, janbe, joumou**.

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*

Panche a dwat. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di panche a dwat. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

1. Panche a dwat
2. Panche a goch
3. Panche devan
4. Kage sou do
5. Vire tèt ou a goch a dwat
6. Pliye kò nou
7. Yon ti vole
8. Kanpe rèd
9. Yon ti danse
10. Souke kò nou

Aktivite 6 Ekri lèt

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil **j**. *[Ekri lèt la sou tablo a.]*

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m

– *[Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]*
Trase yon liy kanpe desann epi fè yon koub agoch. Leve men. Fè yon pwen.

Ann fè l ansanm

– *[Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]*
Trase yon liy kanpe desann epi fè yon koub agoch. Leve men. Fè yon pwen.

Se tou pa nou

– *[Elèv yo fè menm jès la ak dwèt yo.]*
Trase yon liy kanpe desann epi fè yon koub agoch. Leve men. Fè yon pwen.

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. Trase yon liy kanpe desann epi fè yon koub agoch. Leve men. Fè yon pwen.

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Mete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt j (miniskil).

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. *[Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]*
[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.
[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

Aktivite 7 Ekri mo ak fraz

a. Ekri mo kout ak son

Nou pral sèvi ak son nou te aprann yo pou n ekri mo kout. M ap di mo kout la epi n ap di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak li a.

Tou pa m

– Mo kout la se : **ji**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/j/ /i/

Ann fè l ansanm

– Mo a se : **ji**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/j/ /i/

Se tou pa nou

– *[Kontinye fè egzèsis la ak lòt mo ki nan leson an]*
jan, jou, jen, jwe.

b. Ekri mo long ak son

Kounye a nou pral ekri mo long.

Tou pa m

– Mo long lan se **jape**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/j/ /a/ /p/ /e/

Ann fè l ansanm

– Mo long lan se **jape**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/j/ /a/ /p/ /e/

Se tou pa nou

– **/j/ /a/ /p/ /e/**
M ap di kèk mo epi n ap ekri yo nan kaye nou : **manje, joumou, jako**.

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.
M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*
Souke tèt nou. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di souke tèt nou. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

1. Leve men nou
2. Fèmen men ou
3. Ouvè men ou
4. Lonje dwèt ou
5. Pran yon objè
6. Brase
7. Pouse

Aktivite 8 Vokabilè

Nou pral li yon istwa ansanm. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : jape

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **jape** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **jape** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **jape se yon bri chen fè ak vwa li**.
3. Kisa mo **jape** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tande mo **jape** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **jape**. *[30 segonn]*

b. Dezyèm mo a se : jako

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **jako** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **jako** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **jako se yon zwazo ki ka repete sa l tande**.
3. Kisa mo **jako** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tande mo **jako** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **jako**. *[30 segonn]*

Aktivite 9 Prediksyon dapre tit

Anvan nou li istwa a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa. Yo rele sa prediksyon. Nou ka fè yon prediksyon daprè desen oswa daprè tit.
Jodi a nou pral fè yon prediksyon daprè tit. *[Ekri tit istwa a sou tablo a epi di.]*

Tit istwa jodi a se : « **Jako** »
Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a daprè nou ?
[Ekri 2 ou 3 repons sou tablo a ak non elèv yo bò kote repons yo.]

Aktivite 10 Li istwa

Kounye a nou pral li istwa a ansanm. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a.
[Pandan elèv yo ap li, mèt la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]

Jako

Mimi di: « Myaw. » Jako repete : « Myaw. » Toutous jape: « Wouf, wouf », Jako repete : « Wouf, wouf. » Madanm nan di : « Gade yon bèl tablo ! » Jako a repete: « Tablo, tablo ! » Granmè di : « Silans non jako. » Jako reponn : « Silans, silans. »

Aktivite 11 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. *[Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.]*
2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? *[Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.]*

Aktivite 12 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De kiyès istwa a pale ?
2. Ki sa y ap fè ?
3. Poukisa granmè di « silans non jako ? »

Aktivite pou Ranfòse

Simon Di
Sèvi ak : Konesans Alfabè
Materyèl : Kat oubyen bout papye ki gen lèt sou yo pou 3 a 4 e pataje.
Kouman pou fè sa :
1. *Divize elèv yo an gwoup 3 ou 4 elèv pou yo travay.*
2. *Mande chak gwoup pou yon elèv pran kat ki gen lèt pa li yo pou gwoup la sèvi.*
3. *Sèvi ak lòd Simon Di konsa :*
   « Simon di, touche lèt F la ak pous nou. »
   « Simon di, mete lèt S la atè. »
   « Simon di, montre moun ki agoch ou a lèt D a. »
4. *Si yon elèv fè yon erè tankou sèvi ak move lèt la oswa fè move jès la, ekip la elimine.*
5. *Dènye ekip ki rete a, se li ki genyen.*
   Nòt : Pandan y ap bay lòd Simon Di a, pwofesè yo ta dwe fè sa lòd la di a. Sa ap kore devlopman langaj elèv yo.

Aktivite 1 Kontin

Lapwòpte
Tout moun pote kole
Pou n fè lapwòpte
N ap wouze, bale
N ap pwopte lari,
N ap netwaye tout mi,
N ap jete fatra nan poubèl,
pou katye n pi bèl.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son

Jodi a n ap kontinye ak son /j/. Nou pral sèvi ak son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m

– Son an se **/J/**.
– Premye mo a se **joumou**. Mo a kòmanse ak **/J/** donk mwen leve pous mwen anlè.
– Lòt mo a se **chadèk**. Mo sa a pa kòmanse ak **/J/** donk mwen met pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm

– Son an se **/J/**.
– Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/J/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
– Mo a se **janm**.
[Pwofesè a ak elèv yo reponn ak pous yo.]
– Ann kontinye ak kèk egzanp : **chanm, jwe**.

Se tou pa nou

– Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/J/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
– Premye mo a se **jou**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
– Men yon lòt mo : **zanmi**.
– Ann kontinye ak kèk egzanp : **jaden, chabon, jistis, jwenn**.

b. Konpare Premye Son nan Mo

Kounye a nou pral konpare son. Mwen pral di yon pè mo. Si tou de mo yo kòmanse ak menm son an, leve pous nou anlè. Si yo diferan, mete pous nou tèt anba.

Tou pa m

– Premye pè mo a se **jwenn-janbe**.
De mo sa yo kòmanse ak menm son an, donk mwen leve pous mwen anlè.
– Lòt pè mo a se **jan-van**.
– De mo sa yo pa kòmanse ak menm son an, donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm

– Pè mo a se **je-fè**.
– *[Reponn ak pous.]*
– Ann kontinye ak kèk egzanp : **jou-foumi, jan-van**.

Se tou pa nou

– Premye pè mo a se **jip-zip**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
– Ann kontinye ak kèk lòt egzanp : **jantiyès-jiyè, jistis-jako**.

Aktivite 3 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– *[Montre lèt la epi di.]* – Son lèt sa a se **/J/**.	– Son lèt sa a se **/J/**.	– Son lèt sa a se **/J/**.

b. Di non lèt la

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– *[Montre lèt la epi di.]* – Non lèt sa a se **J**.	– Non lèt sa a se **J**.	– Non lèt sa a se **J**.

Aktivite 4 Lekti mo ak fraz

a. Li mo kout vit e byen

Nou pral aprann li mo kout vit e byen.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– *[Di]* M ap li mo yo : **ja, jan, ji, jou, je**.	– **ja, jan, ji, jou, je**	– *[Anseyan an ap fè elèv yo li mo kout leson an]* **ja, jan, ji, jou, je**. – *[Apre sa di]* Kontinye pratike nan liv nou, nan liy bis la. Li mo yo poukont nou.

b. Li mo long vit e byen

Kounye a nou pral li mo long vit e byen. Ouvè liv la nan paj « j » epi li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj « j » a pou nou li liy pwason an.

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*

Panche a dwat. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di panche a dwat. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

1. Panche a dwat
2. Panche a goch
3. Panche devan
4. Kage sou do
5. Vire tèt ou a goch a dwat
6. Pliye kò nou
7. Yon ti vole
8. Kanpe rèd
9. Yon ti danse
10. Souke kò nou

Aktivite 5 Ekri lèt miniskil

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil **j**.

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m

– *[Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]*
– **Trase yon liy kanpe desann epi fè yon koub agoch. Leve men. Fè yon pwen.**

Ann fè l ansanm

– *[Mande yo leve dwèt yo pou yo menm jès ak ou.]*
– **Trase yon liy kanpe desann epi fè yon koub agoch. Leve men. Fè yon pwen.**

Se tou pa nou

– *[Elèv yo fè jès ak dwèt yo.]*
– **Trase yon liy kanpe desann epi fè yon koub agoch. Leve men. Fè yon pwen.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. Trase yon liy kanpe desann epi fè yon koub agoch. Leve men. Fè yon pwen.

Aktivite 6 Ekri lèt majiskil

Kounye a nou pral ekri lèt majiskil « **J** ».

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m

– *[Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]*
– **Trase yon liy kanpe desann epi fè yon koub agoch. Anwo, trase yon liy kouche tou kout.**

Ann fè l ansanm

– *[Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]*
– **Trase yon liy kanpe desann epi fè yon koub agoch. Anwo, trase yon liy kouche tou kout.**

Se tou pa nou

– **Trase yon liy kanpe desann epi fè yon koub agoch. Anwo, trase yon liy kouche tou kout.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. Trase yon liy kanpe desann epi fè yon koub agoch. Anwo, trase yon liy kouche tou kout.

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Mete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt majiskil J.

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. *[Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]*
[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.
[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

d. Ekriti

Kounye a, nou pral ranje mo gaye yo pou n fè yon fraz ki gen sans. *[Fè elèv yo pratike nan kaye yo. Verifye sa elèv yo ap fè.]*

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.
M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*
Souke tèt nou. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di souke tèt nou. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

1. Leve men nou
2. Fèmen men ou
3. Ouvè men ou
4. Lonje dwèt ou
5. Pran yon objè
6. Brase
7. Pouse

Aktivite 7 Vokabilè

a. Revizyon vokabilè

Kounye a nou pral revize vokabilè nou te aprann yè yo.

Yè nou te travay sou mo jape

Kiyès ki ka di m ki sa mo **jape** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

Yè nou te travay sou mo jako

Kiyès ki ka di m ki sa mo **jako** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

b. Ann fè fraz ak mo vokabilè yo

Nou pral sèvi ak mo vokabilè yo pou nou fè fraz.

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **jape**. *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **jako**. *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

Aktivite 8 Li istwa

Yè nou te li istwa a ansanm. Jodi a nou pral li istwa a de pa de. Apre sa mwen pral mande kèk elèv li pou-kont yo. Sonje pou n mete dwèt nou anba chak mo pandan n ap li yo.

a. Lekti de pa de

[Mete elèv yo de pa de. Asire w yo swiv sa y ap li ak dwèt yo. Pase gade kòman y ap li. Ede kèk elèv dekode mo si yo gen difikilte.]

b. Lekti endividyèl

[Mande 6 elèv li yon pati nan istwa a (chwazi 3 ti gason epi 3 ti fi). Ede yo si yo gen difikilte.]

c. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive.

– Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Jako repete : « Wouf, wouf. ».**
1. Tout moun mime fraz la.
2. *[Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]*

Aktivite pou Ranfòse

Mo pa janm fini

Pwofesè a ap di yon fraz epi l ap mande elèv yo reprann menm fraz la. Men chak fwa yon elèv di fraz la l ap chanje mo pwofesè a mande l la.

Egzanp : Mariz ak Filip konn **sote**. *[Elèv yo ap chanje* **sote** *ak yon lòt vèb ; yo ka di :* **jwe**, **li**, **etidye**, **chante**, **kouri**, *elatriye]*

Liv lekti elèv la, paj 94-95.

Aktivite 1 Kontin

Lapwòpte
Tout moun pote kole
Pou n fè lapwòpte
N ap wouze, bale
N ap pwopte lari,
N ap netwaye tout mi,
N ap jete fatra nan poubèl,
pou katye n pi bèl.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik : Marye son pou di mo

Jodi a nou pral devine mo. Mwen pral di tout son ki nan yon mo. Nou pral kole son yo epi lè mwen di : « Ki mo li ye ? » n ap di mo a.

Tou pa m

– Son nan premye mo a se **/d/ /an/**. M ap kole tout son yo epi m ap di mo a: **dan**.
– Son nan yon lòt mo se : **/j/ /ou/**.
– Ki mo li ye ? **jou**

Ann fè l ansanm

– Son nan mo a se : **/j/ /w/ /e/**. N ap kole tout son yo epi n ap di mo a: **jwe**.
– Son nan yon lòt mo se : **/d/ /an/ /s/ /e/**.
– Ki mo li ye ? **danse**
– Yon lòt ankò : **/d/ /i/ /n/ /e/**.
– Ki mo li ye ? **dine**

Se tou pa nou

– Mwen pral di tout son ki nan yon mo epi n ap di mo a ankè.
– Son nan mo a se : **/d/ /r/ /a/ /p/ /o/**.
– Ki mo li ye? *[Elèv yo di :* **drapo**.*]*
– Yon lòt ankò : **/m/ /an/ /j/ /e/**.
– Ki mo li ye ? *[Elèv yo di :* **manje**.*]*

Aktivite 3 Konsyans Fonemik : Separe mo, kase mo son pa son

Kounye a nou pral separe mo yo an son. Mwen pral di yon mo epi nou pral di tout son ki nan mo a.

Tou pa m

– Mo a se **dòmi**.
– M ap di tout son yo : **/d/ /ò/ /m/ /i/**.

Ann fè l ansanm

– Mo a se **joumou**.
– Ann di tout son yo **/j/ /ou/ /m/ /ou/**.
– Yon lòt mo **dodin**.
– Ann di son yo **/d/ /o/ /d/ /i/ /n/**.

Se tou pa nou

– Kounye a mwen pral di kèk mo epi n ap di son yo youn apre lòt : **jounen, deplase, janbe**.

Aktivite 4 Di non lèt ki nan yon mo

[Ekri 2 ou 3 mo ki nan leson sa a sou tablo a. Touche epi di non premye lèt la. Apre sa touche epi mande elèv yo di non rès lèt yo.]

Aktivite 5 Jwenn son nan mo

Ouvri liv nou nan paj revizyon an. Kounye a, mwen pral di yon son. N ap chèche yon mo ki gen son an ladan l. N ap mete dwèt nou anba mo a. Son an se _____.

[Chwazi son yo an dezòd. Apre ou fin di yon premye son, mande kèk elèv ki mo yo jwenn ki gen son an. Chak elèv dwe bay yon nouvo mo. Kontinye ak lòt son nou wè deja.]

Aktivite 6 Lekti mo (nan liv la)

a. Lekti an gwoup

Kounye a nou pral li nan liv la. ***Fè elèv yo ouvè liv la nan paj revizyon « D ak J » a. Mete yo an gwoup san yo pa deplase pou yo li liy ki gen mo ak fraz yo. Fè yo li fò. [Pa egzanp, chak ranje, ti fi/ti gason, moun a dwat/moun a goch.]***

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.
M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*
Panche a dwat. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di panche a dwat. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

1. Panche a dwat
2. Panche a goch
3. Panche devan
4. Kage sou do
5. Vire tèt ou a goch a dwat
6. Pliye kò nou
7. Yon ti vole
8. Kanpe rèd
9. Yon ti danse
10. Souke kò nou

b. Li istwa

Anseyan an ap mande elèv yo li istwa « Mouton pa toujou dou » pou kont yo.

Evalyasyon

NOTE:

- *Nan moman sa a nou kapab mande elèv yo kontinye li menm istwa a. Nou kapab pwofite moman sa a pou nou fè evalyasyon endividyèl pou elèv yo. Nou ka mande elèv yo li apeprè senk mo pou kont yo. Pa swiv prezantasyon mo yo nan liv la. Chwazi mo yo nan toulede leson yo, nan diferan liy pou chak timoun. Ede elèv la korije erè li yo. Apre li fini, note nan kaye ou konbyen mo elèv la li byen. Pa egzanp : 4/5. Si tout elèv pa gen tan li pou ou, asire ou sa ki pa li pou ou jodi a ap li pou ou semenn pwochenn (nan jou revizyon an).*
- *Si elèv yo pa li byen, mande yo li son lèt yo ba ou. Fè yon revizyon son elèv la pa konnen. Si gen anpil elèv ki pa konnen yon son, fè leson an ankò pou klas la. Si yo konnen son yo, men yo pa ka li, chèche konnen ki bò yo kole.*

Aktivite 1 Kontin

Vag lanmè
Vag lanmè
Toujou ap fè ale vini,
Toujou ap fè bri,
Fè bato danse de bò,
Sitou lè van ap soufle fò
Vag lanmè pa janm poze
Menm lè solèy kouche.

Aktivite 2 Ann jwe ak imaj

[Pran liv elèv la pou fè aktivite a.]

Jodi a nou pral fè yon ti jwèt. Nou pral jwe ak ti desen ki nan liv la. Ann gade twa ti desen yo.

Mete **lorikilè** nou sou desen **chemiz la**.
Mete **endèks** nou sou desen **chen an**.
Mete **pous** nou sou desen **chat la**.

1. Kounye a mwen pral touche desen an epi n ap di m ki sa li ye. *[Touche chak ti desen yo pandan w ap mande elèv yo ki sa li ye.]*
2. *[Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre mande yo repete mo yo.]*
3. **Kounye a, ki son nou tande nan kòmansman twa mo nou sot di la yo ?** *[Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son leson an.]* Son an se **/ch/**. Jodi a se son **/ch/** nou pral aprann.

Aktivite 3 Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son

Kounye a nou pral aprann yon nouvo son. Nou pral sèvi ak nouvo son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m

- Son an se **/ch/**.
- Premye mo a se **chat**. Mo a kòmanse ak **/ch/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **jako**. Mo sa a pa kòmanse ak **/ch/** donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm

- Son an se : **/ch/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/ch/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **chemiz**. *[Mèt la ak elèv yo reponn ak pous yo.]*
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **janvye, chou, zouti**.

Se tou pa nou

- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/ch/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **jounen**. *[Elèv yo reponn ak pous yo.]*
- Men yon lòt mo : **chavire**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **chèz, zanmi**.

b. Idantifye premye son

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « premye son », n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– Mo a se **cheval**. Premye son an se : **/ch/**.	– Mo a se **chapo**. « Premye son » an se : **/ch/**. – Ann kontinye ak kèk egzanp : **jaden, savon**.	– Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tande : **chenn, jwenn, fevriye, chaje, chimen, soulye**.

Aktivite 4 Aprann son ak non yon konbinezon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non konbinezon lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son konbinezon lèt la

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– *[Montre konbinezon lèt la epi di.]* – Son konbinezon lèt sa a se **/ch/**.	– Son konbinezon lèt sa a se **/ch/**.	– Son konbinezon lèt sa a se : …**/ch/**.

b. Di non konbinezon lèt la

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– *[Montre konbinezon lèt la epi di.]* – Non konbinezon lèt sa a se **ch**.	– Non konbinezon lèt sa a se **ch**.	– Non konbinezon lèt sa a se **ch**.

Aktivite 5 Lekti mo ak fraz

a. Ann jwe ak lèt yo

Kounye a nou pral jwe ak lèt nou konnen yo.

Son lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la nan liv la. Lè mwen di yon son, n ap chache lèt ki mache ak son an epi n ap mete dwèt nou anba l. *[Chwazi lèt yo an dezòd, apeprè de fwa pou chak lèt.]*

Non lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la. Lè mwen di non yon lèt, n ap chache lèt la epi n ap mete dwèt nou anba l. *[Chwazi lèt yo an dezòd.]*

b. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj « ch » pou nou li liy palmis la.

c. Marye son yo pou fòme mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/ch/ /an/ = chan**	– **/ch/ /an/ = chan**	– **/ch/ /an/ = chan** – Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **bouch, chèz, chen**.

d. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj « ch » la pou nou li liy anana a.

e. Marye son pou fòme mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/ch/ /a/ /b/ /on/ = chabon**	– **/ch/ /a/ /b/ /on/ = chabon**	– **/ch/ /a/ /b/ /on/ = chabon** – Ann kontinye ak lòt mo **chante, mache, machann, peche**.

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*

Souke tèt nou. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di souke tèt nou. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

1. Leve men nou
2. Fèmen men ou
3. Ouvè men ou
4. Lonje dwèt ou
5. Pran yon objè
6. Brase
7. Pouse

Aktivite 6 Ekri mo ak fraz

a. Ekri mo kout ak son

Nou pral sèvi ak son nou te aprann yo pou n ekri mo kout. M ap di mo kout la epi n ap di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak li a.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– Mo kout la se : **chou**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo. **/ch/ /ou/**	– Mo a se : **chou**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo. **/ch/ /ou/**	– **chou = /ch/ /ou/** – *[Kontinye fè egzèsis la ak lòt mo ki nan leson an]* **chat, chan, chwal**.

b. Ekri mo long ak son

Kounye a nou pral ekri mo long.

Tou pa m

– Mo long lan se **chapo**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/ch/ /a/ /p/ /o/

Ann fè l ansanm

– Mo long lan se **chapo**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/ch/ /a/ /p/ /o/

Se tou pa nou

– **chapo = /ch/ /a/ /p/ /o/**
M ap di kèk mo epi n ap ekri yo nan kaye nou : **cheval, cheni, kochon**.

c. Ekriti

[Mande elèv yo ouvri liv la nan pati « M ap pale de tèt mwen.» Y ap sevi ak premye de paj ki gen liy ladann yo. Yo poko ap sevi ak bwat vid la.]

Kounye a, nou pral konplete fraz ki manke mo. *[Ekri sou tablo a: Mwen renmen_____. Apre sa , ekri mo sirèt nan plas tirè a.* **R - Mwen renmen sirèt.** *Fè elèv yo pratike nan kaye yo. Elèv yo ap ekri yon lòt mo nan plas tirè a. Apre sa, y ap kopiye fraz la 2-3 fwa e mete lòt mo toujou nan plas tirè a.]*

Aktivite revèy

Jwe ak lèt

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Nou pral jwe ak lèt yo. Lè mwen di son lèt la n ap kanpe. Lè mwen di non lèt la n ap chita.

F ; G ; J ; V

Aktivite 7 Vokabilè

Mwen pral li yon istwa pou nou. Men anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : seri

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **seri** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **seri** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **seri se plizyè bagay youn dèyè lòt**.
3. Kisa mo **seri** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tande mo **seri** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **seri**. *[30 segonn]*

b. Dezyèm mo a se : moman

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **moman** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **moman** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **moman vle di yon lè, yon tan**.
3. Kisa mo **moman** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tande mo **moman** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **moman**. *[30 segonn]*

Aktivite 8 Prediksyon daprè desen

Anvan nou li istwa a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa. Yo rele sa prediksyon. Nou ka fè yon prediksyon daprè desen oswa daprè tit.

Jodi a nou pral fè yon prediksyon daprè desen.

[Montre desen an epi di.] Mwen gade desen an epi mwen mande tèt mwen kisa ki pral pase nan istwa a.
1. Gade desen an epi mande tèt nou sou kisa istwa a pral pale. *[30 segonn]*
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. *[30 segonn]*
3. Kiyès ki ka dim ki sa ki pral pase nan istwa a ?

[Ekri 2 ou 3 repons sou tablo a ak non elèv yo bò kote repons yo.]

Aktivite 9 Li istwa

Kounye a nou pral li istwa a ansanm. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a.
[Pandan elèv yo ap li, mèt la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]

Apre midi

Chak apre midi, depi mwen soti lekòl, mwen genyen yon seri bagay pou mwen fè: retire inifòm sou mwen, mete rad mwen nan sèso. Apre sa, mwen pase yon ti manje nan bouch mwen. Kounye a se moman ki pi enpòtan an ! Etidye leson mwen anvan li pi ta.

Aktivite 10 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. *[Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.]*
2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? *[Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.]*

Aktivite 11 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De ki moun istwa a pale ?
2. Ki sa l ap fè ?
3. Ki moman ki pi enpòtan ?

Aktivite pou Ranfòse

Komanse-Fini

[Separa klas la an de gwoup.] Lè m di yon mo, bò goch la ap di m ki son ki kòmanse mo a. Bò dwat la ap di m ki son ki fini mo a.

Aktivite 1 Kontin

Vag lanmè
Vag lanmè
Toujou ap fè ale vini,
Toujou ap fè bri,
Fè bato danse de bò,
Sitou lè van ap soufle fò
Vag lanmè pa janm poze
Menm lè solèy kouche.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son

Jodi a n ap kontinye ak son /ch/. Nou pral sèvi ak son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m

– Son an se **/Ch/**.
– Premye mo a se **chak**. Mo a kòmanse ak **/Ch/** donk mwen leve pous mwen anlè.
– Lòt mo a se **zòrèy**. Mo sa a pa kòmanse ak **/Ch/** donk mwen met pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm

– Son an se **/Ch/**.
– Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/Ch/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
– Mo a se **chape**.
[Pwofesè a ak elèv yo reponn ak pous yo.]
– Ann kontinye ak kèk egzanp : **janm, chare**.

Se tou pa nou

– Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/Ch/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
– Premye mo a se **chire**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
– Men yon lòt mo : **chou**.
– Ann kontinye ak kèk egzanp : **jou, chanje, zaboka, chèche**.

b. Konpare Premye Son nan Mo

Kounye a nou pral konpare son. Mwen pral di yon pè mo. Si tou de mo yo kòmanse ak menm son an, leve pous nou anlè. Si yo diferan, mete pous nou tèt anba.

Tou pa m

– Premye pè mo a se **chosèt-chalè**.
De mo sa yo kòmanse ak menm son an, donk mwen leve pous mwen anlè.
– Lòt pè mo a se **chaje-jaden**.
– De mo sa yo pa kòmanse ak menm son an, donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm

– Pè mo a se **choublak-chabon**.
– *[Reponn ak pous.]*
– Ann kontinye ak kèk egzanp : **fete-cheri, chou-chwal**.

Se tou pa nou

– Premye pè mo a se **vante-chante**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
– Ann kontinye ak kèk lòt egzanp : **jape-chape, chagren-cho**.

Aktivite 3 Aprann son ak non yon konbinezon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non konbinezon lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son konbinezon lèt la

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– *[Montre konbinezon lèt la epi di.]* – Son konbinezon lèt sa a se **/Ch/**.	– Son konbinezon lèt sa a se **/Ch/**.	– Son konbinezon lèt sa a se **/Ch/**.

b. Di non konbinezon lèt la

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– *[Montre konbinezon lèt la epi di.]* – Non konbinezon lèt sa a se **Ch**.	– Non konbinezon lèt sa a se **Ch**.	– Non konbinezon lèt sa a se **Ch**.

Aktivite 4 Lekti mo ak fraz

a. Li mo kout vit e byen

Nou pral aprann li mo kout vit e byen.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– *[Di]* M ap li mo yo : **cho, chat, nich, bouch, chou**.	– **cho, chat, nich, bouch, chou**	– *[Anseyan an ap fè elèv yo li mo kout leson an]* **cho, chat, nich, bouch, chou**. – *[Apre sa di]* Kontinye pratike nan liv nou, nan liy bis la. Li mo yo poukont nou.

b. Li mo long vit e byen

Kounye a nou pral li mo long vit e byen. Ouvè liv la nan paj « Ch » epi li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj « Ch » la pou nou li liy pwason an.

Aktivite revèy

Jwe ak lèt

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Nou pral jwe ak lèt yo. Lè mwen di son lèt la n ap kanpe. Lè mwen di non lèt la n ap chita.

F ; G ; J ; V

Aktivite 5 Vokabilè

a. Revizyon vokabilè

Kounye a nou pral revize vokabilè nou te aprann yè yo.

Yè nou te travay sou mo seri

Kiyès ki ka di m ki sa mo **seri** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

Yè nou te travay sou mo moman

Kiyès ki ka di m ki sa mo **moman** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

b. Ann fè fraz ak mo vokabilè yo

Nou pral sèvi ak mo vokabilè yo pou nou fè fraz.

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **seri**. *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **moman**. *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

Aktivite 6 Li istwa

Kounye a nou pral li istwa a ansanm. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a.
[Pandan elèv yo ap li, mèt la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]

a. Apre midi

Chak apre midi, depi mwen soti lekòl, mwen genyen yon seri bagay pou mwen fè : retire inifòm sou mwen, ranje rad mwen nan sèso. Apre sa, mwen pase yon ti manje nan bouch mwen. Kounye a se moman ki pi enpòtan an ! Etidye leson mwen anvan li pi ta.

b. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive.

– Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Etidye leson mwen anvan li pi ta.**
1. Tout moun mime fraz la.
2. *[Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]*

Aktivite pou Ranfòse

Kontwole son

Nou pral di mo ki gen son nou konnen yo.
Di yon mo ki gen yon sèl son /…./.
Di yon mo ki gen de son /…./.

Aktivite 1 Kontin

Vag lanmè
Vag lanmè
Toujou ap fè ale vini,
Toujou ap fè bri,
Fè bato danse de bò,
Sitou lè van ap soufle fò
Vag lanmè pa janm poze
Menm lè solèy kouche.

Aktivite 2 Ann jwe ak imaj

[Pran liv elèv la pou fè aktivite a.]

Jodi a nou pral fè yon ti jwèt. Nou pral jwe ak ti desen ki nan liv la. Ann gade twa ti desen yo.

Mete **endèks** nou sou desen **zanno a**.
Mete **lorikilè** nou sou desen **zoranj la**.
Mete **pous** nou sou desen **zaboka a**.

1. Kounye a mwen pral touche desen an epi n ap di m ki sa li ye. *[Touche chak ti desen yo pandan w ap mande elèv yo ki sa li ye.]*
2. *[Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre mande yo repete mo yo.]*
3. **Kounye a, ki son nou tande nan kòmansman twa mo nou sot di la yo ?** *[Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son leson an.]* Son an se **/z/**. Jodi a se son **/z/** nou pral aprann.

Aktivite 3 Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son

Kounye a nou pral aprann yon nouvo son. Nou pral sèvi ak nouvo son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m

- Son an se **/z/**.
- Premye mo a se **zwazo**. Mo a kòmanse ak **/z/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **chanm**. Mo sa a pa kòmanse ak **/z/** donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm

- Son an se : **/z/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/z/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **ze**.
  [Mèt la ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **je, cheve, zanno**.

Se tou pa nou

- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/z/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **zouti**.
  [Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **jilèt**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **zen, sen, chen, jen**.

b. Idantifye premye son

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « premye son », n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– Mo a se **zanj**. Premye son an se : **/z/**.	– Mo a se **zòn**. « Premye son » an se : **/z/**. – Ann kontinye ak kèk egzanp : **jako, zèl**.	– Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tande : **zoranj, sonnen, zaboka, zòtèy, chare, zanmi**.

Aktivite 4 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– *[Montre lèt la epi di.]* – Son lèt sa a se **/z/**.	– Son lèt sa a se **/z/**.	– Son lèt sa a se : …**/z/**.

b. Di non lèt la

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– *[Montre lèt la epi di.]* – Non lèt sa a se **z**.	– Non lèt sa a se **z**.	– Non lèt sa a se **z**.

Aktivite 5 Lekti mo ak fraz

a. Ann jwe ak lèt yo

Kounye a nou pral jwe ak lèt nou konnen yo.

Son lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la nan liv la. Lè mwen di yon son, n ap chache lèt ki mache ak son an epi n ap mete dwèt nou anba l. *[Chwazi lèt yo an dezòd, apeprè de fwa pou chak lèt.]*

Non lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la. Lè mwen di non yon lèt, n ap chache lèt la epi n ap mete dwèt nou anba l. *[Chwazi lèt yo an dezòd.]*

b. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj « z » pou nou li liy palmis la.

c. Marye son yo pou fòme mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/z/ /è/ /l/ = zèl**	– **/z/ /è/ /l/ = zèl**	– **/z/ /è/ /l/ = zèl** – Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **zèb, zen, baz, raz, zo**.

d. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj « z » la pou nou li liy anana a.

e. Marye son pou fòme mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/z/ /o/ /r/ /an/ /j/ = zoranj**	– **/z/ /o/ /r/ /an/ /j/ = zoranj**	– **/z/ /o/ /r/ /an/ /j/ = zoranj** – Ann kontinye ak lòt mo **zouti, kraze, koze**.

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*

Souke tèt nou. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di souke tèt nou. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

1. Leve men nou
2. Fèmen men ou
3. Ouvè men ou
4. Lonje dwèt ou
5. Pran yon objè
6. Brase
7. Pouse

Aktivite 6 Ekri lèt

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil **z**. *[Ekri lèt la sou tablo a.]*

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– *[Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]* **Anwo, trase yon liy kouche tou kout. Epi trase yon liy panche adwat. Ansuit trase yon liy kouche.**	– *[Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]* **Anwo, trase yon liy kouche tou kout. Epi trase yon liy panche adwat. Ansuit trase yon liy kouche.**	– *[Elèv yo fè menm jès la ak dwèt yo.]* **Anwo, trase yon liy kouche tou kout. Epi trase yon liy panche adwat. Ansuit trase yon liy kouche.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. Anwo, trase yon liy kouche tou kout. Epi trase yon liy panche adwat. Ansuit trase yon liy kouche.

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Mete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt z (miniskil).

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. *[Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]*
[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.
[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

Aktivite 7 Ekri mo ak fraz

a. Ekri mo kout ak son

Nou pral sèvi ak son nou te aprann yo pou n ekri mo kout. M ap di mo kout la epi n ap di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak li a.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– Mo kout la se : **ze**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo. **/z/ /e/**	– Mo a se : **ze**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo. **/z/ /e/**	– *[Kontinye fè egzèsis la ak lòt mo ki nan leson an]* **zen, zèl, zo, zong, zanj**.

b. Ekri mo long ak son

Kounye a nou pral ekri mo long.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– Mo long lan se **zanmi**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo. **/z/ /an/ /m/ /i/**	– Mo long lan se **zanmi**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo. **/z/ /an/ /m/ /i/**	– **/z/ /an/ /m/ /i/** M ap di kèk mo epi n ap ekri yo nan kaye nou : **zwazo, zòtèy, zaboka**.

Aktivite revèy

Jwe ak lèt

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Nou pral jwe ak lèt yo. Lè mwen di son lèt la n ap kanpe. Lè mwen di non lèt la n ap chita.

F ; G ; J ; V

Aktivite 8 Vokabilè

Nou pral li yon istwa ansanm. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : machann

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **machann** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **machann** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **machann se yon moun ki fè komès**.
3. Kisa mo **machann** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tande mo **machann** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **machann**. *[30 segonn]*

b. Dezyèm mo a se : klòch

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **klòch** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **klòch** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **klòch se yon zouti ki fèt an metal. Yo itilize l pou sonnen**.
3. Kisa mo **klòch** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tande mo **klòch** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **klòch** *[30 segonn]*

Aktivite 9 Prediksyon dapre tit

Anvan nou li istwa a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa. Yo rele sa prediksyon. Nou ka fè yon prediksyon daprè desen oswa daprè tit.

Jodi a nou pral fè yon prediksyon daprè tit. *[Ekri tit istwa a sou tablo a epi di.]*

Tit istwa jodi a se : « **Sizè** »
Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a daprè nou ?
[Ekri 2 ou 3 repons sou tablo a ak non elèv yo bò kote repons yo.]

Aktivite 10 Li istwa

Kounye a nou pral li istwa a ansanm. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a.
[Pandan elèv yo ap li, mèt la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]

Sizè

Chak maten, a sizè, gen yon machann ki leve tout moun nan katye a. « Men mayi moulen, diri blan, zoranj, zaboka, men bèl pwa wouj, pwa nwa. » Depi li fin pase, klòch legliz la sonnen: beng! beng! beng! Manman m leve m pou mwen prepare m pou m ale lekòl.

Aktivite 11 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. *[Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.]*
2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? *[Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.]*

Aktivite 12 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De ki moun istwa a pale ?
2. Ki sa l ap fè ?
3. Chak kilè machann nan pase ?

Aktivite pou Ranfòse

Kanpe pou son an
Nou pral fè yon bèl ti egzèsis. Lè mwen di yon mo ki gen son /…/, n ap kanpe, si li pa gen son an chita.

Aktivite 1 Kontin

Vag lanmè
Vag lanmè
Toujou ap fè ale vini,
Toujou ap fè bri,
Fè bato danse de bò,
Sitou lè van ap soufle fò
Vag lanmè pa janm poze
Menm lè solèy kouche.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son

Jodi a n ap kontinye ak son /z/. Nou pral sèvi ak son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m

- Son an se **/Z/**.
- Premye mo a se **zanmi**. Mo a kòmanse ak **/Z/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **janbe**. Mo sa a pa kòmanse ak **/Z/** donk mwen met pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm

- Son an se **/Z/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/Z/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **zèb**.
  [Pwofesè a ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **goute, chak**.

Se tou pa nou

- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/Z/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **zoranj**.
  [Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **vire**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **zo, bon, zanj, zòtèy**.

b. Konpare Premye Son nan Mo

Kounye a nou pral konpare son. Mwen pral di yon pè mo. Si tou de mo yo kòmanse ak menm son an, leve pous nou anlè. Si yo diferan, mete pous nou tèt anba.

Tou pa m

- Premye pè mo a se **zile-zèl**. De mo sa yo kòmanse ak menm son an, donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt pè mo a se **zwazo-jape**.
- De mo sa yo pa kòmanse ak menm son an, donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm

- Pè mo a se **zandolit-zaboka**.
- *[Reponn ak pous.]*
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **fè-ze, zouti-zen**.

Se tou pa nou

- Premye pè mo a se **zo-vo**.
  [Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk lòt egzanp : **van-zanj, chofe-zorye, zanmi-fanmi**.

Aktivite 3 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– *[Montre lèt la epi di.]* – Son lèt sa a se **/Z/**.	– Son lèt sa a se **/Z/**.	– Son lèt sa a se **/Z/**.

b. Di non lèt la

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– *[Montre lèt la epi di.]* – Non lèt sa a se **Z**.	– Non lèt sa a se **Z**.	– Non lèt sa a se **Z**.

Aktivite 4 Lekti mo ak fraz

a. Li mo kout vit e byen

Nou pral aprann li mo kout vit e byen.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– *[Di]* M ap li mo yo : **zo, ze, baz, zèb, zèl**.	– **zo, ze, baz, zèb, zèl**	– *[Anseyan an ap fè elèv yo li mo kout leson an]* **zo, ze, baz, zèb, zèl**. – *[Apre sa di]* Kontinye pratike nan liv nou, nan liy bis la. Li mo yo poukont nou.

b. Li mo long vit e byen

Kounye a nou pral li mo long vit e byen. Ouvè liv la nan paj « z » epi li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj « z » la pou nou li liy pwason an.

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*

Souke tèt nou. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di souke tèt nou. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

1. Leve men nou
2. Fèmen men ou
3. Ouvè men ou
4. Lonje dwèt ou
5. Pran yon objè
6. Brase
7. Pouse

Aktivite 5 Ekri lèt miniskil

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil **z**.

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m

– *[Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]*
– **Anwo, trase yon liy kouche tou kout. Epi trase yon liy panche adwat. Ansuit trase yon liy kouche.**

Ann fè l ansanm

– *[Mande yo leve dwèt yo pou yo menm jès ak ou.]*
– **Anwo, trase yon liy kouche tou kout. Epi trase yon liy panche adwat. Ansuit trase yon liy kouche.**

Se tou pa nou

– *[Elèv yo fè jès ak dwèt yo.]*
– **Anwo, trase yon liy kouche tou kout. Epi trase yon liy panche adwat. Ansuit trase yon liy kouche.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. Anwo, trase yon liy kouche tou kout. Epi trase yon liy panche adwat. Ansuit trase yon liy kouche.

Aktivite 6 Ekri lèt majiskil

Kounye a nou pral ekri lèt majiskil « **Z** ».

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m

– *[Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]*
– **Anwo, trase yon liy kouche. Epi trase yon liy panche adwat. Ansuit, trase yon liy kouche.**

Ann fè l ansanm

– *[Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]*
– **Anwo, trase yon liy kouche. Epi trase yon liy panche adwat. Ansuit, trase yon liy kouche.**

Se tou pa nou

– **Anwo, trase yon liy kouche. Epi trase yon liy panche adwat. Ansuit, trase yon liy kouche.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. Anwo, trase yon liy kouche. Epi trase yon liy panche adwat. Ansuit, trase yon liy kouche.

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Mete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt majiskil Z.

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. *[Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]*
[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.
[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

d. Ekriti

[Mande elèv yo ouvri liv la nan pati « M ap pale de tèt mwen.» Y ap sevi ak paj ki gen aktivite sa a.]

Kounye a, N ap kontinye konplete fraz ki manke mo. *[Ekri sou tablo a: Mwen renmen _____ _____. Apre sa a, ekri mo* **soulye** *ak mo* **nwa** *nan plas tirè a.* **R- Mwen renmen soulye nwa.** *Fè elèv yo pratike nan kaye yo. Y ap sevi ak modèl la pou ekri 2-3 fraz.]*

Aktivite revèy

Jwe ak lèt
Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Nou pral jwe ak lèt yo. Lè mwen di son lèt la n ap kanpe. Lè mwen di non lèt la n ap chita.
F ; G ; J ; V

Aktivite 7 Vokabilè

a. Revizyon vokabilè

Kounye a nou pral revize vokabilè nou te aprann yè yo.

Yè nou te travay sou mo machann

Kiyès ki ka di m ki sa mo **machann** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

Yè nou te travay sou mo klòch

Kiyès ki ka di m ki sa mo **klòch** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

b. Ann fè fraz ak mo vokabilè yo

Nou pral sèvi ak mo vokabilè yo pou nou fè fraz.

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **machann**. *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **klòch**. *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

Aktivite 8 Li istwa

Yè nou te li istwa a ansanm. Jodi a nou pral li istwa a de pa de. Apre sa mwen pral mande kèk elèv li pou-kont yo. Sonje pou n mete dwèt nou anba chak mo pandan n ap li yo.

a. Lekti de pa de

[Mete elèv yo de pa de. Asire w yo swiv sa y ap li ak dwèt yo. Pase gade kòman y ap li. Ede kèk elèv dekode mo si yo gen difikilte.]

b. Lekti endividyèl

[Mande 6 elèv li yon pati nan istwa a (chwazi 3 ti gason epi 3 ti fi). Ede yo si yo gen difikilte.]

c. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive.

– Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Manman m leve m pou mwen prepare m pou m ale lekòl.**
1. Tout moun mime fraz la.
2. *[Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]*

Aktivite pou Ranfòse
Jwe ak mo *[Ekri tout son nou wè deja yo sou tablo a. Fòme yon gwoup 6 elèv. Mande premye elèv la pou l di yon non moun ak yon non machandiz ki kòmanse ak premye son an. Mande lòt elèv yo kontinye fè menm egzèsis la san yo pa repete yon non ki di deja. Lè yon moun pèdi li pral chita epi lòt yo ap kontinye ak pwochen son an. Moun ki rete an dènye a ap genyen.]*

Liv lekti elèv la, paj 100-101.

Aktivite 1 Kontin

Vag lanmè
Vag lanmè
Toujou ap fè ale vini,
Toujou ap fè bri,
Fè bato danse de bò,
Sitou lè van ap soufle fò
Vag lanmè pa janm poze
Menm lè solèy kouche.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik : Marye son pou di mo

Jodi a nou pral devine mo. Mwen pral di tout son ki nan yon mo. Nou pral kole son yo epi lè mwen di : « Ki mo li ye ? » n ap di mo a.

Tou pa m

- Son nan premye mo a se **/ch/ /ou/**. M ap kole tout son yo epi m ap di mo a: **chou**.
- Son nan yon lòt mo se : **/z/ /e/**.
- Ki mo li ye ? **ze**

Ann fè l ansanm

- Son nan mo a se : **/ch/ /a/ /t/**. N ap kole tout son yo epi n ap di mo a: **chat**.
- Son nan yon lòt mo se : **/z/ /an/ /m/ /i/**.
- Ki mo li ye ? **zanmi**
- Yon lòt ankò : **/ch/ /en/ /n/**.
- Ki mo li ye ? **chenn**

Se tou pa nou

- Mwen pral di tout son ki nan yon mo epi n ap di mo a ankè.
- Son nan mo a se : **/b/ /a/ /z/**.
- Ki mo li ye? *[Elèv yo di :* **baz***.]*
- Yon lòt ankò : **/m/ /ou/ /ch/**.
- Ki mo li ye ? *[Elèv yo di :* **mouch***.]*

Aktivite 3 Konsyans Fonemik : Separe mo, kase mo son pa son

Kounye a nou pral separe mo yo an son. Mwen pral di yon mo epi nou pral di tout son ki nan mo a.

Tou pa m

- Mo a se **bouch**.
- M ap di tout son yo : **/b/ /ou/ /ch/**.

Ann fè l ansanm

- Mo a se **zoranj**.
- Ann di tout son yo **/z/ /o/ /r/ /an/ /j/**.
- Yon lòt mo **kochon**.
- Ann di son yo **/k/ /o/ /ch/ /on/**.

Se tou pa nou

- Kounye a mwen pral di kèk mo epi n ap di son yo youn apre lòt : **dimanch, zaboka, mache**.

Aktivite 4 Di non lèt ki nan yon mo

[Ekri 2 ou 3 mo ki nan leson sa a sou tablo a. Touche epi di non premye lèt la. Apre sa touche epi mande elèv yo di non rès lèt yo.]

Aktivite 5 Jwenn son nan mo

Ouvri liv nou nan paj revizyon an. Kounye a, mwen pral di yon son. N ap chèche yon mo ki gen son an ladan l. N ap mete dwèt nou anba mo a. Son an se _____.

[Chwazi son yo an dezòd. Apre ou fin di yon premye son, mande kèk elèv ki mo yo jwenn ki gen son an. Chak elèv dwe bay yon nouvo mo. Kontinye ak lòt son nou wè deja.]

Aktivite 6 Lekti mo (nan liv la)

a. Lekti an gwoup

Kounye a nou pral li nan liv la. ***Fè elèv yo ouvè liv la nan paj revizyon « Ch ak Z » la. Mete yo an gwoup san yo pa deplase pou yo li liy ki gen mo ak fraz yo. Fè yo li fò. [Pa egzanp, chak ranje, ti fi/ti gason, moun a dwat/moun a goch.]***

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.
M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*
Souke tèt nou. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di souke tèt nou. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

1. Leve men nou
2. Fèmen men ou
3. Ouvè men ou
4. Lonje dwèt ou
5. Pran yon objè
6. Brase
7. Pouse

b. Li istwa

Anseyan an ap mande elèv yo li istwa « Krik krak » pou kont yo.

Evalyasyon

NOTE:

- *Nan moman sa a nou kapab mande elèv yo kontinye li menm istwa a. Nou kapab pwofite moman sa a pou nou fè evalyasyon endividyèl pou elèv yo. Nou ka mande elèv yo li apeprè senk mo pou kont yo. Pa swiv prezantasyon mo yo nan liv la. Chwazi mo yo nan toulede leson yo, nan diferan liy pou chak timoun. Ede elèv la korije erè li yo. Apre li fini, note nan kaye ou konbyen mo elèv la li byen. Pa egzanp : 4/5. Si tout elèv pa gen tan li pou ou, asire ou sa ki pa li pou ou jodi a ap li pou ou semenn pwochenn (nan jou revizyon an).*
- *Si elèv yo pa li byen, mande yo li son lèt yo ba ou. Fè yon revizyon son elèv la pa konnen. Si gen anpil elèv ki pa konnen yon son, fè leson an ankò pou klas la. Si yo konnen son yo, men yo pa ka li, chèche konnen ki bò yo kole.*

Aktivite 1 Kontin

Fè mache
Tout timoun avanse, avanse
Nou pral nan mache
N ap machande, n ap achte
Makout chaje n ap tounen lakay
Wololoy, fè mache se bèl bagay.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik

a. Marye son pou di mo

Jodi a nou pral devine mo. Mwen pral di tout son ki nan yon mo. Nou pral kole son yo epi lè mwen di : « Ki mo li ye ? » n ap di mo a.

Tou pa m

– Son nan premye mo a se **/f/ /w/ /i/**. M ap kole tout son yo epi m ap di mo a: **fwi**.
– Son nan yon lòt mo se : **/j/ /w/ /en/ /n/**.
– Ki mo li ye ? **jwenn**

Ann fè l ansanm

– Son nan mo a se : **/n/ /an/ /p/ /w/ /en/**. N ap kole tout son yo epi n ap di mo a: **nanpwen**.
– Son nan yon lòt mo se : **/n/ /w/ /a/ /y/ /e/**.
– Ki mo li ye ? **nwaye**
– Yon lòt ankò : **/a/ /p/ /i/**.
– Ki mo li ye ? **api**

Se tou pa nou

– Mwen pral di tout son ki nan yon mo epi n ap di mo a ankè.
– Son nan mo a se : **/g/ /w/ /o/**.
– Ki mo li ye? *[Elèv yo di :* **gwo***.]*
– Yon lòt ankò : **/v/ /w/ /a/ /l/**.
– Ki mo li ye ? *[Elèv yo di :* **vwal***.]*

b. Separe mo, kase mo son pa son

Kounye a nou pral separe mo yo an son. Mwen pral di yon mo epi nou pral di tout son ki nan mo a.

Tou pa m

– Mo a se **twòp**.
– M ap di tout son yo : **/t/ /w/ /ò/ /p/**.

Ann fè l ansanm

– Mo a se **vwayaje**.
– Ann di tout son yo **/v/ /w/ /a/ /y/ /a/ /j/ /e/**.
– Yon lòt mo **siwèl**.
– Ann di son yo **/s/ /i/ /w/ /è/ /l/**.

Se tou pa nou

– Kounye a mwen pral di kèk mo epi n ap di son yo youn apre lòt : **zwazo, swat, wikenn, kawoutchou**.

Aktivite 3 Lekti mo ak fraz

a. Ann jwe ak lèt yo

Kounye a nou pral jwe ak lèt nou konnen yo.

Son lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la nan liv la. Lè mwen di yon son, n ap chache lèt ki mache ak son an epi n ap mete dwèt nou anba l. *[Chwazi lèt yo an dezòd, apeprè de fwa pou chak lèt.]*

Non lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la. Lè mwen di non yon lèt, n ap chache lèt la epi n ap mete dwèt nou anba l. *[Chwazi lèt yo an dezòd.]*

b. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj « wa, wi, we, wo, wen » pou nou li liy palmis la.

c. Marye son yo pou fòme mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/m/ /w/ /a/ = mwa**	– **/m/ /w/ /a/ = mwa**	– **/m/ /w/ /a/ = mwa** – Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **fwi, gwo, twòp, jwenn, vwal**.

d. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj « wa, wi, we, wo, wen » an pou nou li liy anana a.

e. Marye son pou fòme mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/z/ /w/ /a/ /z/ /o/ = zwazo**	– **/z/ /w/ /a/ /z/ /o/ = zwazo**	– **/z/ /w/ /a/ /z/ /o/ = zwazo** – Ann kontinye ak lòt mo **pyebwa, fwomaj, nanpwen, vwayaje, wikenn, nwaye, siwèl**.

Aktivite revèy

Jwe ak lèt

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Nou pral jwe ak lèt yo. Lè mwen di son lèt la n ap kanpe. Lè mwen di non lèt la n ap chita.

Z, Ch ; B ; D

Aktivite 4 Ekri mo ak fraz

a. Ekri mo ak son

Nou pral sèvi ak son nou te aprann yo pou n ekri mo kout. M ap di mo kout la epi n ap di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak li a.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– Mo kout la se : **mwa**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo. **/m/ /w/ /a/**	– Mo a se : **mwa**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo. **/m/ /w/ /a/**	– *[Kontinye fè egzèsis la ak lòt mo ki nan leson an]* **gwo, nanpwen, wikenn, jwenn, twòp**.

Aktivite revèy

Chwazi yon zanmi

[Ekri tout lèt peryòd la sou tablo a.]

Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la. Apre sa m ap chwazi yon zanmi nan klas. Zanmi mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la. Apre sa l ap chwazi yon lòt zanmi k ap kontinye ak menm egzèsis la. *[Pa kite timoun yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.]*

Aktivite 5 Li istwa

a. Prediksyon.

[Mande elèv yo fè yon prediksyon dapre tit istwa. Mande elèv yo fè yon prediksyon dapre desen an].

b. Kounye a nou pral li istwa a ansanm. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a. *[Pandan elèv yo ap li, mèt la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]*

Samdi ak dimanch

Semenn nan gen sèt jou. Jou m pi renmen se samdi ak dimanch. Jou sa yo, mwen jwe anpil. Mwen konn pati al nan rak ak zanmi mwen. Nou wè zwazo, nou monte pyebwa pou n al gade sa ki nan nich yo. Nou konn chèche fwi tankou zanmann, mango, siwèl. Nanpwen bon bagay tankou libète nou jwenn chak wikenn.

Aktivite 6 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. *[Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.]*
2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? *[Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.]*

Aktivite 7 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. Pou kisa timoun nan renmen samdi ak dimanch ?
2. Ki sa li fè ?

Aktivite pou Ranfòse

Rive jwenn zetwal yo

Segmantasyon son

Materyèl : Foto oswa desen oswa objè ki gen twa ou kat son.

Kouman pou fè sa :

1. *Mande elèv yo chita an won.*
2. *Montre yo youn nan imaj yo.*
3. *Mande yon volontè pou li idantifye sa ki sou imaj la epi pou l kase mo a son pa son. Pa egzanp, si mo a se « tèt », timoun nan dwe di « /t/ /è/ /t/. »*
   Nòt : Si elèv yo pa konn non objè a, di yo non li. [Se pa yon tès vokabilè.]
4. *Mande yon dezyèm volontè di konbyen son ki nan mo a.*
5. *Mande yon twazyèm volontè pou l pran yon zetwal nan syèl la pou chak son ki nan mo a [Pou l fè sa, timoun nan ap vole pou l fè kòm si l ap atrap yon zetwal pou chak son ki nan mo a].*
6. *Kontinye egzèsis la ak lòt imaj pou plis elèv ka gen chans pou vole jwenn zetwal yo.*

Aktivite 1 Kontin

Fè mache
Tout timoun avanse, avanse
Nou pral nan mache
N ap machande, n ap achte
Makout chaje n ap tounen lakay
Wololoy, fè mache se bèl bagay.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik

a. Idantifye premye son

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « premye son », n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– Mo a se **jako**. Premye son an se : **/j/**.	– Mo a se **dan**. « Premye son » an se : **/d/**. – Ann kontinye ak kèk egzanp : **tou, zòn**.	– Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tande : **zèl, dou, chare, sonnen, zanj, zaboka, tan, zoranj, zòtèy**.

Aktivite 3 Lekti mo ak fraz

a. Li mo kout vit e byen

Nou pral aprann li mo kout vit e byen.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– *[Di]* M ap li mo yo : **mwa, fwi, gwo, twòp, jwenn**.	– **mwa, fwi, gwo, twòp, jwenn**	– *[Anseyan an ap fè elèv yo li mo kout leson an]* **mwa, fwi, gwo, twòp, jwenn**. – *[Apre sa di]* Kontinye pratike nan liv nou, nan liy bis la. Li mo yo poukont nou.

b. Li mo long vit e byen

Kounye a nou pral li mo long vit e byen. Ouvè liv la nan paj « wa, wi, we, wo, wen » epi li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj « wa, wi, we, wo, wen » an pou nou li liy pwason an.

Aktivite revèy

Jwe ak lèt

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Nou pral jwe ak lèt yo. Lè mwen di son lèt la n ap kanpe. Lè mwen di non lèt la n ap chita.

Z, Ch ; B ; D

Aktivite 4 Ekriti

[Mande elèv yo ouvri liv la nan pati « M ap pale de tèt mwen.» Y ap sèvi ak paj ki gen aktivite sa a.]

Kounye a, nou pral konplete fraz ki manke mo. *[Ekri sou tablo a: Mwen genyen _____ sè. Mwen genyen _____ frè. Apre sa, ekri* **de** *ak* **twa** *nan plas tirè yo.* **R- Mwen genyen de sè. Mwen genyen twa frè.**
Fè elèv yo pratike nan kaye yo. Y ap sevi ak modèl la pou ekri 2-3 fraz.]

Aktivite revèy

Chwazi yon zanmi

[Ekri tout lèt peryòd la sou tablo a.]

Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la. Apre sa m ap chwazi yon zanmi nan klas. Zanmi mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la. Apre sa l ap chwazi yon lòt zanmi k ap kontinye ak menm egzèsis la. *[Pa kite timoun yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.]*

Aktivite 5 Li istwa

Yè nou te li istwa a ansanm. Jodi a nou pral li istwa a de pa de. Apre sa mwen pral mande kèk elèv li pou-kont yo. Sonje pou n mete dwèt nou anba chak mo pandan n ap li yo.

a. Lekti de pa de

[Mete elèv yo de pa de. Asire w yo swiv sa y ap li ak dwèt yo. Pase gade kòman y ap li. Ede kèk elèv dekode mo si yo gen difikilte.]

b. Lekti endividyèl

[Mande 6 elèv li yon pati nan istwa a (chwazi 3 ti gason epi 3 ti fi). Ede yo si yo gen difikilte.]

c. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive.

– Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Jou sa yo, mwen jwe anpil.**
1. Tout moun mime fraz la.
2. *[Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]*

Aktivite pou Ranfòse

Vokabilè : Di non epi dekri

Ou ka bati vokabilè elèv yo ak kapasite deskripsyon yo nan leson ki santre sou di non ak dekri.
Kouman pou fè sa :

1. *Kòmanse pa chwazi yon tèm oswa yon sijè pou nou travay. Brase lide oswa di non objè ki gen rapò ak tèm lan. Pa egzanp, si tèm nan se manje, elèv yo ka di non mango, sereyal, ak pwason.*
2. *Epi ede elèv yo di non objè sa yo pa kategori. Ki sa ki fwi, legim, vyann, elatriye ?*
3. *Finalman, mande elèv yo di non objè sa yo selon kalite yo. Nan ka sa a, ki sa ki dous, ki sa ki sale, ki sa ki si ?*

Aktivite 1 Kontin

Fè mache
Tout timoun avanse, avanse
Nou pral nan mache
N ap machande, n ap achte
Makout chaje n ap tounen lakay
Wololoy, fè mache se bèl bagay.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik

a. Marye son pou di mo

Jodi a nou pral devine mo. Mwen pral di tout son ki nan yon mo. Nou pral kole son yo epi lè mwen di : « Ki mo li ye ? » n ap di mo a.

Tou pa m

– Son nan premye mo a se **/j/ /an/ /v/ /y/ /e/**. M ap kole tout son yo epi m ap di mo a: **janvye**.
– Son nan yon lòt mo se : **/n/ /a/ /s/ /y/ /on/**.
– Ki mo li ye ? **nasyon**

Ann fè l ansanm

– Son nan mo a se : **/v/ /y/ /o/ /l/ /on/**. N ap kole tout son yo epi n ap di mo a: **vyolon**.
– Son nan yon lòt mo se : **/l/ /y/ /an/ /n/**.
– Ki mo li ye ? **lyann**
– Yon lòt ankò : **/a/ /p/ /i/**.
– Ki mo li ye ? **api**

Se tou pa nou

– Mwen pral di tout son ki nan yon mo epi n ap di mo a ankè.
– Son nan mo a se : **/a/ /v/ /y/ /on/**.
– Ki mo li ye? *[Elèv yo di :* **avyon***.]*
– Yon lòt ankò : **/p/ /r/ /e/ /m/ /y/ /e/**.
– Ki mo li ye ? *[Elèv yo di :* **premye***.]*

b. Separe mo, kase mo son pa son

Kounye a nou pral separe mo yo an son. Mwen pral di yon mo epi nou pral di tout son ki nan mo a.

Tou pa m

– Mo a se **pyano**.
– M ap di tout son yo : **/p/ /y/ /a/ /n/ /o/**.

Ann fè l ansanm

– Mo a se **vyann**.
– Ann di tout son yo **/v/ /y/ /an/ /n/**.
– Yon lòt mo **peryòd**.
– Ann di son yo **/p/ /e/ /r/ /y/ /ò/ /d/**.

Se tou pa nou

– Kounye a mwen pral di kèk mo epi n ap di son yo youn apre lòt : **byen, lyon, fevriye, djanm, latriye**.

Aktivite 3 Lekti mo ak fraz

a. Ann jwe ak lèt yo

Kounye a nou pral jwe ak lèt nou konnen yo.

Son lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la nan liv la. Lè mwen di yon son, n ap chache lèt ki mache ak son an epi n ap mete dwèt nou anba l. *[Chwazi lèt yo an dezòd, apeprè de fwa pou chak lèt.]*

Non lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la. Lè mwen di non yon lèt, n ap chache lèt la epi n ap mete dwèt nou anba l. *[Chwazi lèt yo an dezòd.]*

b. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj « ye, yan, yon, yi » pou nou li liy palmis la.

c. Marye son yo pou fòme mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/p/ /y/ /e/ = pye**	– **/p/ /y/ /e/ = pye**	– **/p/ /y/ /e/ = pye** – Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **vye byen lyon pyon dyanml**.

d. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj « ye, yan, yon, yi » a pou nou li liy anana a.

e. Marye son pou fòme mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/j/ /an/ /v/ /y/ /e/ = janvye**	– **/j/ /an/ /v/ /y/ /e/ = janvye**	– **/j/ /an/ /v/ /y/ /e/ = janvye** – Ann kontinye ak lòt mo **fevriye, premye, peryòd, latriye, avyon, pyano, nasyon**.

Aktivite revèy

Jwe ak lèt

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Nou pral jwe ak lèt yo. Lè mwen di son lèt la n ap kanpe. Lè mwen di non lèt la n ap chita.

Z, Ch ; B ; D

Aktivite 4 Ekri mo ak fraz

a. Ekri mo ak son

Nou pral sèvi ak son nou te aprann yo pou n ekri mo kout. M ap di mo kout la epi n ap di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak li a.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– Mo kout la se : **ayiti**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo. **/a/ /y/ /i/ /t/ /i/**	– Mo a se : **ayiti**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo. **/a/ /y/ /i/ /t/ /i/**	– *[Kontinye fè egzèsis la ak lòt mo ki nan leson an]* **pye, dyanm, byen, nasyon, janvye**.

Aktivite revèy

Chwazi yon zanmi

[Ekri tout lèt peryòd la sou tablo a.]

Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la. Apre sa m ap chwazi yon zanmi nan klas. Zanmi mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la. Apre sa l ap chwazi yon lòt zanmi k ap kontinye ak menm egzèsis la. *[Pa kite timoun yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.]*

Aktivite 5 Li istwa

a. Prediksyon.

[Mande elèv yo fè yon prediksyon dapre tit istwa. Mande elèv yo fè yon prediksyon dapre desen an].

b. Kounye a nou pral li istwa a ansanm. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a. *[Pandan elèv yo ap li, mèt la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]*

Fèt pandan ane a

Pandan ane a, nou fete yon kantite fèt pou chak peryòd. Nou kòmanse ak joudlan premye janvye. Se jou endepandans nou tou. Apre sa, nan mwa fevriye ou mas nou gen kanaval ak rara. Fèt drapo ap rive an me. Epi gen yon latriye fèt patwonal pandan vakans yo. Fèt Nwèl ap vin fèmen ane a nan mwa desanm.

Aktivite 6 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. *[Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.]*
2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? *[Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.]*

Aktivite 7 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. Ki fèt ou renmen fete? Pou ki sa?

Aktivite 8 Pwen

Kounye a timoun ann gade finisman chak fraz. Di m sa n wè.

[Apre repons yo, di yo wè yon pwen.] Chak fwa nou fin ekri yon fraz nou dwe mete ti pwen sa ki montre fraz la fini.

Aktivite 9 Pwen kesyon

[Pwofesè a ap fè elèv yo li fraz kesyon an. Apre sa l ap mande ki sa ki nan finisman fraz la.]

Apre repons yo l ap di se yon pwen yo mete nan finisman fraz kesyon. Chak fwa gen yon kesyon se pwen sa a yo mete. Pd rev En, R, revision after lesson 30, viz lesson 8.

Aktivite pou Ranfòse
Fè fraz la *Pou ki sa : Konesans lèt enprime, direksyon, prensip alfabetik.* *Materyèl : papye pou ekri mo poukont yo sou li.* *Kouman pou fè sa :* **1.** *Ekri yon ti fraz kout ak mo yo abitye tankou « Jodi a se Lendi ». Oswa sèvi ak kontin yo fèk aprann.* **2.** *Ekri chak mo sou yon papye poukont yo. Mete vigil oswa lòt ponktiyasyon yo sou papye poukont yo tou.* **3.** *Bay elèv yo mo yo epi di yo mo a.* *Egzanp : « Jòj ou se mo* **Jodi a***. Anita ou se mo* **Se***. Stefani ou se mo* **Lendi***. Jozèf ou se* **pwen an***. »* **4.** *Mande elèv yo travay ansanm pou yo ranje tèt yo an fraz.* **5.** *Fè lòt elèv yo li fraz la pou verifye direksyon ak lòd li.*

Aktivite 1 Kontin

Fè mache
Tout timoun avanse, avanse
Nou pral nan mache
N ap machande, n ap achte
Makout chaje n ap tounen lakay
Wololoy, fè mache se bèl bagay.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik

a. Idantifye premye son

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « premye son », n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– Mo a se **zanj**. Premye son an se : **/z/**.	– Mo a se **bebe**. « Premye son » an se : **/b/**. – Ann kontinye ak kèk egzanp : **jen, desann**.	– Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tande : **travèse, bra, zòn, dra, chare, dwèt, zaboka, chanm**.

Aktivite 3 Lekti mo ak fraz

a. Li mo kout vit e byen

Nou pral aprann li mo kout vit e byen.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– *[Di]* M ap li mo yo : **pye, vye, byen, lyon, pyon**.	– **pye, vye, byen, lyon, pyon**	– *[Anseyan an ap fè elèv yo li mo kout leson an]* **pye, vye, byen, lyon, pyon**. – *[Apre sa di]* Kontinye pratike nan liv nou, nan liy bis la. Li mo yo poukont nou.

b. Li mo long vit e byen

Kounye a nou pral li mo long vit e byen. Ouvè liv la nan paj « ye, yan, yon, yi » epi li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj « ye, yan, yon, yi » a pou nou li liy pwason an.

Aktivite revèy

Jwe ak lèt

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Nou pral jwe ak lèt yo. Lè mwen di son lèt la n ap kanpe. Lè mwen di non lèt la n ap chita.

Z, Ch ; B ; D

Aktivite 4 Ekriti

[Mande elèv yo ouvri liv la nan pati « M ap pale de tèt mwen.» Y ap sèvi ak paj ki gen aktivite sa a.]

N ap kontinye konplete fraz ki manke mo. Nou pral itilize yon vèb pou konplete fraz la. Ou pral di ki sa ou renmen fè ak lòt timoun nan fanmi ou. *[Ekri sou tablo a: Nou renmen_____. Apre sa , ekri* **jwe** *sou tire a.* **R - Nou renmen jwe.** *Fè elèv yo pratike nan kaye yo. Y ap sevi ak modèl la pou ekri 2-3 fraz.]*

Aktivite revèy

Chwazi yon zanmi

[Ekri tout lèt peryòd la sou tablo a.]

Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la. Apre sa m ap chwazi yon zanmi nan klas. Zanmi mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la. Apre sa l ap chwazi yon lòt zanmi k ap kontinye ak menm egzèsis la. *[Pa kite timoun yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.]*

Aktivite 5 Li istwa

Yè nou te li istwa a ansanm. Jodi a nou pral li istwa a de pa de. Apre sa mwen pral mande kèk elèv li pou-kont yo. Sonje pou n mete dwèt nou anba chak mo pandan n ap li yo.

a. Lekti de pa de

[Mete elèv yo de pa de. Asire w yo swiv sa y ap li ak dwèt yo. Pase gade kòman y ap li. Ede kèk elèv dekode mo si yo gen difikilte.]

b. Lekti endividyèl

[Mande 6 elèv li yon pati nan istwa a (chwazi 3 ti gason epi 3 ti fi). Ede yo si yo gen difikilte.]

c. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive.

– Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Apre sa, nan mwa fevriye ou mas nou gen kanaval ak rara.**

1. Tout moun mime fraz la.
2. *[Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]*

d. Pwen

Kounye a timoun ann gade finisman chak fraz. Di m sa n wè.

[Apre repons yo, di yo wè yon pwen.] Chak fwa nou fin ekri yon fraz nou dwe mete ti pwen sa ki montre fraz la fini.

e. Pwen kesyon

[Pwofesè a ap fè elèv yo li fraz kesyon an. Apre sa l ap mande ki sa ki nan finisman fraz la.]

Apre repons yo l ap di se yon pwen yo mete nan finisman fraz kesyon. Chak fwa gen yon kesyon se pwen sa a yo mete. Pd rev En, R, revision after lesson 30, viz lesson 8.

Aktivite pou Ranfòse
Koupe fraz *Pou ki sa : Konesans lèt enprime, prensip alfabetik.* *Materyèl : Yon fraz nou abitye ki ekri sou yon fèy papye ki long.* *Kouman pou fè sa :* 1. *Li yon fraz yo abitye pou elèv yo fò.* *Egzanp : « Non mwen se Jozèf. »* 2. *Li fraz la ansanm. Lonje dwèt ou sou mo yo pandan w ap li.* 3. *Apre koupe fraz la mo pa mo.* 4. *Mande elèv yo pou yo fòme fraz la ankò.* 5. *Sipòte elèv yo ak kòmantè tankou :* *Ki son ou tande nan kòmansman mo Jozèf la? [Tann yon repons.]* *Ki lèt ki fè son sa ? [Tann yon repons.]* *Kote mo ki kòmanse ak lèt sa ? [Tann yon repons.]* *Ki mo ki kòmanse ak lèt sa ? [Tann yon repons.]*

w + Vwayèl, y + Vwayèl

Liv lekti elèv la, paj 106-107.

Aktivite 1 Kontin

Fè mache
Tout timoun avanse, avanse
Nou pral nan mache
N ap machande, n ap achte
Makout chaje n ap tounen lakay
Wololoy, fè mache se bèl bagay.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik : Marye son pou di mo

Jodi a nou pral devine mo. Mwen pral di tout son ki nan yon mo. Nou pral kole son yo epi lè mwen di : « Ki mo li ye ? » n ap di mo a.

Tou pa m

– Son nan premye mo a se **/w/ /on/**. M ap kole tout son yo epi m ap di mo a: **won**.
– Son nan yon lòt mo se : **/y/ /è/**.
– Ki mo li ye ? **yè**

Ann fè l ansanm

– Son nan mo a se : **/m/ /w/ /en/**. N ap kole tout son yo epi n ap di mo a: **mwen**.
– Son nan yon lòt mo se : **/an/ /y/ /en/**.
– Ki mo li ye ? **anyen**
– Yon lòt ankò : **/k/ /on/ /b/ /y/ /en/**.
– Ki mo li ye ? **chenn**

Se tou pa nou

– Mwen pral di tout son ki nan yon mo epi n ap di mo a ankè.
– Son nan mo a se : **/p/ /w/ /en/**.
– Ki mo li ye? *[Elèv yo di :* **pwen***.]*
– Yon lòt ankò : **/p/ /a/ /s/ /y/ /an/ /s/**.
– Ki mo li ye ? *[Elèv yo di :* **pasyans***.]*

Aktivite 3 Konsyans Fonemik : Separe mo, kase mo son pa son

Kounye a nou pral separe mo yo an son. Mwen pral di yon mo epi nou pral di tout son ki nan mo a.

Tou pa m

– Mo a se **pwent**.
– M ap di tout son yo : **/p/ /w/ /en/ /t/**.

Ann fè l ansanm

– Mo a se **yanm**.
– Ann di tout son yo **/y/ /an/ /m/**.
– Yon lòt mo **konbyen**.
– Ann di son yo **/k/ /o/ /ch/ /on/**.

Se tou pa nou

– Kounye a mwen pral di kèk mo epi n ap di son yo youn apre lòt : **kesyon, Wanament, premye, byen**.

Aktivite 4 Di non lèt ki nan yon mo

[Ekri 2 ou 3 mo ki nan leson sa a sou tablo a. Touche epi di non premye lèt la. Apre sa touche epi mande elèv yo di non rès lèt yo.]

Aktivite 5 Jwenn son nan mo

Ouvri liv nou nan paj revizyon an. Kounye a, mwen pral di yon son. N ap chèche yon mo ki gen son an ladan l. N ap mete dwèt nou anba mo a. Son an se _____.

[Chwazi son yo an dezòd. Apre ou fin di yon premye son, mande kèk elèv ki mo yo jwenn ki gen son an. Chak elèv dwe bay yon nouvo mo. Kontinye ak lòt son nou wè deja.]

Aktivite 6 Lekti mo (nan liv la)

a. Lekti an gwoup

Kounye a nou pral li nan liv la. ***Fè elèv yo ouvè liv la nan paj revizyon « w + Vwayèl ak y + Vwayèl » a. Mete yo an gwoup san yo pa deplase pou yo li liy ki gen mo ak fraz yo. Fè yo li fò. [Pa egzanp, chak ranje, ti fi/ti gason, moun a dwat/moun a goch.]***

Aktivite revèy

Jwe ak lèt

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Nou pral jwe ak lèt yo. Lè mwen di son lèt la n ap kanpe. Lè mwen di non lèt la n ap chita.

Z ; Ch ; B ; D

b. Li istwa

Anseyan an ap mande elèv yo li istwa « Machann » pou kont yo.

Evalyasyon

NOTE:

- *Nan moman sa a nou kapab mande elèv yo kontinye li menm istwa a. Nou kapab pwofite moman sa a pou nou fè evalyasyon endividyèl pou elèv yo. Nou ka mande elèv yo li apeprè senk mo pou kont yo. Pa swiv prezantasyon mo yo nan liv la. Chwazi mo yo nan toulede leson yo, nan diferan liy pou chak timoun. Ede elèv la korije erè li yo. Apre li fini, note nan kaye ou konbyen mo elèv la li byen. Pa egzanp : 4/5. Si tout elèv pa gen tan li pou ou, asire ou sa ki pa li pou ou jodi a ap li pou ou semenn pwochenn (nan jou revizyon an).*
- *Si elèv yo pa li byen, mande yo li son lèt yo ba ou. Fè yon revizyon son elèv la pa konnen. Si gen anpil elèv ki pa konnen yon son, fè leson an ankò pou klas la. Si yo konnen son yo, men yo pa ka li, chèche konnen ki bò yo kole.*

Aktivite 1 Kontin

Lakansyèl
Lakansyèl gen anpil koulè
Ble, ble digo, jòn, vèt
Oranj , wouj, vyolèt
Tout timoun je anlè
Y ap chèche koulè lakansyèl.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik

a. Marye son pou di mo

Jodi a nou pral devine mo. Mwen pral di tout son ki nan yon mo. Nou pral kole son yo epi lè mwen di : « Ki mo li ye ? » n ap di mo a.

Tou pa m

– Son nan premye mo a se **/k/ /r/ /i/ /k/ /è/ /t/**. M ap kole tout son yo epi m ap di mo a: **krikèt**.
– Son nan yon lòt mo se : **/p/ /r/ /a/ /t/ /i/ /k/**.
– Ki mo li ye ? **pratik**

Ann fè l ansanm

– Son nan mo a se : **/a/ /v/ /r/ /i/ /l/**. N ap kole tout son yo epi n ap di mo a: **avril**.
– Son nan yon lòt mo se : **/f/ /r/ /è/ /t/**.
– Ki mo li ye ? **frèt**
– Yon lòt ankò : **/a/ /p/ /i/**.
– Ki mo li ye ? **api**

Se tou pa nou

– Mwen pral di tout son ki nan yon mo epi n ap di mo a ankè.
– Son nan mo a se : **/k/ /r/ /e/ /y/ /on/**.
– Ki mo li ye? *[Elèv yo di :* **kreyon***.]*
– Yon lòt ankò : **/p/ /r/ /e/ /m/ /y/ /e/**.
– Ki mo li ye ? *[Elèv yo di :* **premye***.]*

b. Separe mo, kase mo son pa son

Kounye a nou pral separe mo yo an son. Mwen pral di yon mo epi nou pral di tout son ki nan mo a.

Tou pa m

– Mo a se **prete**.
– M ap di tout son yo : **/p/ /r/ /e/ /t/ /e/**.

Ann fè l ansanm

– Mo a se **krapo**.
– Ann di tout son yo **/k/ /r/ /a/ /p/ /o/**.
– Yon lòt mo **lonbrit**.
– Ann di son yo **/l/ /on/ /b/ /r/ /i/ /t/**.

Se tou pa nou

– Kounye a mwen pral di kèk mo epi n ap di son yo youn apre lòt : **frè, krik, krak, bwodri, anbrase**.

Aktivite 3 Lekti mo ak fraz

a. Ann jwe ak lèt yo

Kounye a nou pral jwe ak lèt nou konnen yo.

Son lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la nan liv la. Lè mwen di yon son, n ap chache lèt ki mache ak son an epi n ap mete dwèt nou anba l. *[Chwazi lèt yo an dezòd, apeprè de fwa pou chak lèt.]*

Non lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la. Lè mwen di non yon lèt, n ap chache lèt la epi n ap mete dwèt nou anba l. *[Chwazi lèt yo an dezòd.]*

b. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj « pr, gr, kr, fr, tr » pou nou li liy palmis la.

c. Marye son yo pou fòme mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/f/ /r/ /è/ = frè**	– **/f/ /r/ /è/ = frè**	– **/f/ /r/ /è/ = frè** – Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **gran, grann, krèm, frèt, krik, krak**.

d. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj « pr, gr, ker, fr, tr » la pou nou li liy anana a.

Aktivite revèy

Chwazi yon zanmi

[Ekri tout lèt peryòd la sou tablo a.]

Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la. Apre sa m ap chwazi yon zanmi nan klas. Zanmi mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la. Apre sa l ap chwazi yon lòt zanmi k ap kontinye ak menm egzèsis la. *[Pa kite timoun yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.]*

Aktivite 4 Ekri mo ak fraz

a. Ekri mo ak son

Nou pral sèvi ak son nou te aprann yo pou n ekri mo kout. M ap di mo kout la epi n ap di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak li a.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– Mo kout la se : **frèt**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo. **/f/ /r/ /è/ /t/**	– Mo a se : **frèt**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo. **/f/ /r/ /è/ /t/**	– *[Kontinye fè egzèsis la ak lòt mo ki nan leson an]* **krèm, gran, grann, krik, krak**.

Aktivite revèy

Jwe ak son

Kounye a nou pral jwe ak son. Lè m di yon mo ki kòmanse ak son leson an n ap bat men nou de fwa. Lè m di yon mo ki kòmanse ak yon lòt son n ap bat men nou yon sèl fwa.

Aktivite 5 Li istwa

a. Prediksyon.

[Mande elèv yo fè yon prediksyon dapre tit istwa. Mande elèv yo fè yon prediksyon dapre desen an].

b. Kounye a nou pral li istwa a ansanm. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a. *[Pandan elèv yo ap li, mèt la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]*

Fanmi m

Se manman mwen ak papa mwen ki fè m. Mwen viv ak fanmi manman m. Matant mwen se sè papa m. Grann mwen se manman manman m. Tonton mwen se frè manman m. Marenn mwen se makomè manman m. Parenn mwen se monkonpè papa m. Nou tout rete sou mòn sa a. Kòd lonbrit mwen antere anba pye sabliye a. Nou se yon sèl gran lakou, yon sèl kò fanmi.

Aktivite 6 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. *[Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.]*
2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? *[Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.]*

Aktivite 7 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. Sou ki sa istwa a pale ?
2. Pou ki sa ou renmen fanmi w ?

Aktivite pou Ranfòse

Simon Di

Sèvi ak : Konesans Alfabè
Materyèl : Kat oubyen bout papye ki gen lèt sou yo pou 3 a 4 e pataje.
Kouman pou fè sa :

1. *Divize elèv yo an gwoup 3 ou 4 elèv pou yo travay.*
2. *Mande chak gwoup pou yon elèv pran kat ki gen lèt pa li yo pou gwoup la sèvi.*
3. *Sèvi ak lòd Simon Di konsa :*
   « Simon di, touche lèt F la ak pous nou. »
   « Simon di, mete lèt S la atè. »
   « Simon di, montre moun ki agoch ou a lèt D a. »
4. *Si yon elèv fè yon erè tankou sèvi ak move lèt la oswa fè move jès la, ekip la elimine.*
5. *Dènye ekip ki rete a, se li ki genyen.*
   Nòt : Pandan y ap bay lòd Simon Di a, pwofesè yo ta dwe fè sa lòd la di a. Sa ap kore devlopman langaj elèv yo.

Aktivite 1 Kontin

Lakansyèl
Lakansyèl gen anpil koulè
Ble, ble digo, jòn, vèt
Oranj , wouj, vyolèt
Tout timoun je anlè
Y ap chèche koulè lakansyèl.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik

a. Idantifye premye son

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « premye son », n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– Mo a se **zwazo**. Premye son an se : **/z/**.	– Mo a se **nich**. « Premye son » an se : **/n/**. – Ann kontinye ak kèk egzanp : **wout, remèt**.	– Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tande : **woule, soufle, gripe, bourik, pasyans, danse, cheve, chante**.

Aktivite 3 Lekti mo ak fraz

a. Li mo kout vit e byen

Nou pral aprann li mo kout vit e byen.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– *[Di]* M ap li mo yo : **frè, gran, grann, krèm, frèt**.	– **frè, gran, grann, krèm, frèt**	– *[Anseyan an ap fè elèv yo li mo kout leson an]* **frè, gran, grann, krèm, frèt**. – *[Apre sa di]* Kontinye pratike nan liv nou, nan liy bis la. Li mo yo poukont nou.

b. Li mo long vit e byen

Kounye a nou pral li mo long vit e byen. Ouvè liv la nan paj « pr, gr, kr, fr, tr » epi li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj « pr, gr, kr, fr, tr » la pou nou li liy pwason an.

Aktivite revèy

Chwazi yon zanmi

[Ekri tout lèt peryòd la sou tablo a.]

Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la. Apre sa m ap chwazi yon zanmi nan klas. Zanmi mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la. Apre sa l ap chwazi yon lòt zanmi k ap kontinye ak menm egzèsis la. *[Pa kite timoun yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.]*

Aktivite 4 Ekriti

[Mande elèv yo ouvri liv la nan pati « M ap pale de tèt mwen.» Y ap sèvi ak paj ki gen aktivite sa a.]

Kounye a, nou pral konplete fraz ki manke mo. *[Ekri sou tablo a: Lavil la gen _____ . Apre sa, ekri* **magazen** *sou tirè a.* **R - Lavil la gen magazen.** *Fè elèv yo pratike nan kaye yo. Y ap sevi ak modèl la pou ekri 2-3 fraz.]*

Aktivite revèy

Jwe ak son

Kounye a nou pral jwe ak son. Lè m di yon mo ki kòmanse ak son leson an n ap bat men nou de fwa. Lè m di yon mo ki kòmanse ak yon lòt son n ap bat men nou yon sèl fwa.

Aktivite 5 Li istwa

Yè nou te li istwa a ansanm. Jodi a nou pral li istwa a de pa de. Apre sa mwen pral mande kèk elèv li pou-kont yo. Sonje pou n mete dwèt nou anba chak mo pandan n ap li yo.

a. Lekti de pa de

[Mete elèv yo de pa de. Asire w yo swiv sa y ap li ak dwèt yo. Pase gade kòman y ap li. Ede kèk elèv dekode mo si yo gen difikilte.]

b. Lekti endividyèl

[Mande 6 elèv li yon pati nan istwa a (chwazi 3 ti gason epi 3 ti fi). Ede yo si yo gen difikilte.]

c. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive.

– Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Kòd lonbrit mwen antere anba pye sabliye a.**
1. Tout moun mime fraz la.
2. *[Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]*

Aktivite pou Ranfòse

Mo pa janm fini

Pwofesè a ap di yon fraz epi l ap mande elèv yo reprann menm fraz la. Men chak fwa yon elèv di fraz la l ap chanje mo pwofesè a mande l la.

Egzanp : Mariz ak Filip konn **sote**. *[Elèv yo ap chanje* **sote** *ak yon lòt vèb ; yo ka di :* **jwe**, **li**, **etidye**, **chante**, **kouri**, *elatriye]*

Aktivite 1 Kontin

Lakansyèl
Lakansyèl gen anpil koulè
Ble, ble digo, jòn, vèt
Oranj , wouj, vyolèt
Tout timoun je anlè
Y ap chèche koulè lakansyèl.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik

a. Marye son pou di mo

Jodi a nou pral devine mo. Mwen pral di tout son ki nan yon mo. Nou pral kole son yo epi lè mwen di : « Ki mo li ye ? » n ap di mo a.

Tou pa m

– Son nan premye mo a se **/v/ /l/ /e/**. M ap kole tout son yo epi m ap di mo a: **vle**.
– Son nan yon lòt mo se : **/p/ /l/ /an/ /t/ /e/**.
– Ki mo li ye ? **plante**

Ann fè l ansanm

– Son nan mo a se : **/p/ /l/ /a/ /t/**. N ap kole tout son yo epi n ap di mo a: **plat**.
– Son nan yon lòt mo se : **/b/ /l/ /e/**.
– Ki mo li ye ? **ble**

Se tou pa nou

– Mwen pral di tout son ki nan yon mo epi n ap di mo a ankè.
– Son nan mo a se : **/p/ /l/ /w/ /a/ /y/ /e/**.
– Ki mo li ye? *[Elèv yo di :* **plwaye**.*]*
– Yon lòt ankò : **/f/ /l/ /e/ /r/ /i/**.
– Ki mo li ye ? *[Elèv yo di :* **fleri**.*]*

b. Separe mo, kase mo son pa son

Kounye a nou pral separe mo yo an son. Mwen pral di yon mo epi nou pral di tout son ki nan mo a.

Tou pa m

– Mo a se **blese**.
– M ap di tout son yo : **/b/ /l/ /e/ /s/ /e/**.

Ann fè l ansanm

– Mo a se **plenyen**.
– Ann di tout son yo **/p/ /l/ /en/ /y/ /en/**.
– Yon lòt mo **dlo**.
– Ann di son yo **/d/ /l/ /o/**.

Se tou pa nou

– Kounye a mwen pral di kèk mo epi n ap di son yo youn apre lòt : **plis, klas, bliye, vlope, bloke**.

Aktivite 3 Lekti mo ak fraz

a. Ann jwe ak lèt yo

Kounye a nou pral jwe ak lèt nou konnen yo.

Son lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la nan liv la. Lè mwen di yon son, n ap chache lèt ki mache ak son an epi n ap mete dwèt nou anba l. *[Chwazi lèt yo an dezòd, apeprè de fwa pou chak lèt.]*

Non lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la. Lè mwen di non yon lèt, n ap chache lèt la epi n ap mete dwèt nou anba l. *[Chwazi lèt yo an dezòd.]*

b. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj « dl, pl, fl, vl, bl » pou nou li liy palmis la.

c. Marye son yo pou fòme mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/f/ /l/ /è/ = flè**	– **/f/ /l/ /è/ = flè**	– **/f/ /l/ /è/ = flè** – Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **dlo, klas, kle, ble, vle, plas, plis**.

d. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj « dl, pl, fl, vl, bl » la pou nou li liy anana a.

e. Marye son pou fòme mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/f/ /l/ /e/ /r/ /i/ = fleri**	– **/f/ /l/ /e/ /r/ /i/ = fleri**	– **/f/ /l/ /e/ /r/ /i/ = fleri** – Ann kontinye ak lòt mo **choublak, plante, bliye, klere, bloke, plenyen, avril**.

Aktivite revèy

Chwazi yon zanmi

[Ekri tout lèt peryòd la sou tablo a.]

Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la. Apre sa m ap chwazi yon zanmi nan klas. Zanmi mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la. Apre sa l ap chwazi yon lòt zanmi k ap kontinye ak menm egzèsis la. *[Pa kite timoun yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.]*

Aktivite 4 Ekri mo ak fraz

a. Ekri mo ak son

Nou pral sèvi ak son nou te aprann yo pou n ekri mo kout. M ap di mo kout la epi n ap di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak li a.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– Mo kout la se : **vle**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo. **/v/ /l/ /e/**	– Mo a se : **vle**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo. **/v/ /l/ /e/**	– *[Kontinye fè egzèsis la ak lòt mo ki nan leson an]* **plis, dlo, fleri, ble, choublak**.

Aktivite revèy

Jwe ak son
Kounye a nou pral jwe ak son. Lè m di yon mo ki kòmanse ak son leson an n ap bat men nou de fwa. Lè m di yon mo ki kòmanse ak yon lòt son n ap bat men nou yon sèl fwa.

Aktivite 5 Li istwa

a. Prediksyon.

[Mande elèv yo fè yon prediksyon dapre tit istwa. Mande elèv yo fè yon prediksyon dapre desen an].

b. Kounye a nou pral li istwa a ansanm. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a. *[Pandan elèv yo ap li, mèt la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]*

Flè choublak

Choublak se yon bèl flè wouj. Li fleri nenpòt lè. Li leve tout kote. Devan kay grann mwen an gen twa ti pye choublak. Chak maten, li wouze yo. Pye choublak renmen dlo anpil. Depi ou wouze li, li fleri epi li bay bèl flè wouj. Yo fè te pou grip ak flè choublak.

Aktivite 6 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. *[Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.]*
2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? *[Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.]*

Aktivite 7 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. Sou ki sa istwa a pale ?
2. Ki kote istwa a pase ?
3. Chak kilè grann wouze choublak yo ?

Aktivite pou Ranfòse

Komanse-Fini
[Separa klas la an de gwoup.] Lè m di yon mo, bò goch la ap di m ki son ki kòmanse mo a. Bò dwat la ap di m ki son ki fini mo a.

Aktivite 1 Kontin

Lakansyèl
Lakansyèl gen anpil koulè
Ble, ble digo, jòn, vèt
Oranj , wouj, vyolèt
Tout timoun je anlè
Y ap chèche koulè lakansyèl.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik

a. Idantifye premye son

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « premye son », n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m

– Mo a se **bezwen**. Premye son an se : **/b/**.

Ann fè l ansanm

– Mo a se **sispann**. « Premye son » an se : **/s/**.
– Ann kontinye ak kèk egzanp : **flannen, achte**.

Se tou pa nou

– Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tande : **zòn, desann, kòd, tann, tounen, ri, van, komik**.

Aktivite 3 Lekti mo ak fraz

a. Li mo kout vit e byen

Nou pral aprann li mo kout vit e byen.

Tou pa m

– *[Di]* M ap li mo yo : **flè, dlo, klas, kle, ble**.

Ann fè l ansanm

– **flè, dlo, klas, kle, ble**

Se tou pa nou

– *[Anseyan an ap fè elèv yo li mo kout leson an]* **flè, dlo, klas, kle, ble**.
– *[Apre sa di]* Kontinye pratike nan liv nou, nan liy bis la. Li mo yo poukont nou.

b. Li mo long vit e byen

Kounye a nou pral li mo long vit e byen. Ouvè liv la nan paj « dl, pl, fl, vl, bl » epi li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj « dl, pl, fl, vl, bl » la pou nou li liy pwason an.

Aktivite revèy

Chwazi yon zanmi

[Ekri tout lèt peryòd la sou tablo a.]

Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la. Apre sa m ap chwazi yon zanmi nan klas. Zanmi mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la. Apre sa l ap chwazi yon lòt zanmi k ap kontinye ak menm egzèsis la. *[Pa kite timoun yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.]*

Aktivite 4 Ekriti

[Mande elèv yo ouvri liv la nan pati « M ap pale de tèt mwen.» Y ap sèvi ak paj ki gen aktivite sa a.]

N ap kontinye konplete fraz ki manke mo. *[Ekri sou tablo a: Lavil la gen _____ ak _____. Apre sa a, ekri* **mache** *ak* **machann** *sou tirè yo.* **R - Lavil la gen mache ak machann.** *Fè elèv yo pratike nan kaye yo. Y ap sevi ak modèl la pou ekri 2-3 fraz.]*

Aktivite revèy

Jwe ak son

Kounye a nou pral jwe ak son. Lè m di yon mo ki kòmanse ak son leson an n ap bat men nou de fwa. Lè m di yon mo ki kòmanse ak yon lòt son n ap bat men nou yon sèl fwa.

Aktivite 5 Li istwa

Yè nou te li istwa a ansanm. Jodi a nou pral li istwa a de pa de. Apre sa mwen pral mande kèk elèv li poukont yo. Sonje pou n mete dwèt nou anba chak mo pandan n ap li yo.

a. Lekti de pa de

[Mete elèv yo de pa de. Asire w yo swiv sa y ap li ak dwèt yo. Pase gade kòman y ap li. Ede kèk elèv dekode mo si yo gen difikilte.]

b. Lekti endividyèl

[Mande 6 elèv li yon pati nan istwa a (chwazi 3 ti gason epi 3 ti fi). Ede yo si yo gen difikilte.]

c. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive.

– Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Chak maten, li wouze yo.**
1. Tout moun mime fraz la.
2. *[Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]*

Aktivite pou Ranfòse

Kontwole son

Nou pral di mo ki gen son nou konnen yo.
Di yon mo ki gen yon sèl son /…./.
Di yon mo ki gen de son /…./.

Konsòn + r, Konsòn + l

Liv lekti elèv la, paj 112-113.

Aktivite 1 Kontin

Lakansyèl
Lakansyèl gen anpil koulè
Ble, ble digo, jòn, vèt
Oranj , wouj, vyolèt
Tout timoun je anlè
Y ap chèche koulè lakansyèl.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik : Marye son pou di mo

Jodi a nou pral devine mo. Mwen pral di tout son ki nan yon mo. Nou pral kole son yo epi lè mwen di : « Ki mo li ye ? » n ap di mo a.

Tou pa m

- Son nan premye mo a se **/g/ /r/ /an/**. M ap kole tout son yo epi m ap di mo a: **gran**.
- Son nan yon lòt mo se : **/b/ /l/ /e/**.
- Ki mo li ye ? **ble**

Ann fè l ansanm

- Son nan mo a se : **/p/ /r/ /e/**. N ap kole tout son yo epi n ap di mo a: **pre**.
- Son nan yon lòt mo se : **/b/ /r//a/ /s/ /e/**.
- Ki mo li ye ? **brase**
- Yon lòt ankò : **/ch/ /en/ /n/**.
- Ki mo li ye ? **chenn**

Se tou pa nou

- Mwen pral di tout son ki nan yon mo epi n ap di mo a ankè.
- Son nan mo a se : **/k/ /r/ /a/ /p/ /o/**.
- Ki mo li ye? *[Elèv yo di :* **krapo**.*]*
- Yon lòt ankò : **//g/ /l/ /a/ /s/ /e/**.
- Ki mo li ye ? *[Elèv yo di :* **glase**.*]*

Aktivite 3 Konsyans Fonemik : Separe mo, kase mo son pa son

Kounye a nou pral separe mo yo an son. Mwen pral di yon mo epi nou pral di tout son ki nan mo a.

Tou pa m

- Mo a se **deplase**.
- M ap di tout son yo : **/d/ /e/ /p/ /l/ /a/ /s/ /e/**.

Ann fè l ansanm

- Mo a se **matla**.
- Ann di tout son yo **/m/ /a/ /t/ /l//a/**.
- Yon lòt mo **anbrase**.
- Ann di son yo **/an/ /b/ /r/ /a/ /s/ /e/**.

Se tou pa nou

- Kounye a mwen pral di kèk mo epi n ap di son yo youn apre lòt : **avril, trase, klas**.

Aktivite 4 Di non lèt ki nan yon mo

[Ekri 2 ou 3 mo ki nan leson sa a sou tablo a. Touche epi di non premye lèt la. Apre sa touche epi mande elèv yo di non rès lèt yo.]

Aktivite 5 Jwenn son nan mo

Ouvri liv nou nan paj revizyon an. Kounye a, mwen pral di yon son. N ap chèche yon mo ki gen son an ladan l. N ap mete dwèt nou anba mo a. Son an se _____.

[Chwazi son yo an dezòd. Apre ou fin di yon premye son, mande kèk elèv ki mo yo jwenn ki gen son an. Chak elèv dwe bay yon nouvo mo. Kontinye ak lòt son nou wè deja.]

Aktivite 6 Lekti mo (nan liv la)

a. Lekti an gwoup

Kounye a nou pral li nan liv la. ***Fè elèv yo ouvè liv la nan paj revizyon « Konsòn + r ak Konsòn + l » a. Mete yo an gwoup san yo pa deplase pou yo li liy ki gen mo ak fraz yo. Fè yo li fò. [Pa egzanp, chak ranje, ti fi/ti gason, moun a dwat/moun a goch.]***

Aktivite revèy

Chwazi yon zanmi

[Ekri tout lèt peryòd la sou tablo a.]

Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la. Apre sa m ap chwazi yon zanmi nan klas. Zanmi mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la. Apre sa l ap chwazi yon lòt zanmi k ap kontinye ak menm egzèsis la. *[Pa kite timoun yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.]*

b. Li istwa

Anseyan an ap mande elèv yo li istwa « Krèm glase » pou kont yo.

Evalyasyon

NOTE:

- *Nan moman sa a nou kapab mande elèv yo kontinye li menm istwa a. Nou kapab pwofite moman sa a pou nou fè evalyasyon endividyèl pou elèv yo. Nou ka mande elèv yo li apeprè senk mo pou kont yo. Pa swiv prezantasyon mo yo nan liv la. Chwazi mo yo nan toulede leson yo, nan diferan liy pou chak timoun. Ede elèv la korije erè li yo. Apre li fini, note nan kaye ou konbyen mo elèv la li byen. Pa egzanp : 4/5. Si tout elèv pa gen tan li pou ou, asire ou sa ki pa li pou ou jodi a ap li pou ou semenn pwochenn (nan jou revizyon an).*
- *Si elèv yo pa li byen, mande yo li son lèt yo ba ou. Fè yon revizyon son elèv la pa konnen. Si gen anpil elèv ki pa konnen yon son, fè leson an ankò pou klas la. Si yo konnen son yo, men yo pa ka li, chèche konnen ki bò yo kole.*

Aktivite 1 Kontin

Vakans
Tralalala, tololo
Vakans rive
N ap manje mango
Keyi kayimit ak zabriko
Tralala, tololo
N ap fè lago nan dlo.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik

a. Marye son pou di mo

Jodi a nou pral devine mo. Mwen pral di tout son ki nan yon mo. Nou pral kole son yo epi lè mwen di : « Ki mo li ye ? » n ap di mo a.

Tou pa m

– Son nan premye mo a se **/b/ /a/ /g/ /a/ /y/**. M ap kole tout son yo epi m ap di mo a: **bagay**.
– Son nan yon lòt mo se : **/ch/ /an/ /y/**.
– Ki mo li ye ? **chany**

Ann fè l ansanm

– Son nan mo a se : **/m/ /ou/ /y/ /e/**. N ap kole tout son yo epi n ap di mo a: **mouye**.
– Son nan yon lòt mo se : **/b/ /en/ /y/** .
– Ki mo li ye ? **beny**

Se tou pa nou

– Mwen pral di tout son ki nan yon mo epi n ap di mo a ankè.
– Son nan mo a se : **/ch/ /a/ /y/**.
– Ki mo li ye? *[Elèv yo di :* **chay***.]*
– Yon lòt ankò : **/p/ /an/ /y/ /en/**.
– Ki mo li ye ? *[Elèv yo di :* **panyen***.]*

b. Separe mo, kase mo son pa son

Kounye a nou pral separe mo yo an son. Mwen pral di yon mo epi nou pral di tout son ki nan mo a.

Tou pa m

– Mo a se **pay**.
– M ap di tout son yo : **/p/ /a/ /y/**.

Ann fè l ansanm

– Mo a se **wouy**.
– Ann di tout son yo **/w/ /ou/ /y/**.
– Yon lòt mo **zòbòy**.
– Ann di son yo **/z/ /ò/ /b/ /ò/ /y/**.

Se tou pa nou

– Kounye a mwen pral di kèk mo epi n ap di son yo youn apre lòt : **fouy, papay, koukouy, manyen, miray**.

Aktivite 3 Lekti mo ak fraz

a. Ann jwe ak lèt yo

Kounye a nou pral jwe ak lèt nou konnen yo.

Son lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la nan liv la. Lè mwen di yon son, n ap chache lèt ki mache ak son an epi n ap mete dwèt nou anba l. *[Chwazi lèt yo an dezòd, apeprè de fwa pou chak lèt.]*

Non lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la. Lè mwen di non yon lèt, n ap chache lèt la epi n ap mete dwèt nou anba l. *[Chwazi lèt yo an dezòd.]*

b. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj « ay, any, ouy » pou nou li liy palmis la.

c. Marye son yo pou fòme mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/k/ /a/ /y/ = kay**	– **/k/ /a/ /y/ = kay**	– **/k/ /a/ /y/ = kay** – Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **chany, chay, pay, lay, bay, tay**.

d. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj « ay, any, ouy » la pou nou li liy anana a.

e. Marye son pou fòme mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/an/ /y/ /en/ = anyen**	– **/an/ /y/ /en/ = anyen**	– **/an/ /y/ /en/ = anyen** – Ann kontinye ak lòt mo **papay, panyen, manyen, bagay, koukouy, miray, papay**.

Aktivite revèy

Jwe ak son

Kounye a nou pral jwe ak son. Lè m di yon mo ki kòmanse ak son leson an n ap bat men nou de fwa. Lè m di yon mo ki kòmanse ak yon lòt son n ap bat men nou yon sèl fwa.

Aktivite 4 Ekri mo ak fraz

a. Ekri mo ak son

Nou pral sèvi ak son nou te aprann yo pou n ekri mo kout. M ap di mo kout la epi n ap di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak li a.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– Mo kout la se : **manyen**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo. **/m/ /an/ /y/ /en/**	– Mo a se : **manyen**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo. **/m/ /an/ /y/ /en/**	– *[Kontinye fè egzèsis la ak lòt mo ki nan leson an]* **kay, chany, bay, anyen, koukouy** .

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.
M ap fè yon mouvman ak figi m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*
Baye. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di* « *baye* »**.** *Chwazi twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

1. bat je w
2. baye
3. souri
4. fikse je w
5. fwonse sousi w
6. Fè grimas
7. File lang
8. Twouse nen
9. Lonje bouch
10. Gonfle machwè

Aktivite 5 Li istwa

a. Prediksyon.

[Mande elèv yo fè yon prediksyon dapre tit istwa. Mande elèv yo fè yon prediksyon dapre desen an].

b. Kounye a nou pral li istwa a ansanm. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a. *[Pandan elèv yo ap li, mèt la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]*

Koukouy

Aswè rive, koukouy yo klere tankou de ti limyè ki devan machin mesye Tatay la. Ti koukouy yo vole sou tout fèy, tout pay sèch. Yo konn kole sou tout bagay. Yè swa mwen wè youn sou pye papay ki devan kay la. M al manyen li, li vole al jwenn lòt yo. Limyè koukouy se bèl limyè.

Aktivite 6 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. *[Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.]*
2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? *[Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.]*

Aktivite 7 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. Sou ki ensèk istwa a pale ?
2. Ki sa y ap fè ?
3. Ki lè istwa a ap pase ?
4. Pou ki sa moun nan pa ka kenbe koukouy la ?

Aktivite pou Ranfòse

Kanpe pou son an
Nou pral fè yon bèl ti egzèsis. Lè mwen di yon mo ki gen son /…/, n ap kanpe, si li pa gen son an chita.

Aktivite 1 Kontin

Vakans
Tralalala, tololo
Vakans rive
N ap manje mango
Keyi kayimit ak zabriko
Tralala, tololo
N ap fè lago nan dlo.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik

a. Idantifye premye son

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « premye son », n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– Mo a se **vante**. Premye son an se : **/v/**.	– Mo a se **kado**. « Premye son » an se : **/k/**. – Ann kontinye ak kèk egzanp : **fin, deside**.	– Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tande : **janm, bourik, zanmann, genyen, soti, fè, boukannen, dife** .

Aktivite 3 Lekti mo ak fraz

a. Li mo kout vit e byen

Nou pral aprann li mo kout vit e byen.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– *[Di]* M ap li mo yo : **kay, chany, chay, pay, lay**.	– **kay, chany, chay, pay, lay**	– *[Anseyan an ap fè elèv yo li mo kout leson an]* **kay, chany, chay, pay, lay**. – *[Apre sa di]* Kontinye pratike nan liv nou, nan liy bis la. Li mo yo poukont nou.

b. Li mo long vit e byen

Kounye a nou pral li mo long vit e byen. Ouvè liv la nan paj « ay, any, ouy » epi li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj « ay, any, ouy » la pou nou li liy pwason an.

Aktivite revèy

Jwe ak son

Kounye a nou pral jwe ak son. Lè m di yon mo ki kòmanse ak son leson an n ap bat men nou de fwa. Lè m di yon mo ki kòmanse ak yon lòt son n ap bat men nou yon sèl fwa.

Aktivite 4 Ekriti

[Mande elèv yo ouvri liv la nan pati « M ap pale de tèt mwen.» Y ap sèvi ak paj ki gen aktivite sa a.]

Kounye a, nou pral konplete fraz ak sa nou te wè. *[Ekri sou tablo a: Ki sa ou te wè jodi a? Jodi a mwen te wè _____. Apre sa a, ekri* **zwazo** *sou tirè a.* **R - Jodi a mwen te wè zwazo.** *Fè elèv yo pratike nan kaye yo. Y ap sevi ak modèl la pou ekri 2-3 fraz.]*

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.
M ap fè yon mouvman ak figi m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*
Baye. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di* « *baye* »**.** *Chwazi twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

1. bat je w
2. baye
3. souri
4. fikse je w
5. fwonse sousi w
6. Fè grimas
7. File lang
8. Twouse nen
9. Lonje bouch
10. Gonfle machwè

Aktivite 5 Li istwa

Yè nou te li istwa a ansanm. Jodi a nou pral li istwa a de pa de. Apre sa mwen pral mande kèk elèv li pou-kont yo. Sonje pou n mete dwèt nou anba chak mo pandan n ap li yo.

a. Lekti de pa de

[Mete elèv yo de pa de. Asire w yo swiv sa y ap li ak dwèt yo. Pase gade kòman y ap li. Ede kèk elèv dekode mo si yo gen difikilte.]

b. Lekti endividyèl

[Mande 6 elèv li yon pati nan istwa a (chwazi 3 ti gason epi 3 ti fi). Ede yo si yo gen difikilte.]

c. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive.

– Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Ti koukouy yo vole sou tout fèy, tout pay sèch.**
1. Tout moun mime fraz la.
2. *[Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]*

Aktivite pou Ranfòse

Jwe ak mo

[Ekri tout son nou wè deja yo sou tablo a. Fòme yon gwoup 6 elèv. Mande premye elèv la pou l di yon non moun ak yon non machandiz ki kòmanse ak premye son an. Mande lòt elèv yo kontinye fè menm egzèsis la san yo pa repete yon non ki di deja. Lè yon moun pèdi li pral chita epi lòt yo ap kontinye ak pwochen son an. Moun ki rete an dènye a ap genyen.]

Aktivite 1 Kontin

Vakans
Tralalala, tololo
Vakans rive
N ap manje mango
Keyi kayimit ak zabriko
Tralala, tololo
N ap fè lago nan dlo.

Aktivite 2 Aprann son ak non yon konbinezon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non konbinezon lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son konbinezon lèt la

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– *[Montre konbinezon lèt la epi di.]* – Son konbinezon lèt sa a se **/ui/**.	– Son konbinezon lèt sa a se **/ui/**.	– Son konbinezon lèt sa a se : …**/ui/**.

b. Di non konbinezon lèt la

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– *[Montre konbinezon lèt la epi di.]* – Non konbinezon lèt sa a se **ui**.	– Non konbinezon lèt sa a se **ui**.	– Non konbinezon lèt sa a se **ui**.

Aktivite 3 Lekti mo ak fraz

a. Ann jwe ak lèt yo

Kounye a nou pral jwe ak lèt nou konnen yo.

Son lèt mwen konnen
Nou pral gade liy zandolit la nan liv la. Lè mwen di yon son, n ap chache lèt ki mache ak son an epi n ap mete dwèt nou anba l. *[Chwazi lèt yo an dezòd, apeprè de fwa pou chak lèt.]*

Non lèt mwen konnen
Nou pral gade liy zandolit la. Lè mwen di non yon lèt, n ap chache lèt la epi n ap mete dwèt nou anba l. *[Chwazi lèt yo an dezòd.]*

b. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj « ui, àn, èn, òn » pou nou li liy palmis la.

c. Marye son yo pou fòme mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/ui/ /t/ = uit**	– **/ui/ /t/ = uit**	– **/ui/ /t/ = uit** – Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **nuit, luil**.

d. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj « ui, àn, èn, òn » nan pou nou li liy anana a.

e. Marye son pou fòme mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/ui/ /t/ /an/ = uitan**	– **/ui/ /t/ /an/ = uitan**	– **/ui/ /t/ /an/ = uitan** – Ann kontinye ak lòt mo **minui, dizuit, lannuit**.

Aktivite revèy

Jwe ak son

Kounye a nou pral jwe ak son. Lè m di yon mo ki kòmanse ak son leson an n ap bat men nou de fwa. Lè m di yon mo ki kòmanse ak yon lòt son n ap bat men nou yon sèl fwa.

Aktivite 4 Ekri lèt miniskil

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil **u**.

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– *[Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]* – **Ekri yon u. Trase yon liy kanpe, epi trase yon koub anba adwat. Ansuit, trase yon liy kanpe. Ekri i dèyè u.**	– *[Mande yo leve dwèt yo pou yo menm jès ak ou.]* – **Ekri yon u. Trase yon liy kanpe, epi trase yon koub anba adwat. Ansuit, trase yon liy kanpe. Ekri i dèyè u.**	– *[Elèv yo fè jès ak dwèt yo.]* – **Ekri yon u. Trase yon liy kanpe, epi trase yon koub anba adwat. Ansuit, trase yon liy kanpe. Ekri i dèyè u.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. Ekri yon u. Trase yon liy kanpe, epi trase yon koub anba adwat. Ansuit, trase yon liy kanpe. Ekri i dèyè u.

Aktivite 5 Ekri lèt majiskil

Kounye a nou pral ekri lèt majiskil « **U** ».

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– *[Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]* – **Ekri yon U majiskil. Trase yon liy kanpe, epi trase yon koub anba adwat. Kole l ak yon liy kanpe. Ekri i dèyè u.**	– *[Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]* – **Ekri yon U majiskil. Trase yon liy kanpe, epi trase yon koub anba adwat. Kole l ak yon liy kanpe. Ekri i dèyè u.**	– **Ekri yon U majiskil. Trase yon liy kanpe, epi trase yon koub anba adwat. Kole l ak yon liy kanpe. Ekri i dèyè u.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. Ekri yon U majiskil. Trase yon liy kanpe, epi trase yon koub anba adwat. Kole l ak yon liy kanpe. Ekri i dèyè u.

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Mete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt majiskil U.

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. *[Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]*
[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.
[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

Aktivite 6 Ekri mo ak fraz

a. Ekri mo ak son

Nou pral sèvi ak son nou te aprann yo pou n ekri mo kout. M ap di mo kout la epi n ap di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak li a.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– Mo kout la se : **kuit**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo. **/k/ /ui/ /t/**	– Mo a se : **kuit**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo. **/k/ /ui/ /t/**	– *[Kontinye fè egzèsis la ak lòt mo ki nan leson an]* **fuit, luil** .

b. Ekri mo long ak son

Kounye a nou pral ekri mo long.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– Mo long lan se **minui**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo. **/m/ /i/ /n/ /ui/**	– Mo long lan se **minui**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo. **/m/ /i/ /n/ /ui/**	– **/m/ /i/ /n/ /ui/** M ap di kèk mo epi n ap ekri yo nan kaye nou : **lannuit, dizuit, bekàn**.

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.
M ap fè yon mouvman ak figi m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*
Baye. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di* « *baye* »**.** *Chwazi twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

1. bat je w
2. baye
3. souri
4. fikse je w
5. fwonse sousi w
6. Fè grimas
7. File lang
8. Twouse nen
9. Lonje bouch
10. Gonfle machwè

Aktivite 7 Vokabilè

Mwen pral li yon istwa pou nou. Men anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : komès

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **komès** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **komès** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **komès se aktivite achte ak vann machandiz**.
3. Kisa mo **komès** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tande mo **komès** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **komès**. *[30 segonn]*

b. Dezyèm mo a se : popilè

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **popilè** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **popilè** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **popilè vle di se sa anpil moun renmen**.
3. Kisa mo **popilè** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tande mo **popilè** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **popilè** *[30 segonn]*

Aktivite 8 Prediksyon daprè desen

Jodi a nou pral fè yon prediksyon daprè desen.

[montre desen an epi di] Mwen gade desen an epi mwen mande tèt mwen kisa ki pral pase nan istwa a.
1. Gade desen an epi mande tèt nou sou kisa istwa a pral pale. *[30 segond]*
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. *[30 segond]*
3. Kiyès ki ka di m ki sa ki pral pase nan istwa a ?
[Ekri 2 ou 3 repons sou tablo a ak non elèv yo bò kote repons yo.]

Aktivite 9 Prediksyon dapre tit

Jodi a nou pral fè yon prediksyon daprè tit. *[ekri tit istwa a sou tablo a epi di]*

Tit istwa jodi a se : « **Manje kuit** »
Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a daprè nou ?
[Ekri 2 ou 3 repons sou tablo a ak non elèv yo bò kote repons yo.]

Aktivite 10 Tande istwa

Kounye a mwen pral li istwa a. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a.

a. Manje kuit

Gen yon komès ki popilè anpil nan peyi a jounen jodi a. Se metye machann manje kuit. Ou wè yo nan zòn lekòl, izin, ak bò mache. Gen manje ki bèl, ki gen bon gou, ki pa fèt ak anpil luil. Se koupe dwèt. Nan lari Pòtoprens, lajounen kou lannuit gen moun k ap vann manje. Gen ladan yo ki pa vann chè. Senkantuit goud ap ba ou manje vant plen. Apre sa, ou bwè yon bon ji papay pou vennsenk goud. Se sa nèt. Ou pa bezwen manje anyen ankò.

b. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive.

– Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute **Nan lari Pòtoprens, lajounen kou lannuit gen moun k ap vann manje.**
1. Tout moun mime fraz la.
2. *[Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]*

Aktivite 11 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. *[Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.]*
2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? *[Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.]*

Aktivite 12 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. Ki kote yo vann manje kuit ?
2. Ki lè yo vann li ?
3. Pou ki sa vann manje kuit se yon komès popilè ?

Aktivite pou Ranfòse
Rive jwenn zetwal yo *Segmantasyon son* *Materyèl : Foto oswa desen oswa objè ki gen twa ou kat son.* *Kouman pou fè sa :* 1. *Mande elèv yo chita an won.* 2. *Montre yo youn nan imaj yo.* 3. *Mande yon volontè pou li idantifye sa ki sou imaj la epi pou l kase mo a son pa son. Pa egzanp, si mo a se « tèt », timoun nan dwe di « /t/ /è/ /t/. »* *Nòt : Si elèv yo pa konn non objè a, di yo non li. [Se pa yon tès vokabilè.]* 4. *Mande yon dezyèm volontè di konbyen son ki nan mo a.* 5. *Mande yon twazyèm volontè pou l pran yon zetwal nan syèl la pou chak son ki nan mo a [Pou l fè sa, timoun nan ap vole pou l fè kòm si l ap atrap yon zetwal pou chak son ki nan mo a].* 6. *Kontinye egzèsis la ak lòt imaj pou plis elèv ka gen chans pou vole jwenn zetwal yo.*

Aktivite 1 Kontin

Vakans
Tralalala, tololo
Vakans rive
N ap manje mango
Keyi kayimit ak zabriko
Tralala, tololo
N ap fè lago nan dlo.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik

a. Konpare Premye Son nan Mo

Kounye a nou pral konpare son. Mwen pral di yon pè mo. Si tou de mo yo kòmanse ak menm son an, leve pous nou anlè. Si yo diferan, mete pous nou tèt anba.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– Premye pè mo a se **kann-kabare**. De mo sa yo kòmanse ak menm son an, donk mwen leve pous mwen anlè. – Lòt pè mo a se **bekàn-soulye**. – De mo sa yo pa kòmanse ak menm son an, donk mwen mete pous mwen tèt anba.	– Pè mo a se **ban-van**. – *[Reponn ak pous.]* – Ann kontinye ak kèk egzanp : **pàn-pantalon**	– Premye pè mo a se **bon-bibwon**. *[Elèv yo reponn ak pous yo.]* – Ann kontinye ak kèk lòt egzanp : **zòn-siklòn**

Aktivite 3 Aprann goup lèt avèk aksan: àn, èn, òn

Nou pral aprann yon nouvo gwoup lèt. Chak fwa nou gen yon vwayèl ak aksan fòs sou tèt li ki marye ak son /n / dèyè l nou gen 2 son.

a. Aprann komon pou sevi ak kèk nouvo gwoup lèt: àn, èn, òn

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– Montre konbinezon lèt pou chak gwoup lèt yo : **àn, èn, òn** – Son konbinezon pou chak gwoup : **/àn/ /èn/ /òn/**.	– **/àn/ /èn/ /òn/**.	– Kounye a se tou pa nou. Son kobinezon lèt yo se : **/àn/ /èn/ /òn**/.

b. Sonje, chak gwoup lèt gen de son:

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– Montre konbinezon lèt la epi di: – **/èn/** gen 2 son : **/è/ /n/**. – **/òn/** gen 2 son : **/ò/ /n/**. – **/àn/** gen 2 son : **/à/ /n/**.	– **/èn/** gen 2 son : **/è/ /n/**. – **/òn/** gen 2 son : **/ò/ /n/**. – **/àn/** gen 2 son : **/à/ /n/**.	– **/èn/** gen 2 son … – **/òn/** gen 2 son … – **/àn/** gen 2 son …

Aktivite 4 Konpare mo ki sèvi avèk lèt ki gen aksan epi sa ki pa gen aksan

– *Mete mo sa yo sou tablo a.* **kan** , **bekàn** *Li mo yo de fwa bay elèv yo. Di yo pou yo koute byen epi gade mo a byen. Esplike yo:* Sonje, "an" se yon konbinezon lèt ki fè yon sèl son, /an/. Men, kòm nou te aprann jodi a, lè w we "àn", ki gen a avèk aksan, ou konnen se de son /à/ /n/: kan, bekàn.
– Se menm jan nan mo sa yo *(Li mo yo bay elèv yo. Apre sa, mande elèv yo li avèk ou.)* : **ban – pàn; bon - zòn**

Aktivite 5 Lekti mo ak fraz

a. Marye son yo pou fòme mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/p/ /à/ /n/ = pàn**	– **/p/ /à/ /n/ = pàn**	– **/p/ /à/ /n/ = pàn** – Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **zòn**.

b. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj « ui, àn, èn, òn » nan pou nou li liy anana a.

c. Marye son pou fòme mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/b/ /e/ /k/ /à/ /n/ = bekàn**	– **/b/ /e/ /k/ /à/ /n/ = bekàn**	– **/b/ /e/ /k/ /à/ /n/ = bekàn** – Ann kontinye ak lòt mo **Lilyàn, Simòn**.

d. Li mo kout vit e byen

Nou pral aprann li mo kout vit e byen.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– *[Di]* M ap li mo yo : **uit, nuit, luil, pàn, zòn**.	– **uit, nuit, luil, pàn, zòn**	– *[Anseyan an ap fè elèv yo li mo kout leson an]* **uit, nuit, luil, pàn, zòn**. – *[Apre sa di]* Kontinye pratike nan liv nou, nan liy bis la. Li mo yo poukont nou.

b. Li mo long vit e byen

Kounye a nou pral li mo long vit e byen. Ouvè liv la nan paj « ui, àn, èn, òn » epi li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj « ui, àn, èn, òn » nan pou nou li liy pwason an.

Aktivite revèy

Jwe ak son

Kounye a nou pral jwe ak son. Lè m di yon mo ki kòmanse ak son leson an n ap bat men nou de fwa. Lè m di yon mo ki kòmanse ak yon lòt son n ap bat men nou yon sèl fwa.

Aktivite 6 Ekriti

[Mande elèv yo ouvri liv la nan pati « M ap pale de tèt mwen.» Y ap sèvi ak paj ki gen aktivite sa a.]

Nou pral konplete fraz ak sa zanmi nou te wè. *[Ekri sou tablo a: Ki sa zanmi m nan te wè? Li te wè _____. Apre sa, mande yon elèv ki sa li te wè. Ekri repons elèv la sou tirè a. Kounye a, mande elèv yo pale ak zanmi ki chita bò kote yo a. Youn ap di lòt ki sa yo te wè jodi a. Mande elèv yo ekri nan kaye yo sa zanmi yo sot di yo a. Y ap sevi ak modèl la pou ekri 2-3 fraz.]*

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak figi m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*

Baye. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di* « *baye* »**.** *Chwazi twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

1. bat je w
2. baye
3. souri
4. fikse je w
5. fwonse sousi w
6. Fè grimas
7. File lang
8. Twouse nen
9. Lonje bouch
10. Gonfle machwè

Aktivite pou Ranfòse

Vokabilè : Di non epi dekri

Ou ka bati vokabilè elèv yo ak kapasite deskripsyon yo nan leson ki santre sou di non ak dekri.

Kouman pou fè sa :

1. *Kòmanse pa chwazi yon tèm oswa yon sijè pou nou travay. Brase lide oswa di non objè ki gen rapò ak tèm lan. Pa egzanp, si tèm nan se manje, elèv yo ka di non mango, sereyal, ak pwason.*
2. *Epi ede elèv yo di non objè sa yo pa kategori. Ki sa ki fwi, legim, vyann, elatriye ?*
3. *Finalman, mande elèv yo di non objè sa yo selon kalite yo. Nan ka sa a, ki sa ki dous, ki sa ki sale, ki sa ki si ?*

Liv lekti elèv la, paj 118.
Liv ekriti elèv la, paj 112-113.

Jodi a se leson revizyon. Nou pral revize lèt **D** ak lèt **J**. Nou dakò? *[Mande elèv yo ouvri kaye ekriti yo nan paj peryòd revizyon **D** ak **J**.]*

Aktivite 1 Konsyans fonemik

Nan bwat la, fè desen yon imaj ki kòmanse ak son **/d/**. *[Bay elèv yo 2 minit pou yo desinen yon imaj ki kòmanse ak son an men ki pa nan liv la.]*

1. *[Chwazi 6 elèv. Mande yo ki desen yo fè epi ak ki son li kòmanse. Sonje, chwazi 3 ti fi ak 3 ti gason, devan, nan mitan, epi dèyè.]*
2. *[Pase nan mitan elèv yo. Mande yon ti fi ak yon ti gason montre klas la imaj yo fè a.]*

Nan bwat la, fè desen yon imaj ki kòmanse ak son **/j/**. *[Bay elèv yo 2 minit pou desinen yon imaj ki kòmanse ak son an men ki pa nan liv la.]*

1. *[Chwazi 6 elèv. Mande yo ki desen yo fè epi ak ki son li komanse. Sonje, chwazi 3 ti fi ak 3 ti gason, devan, nan mitan epi dèyè.]*
2. *[Pase nan mitan elèv yo. Mande yon ti fi ak yon ti gason montre klas la imaj yo fè a.]*

Aktivite 2 Konesans son lèt ak kapasite ekri lèt

Nou pral ekri lèt yo poukont nou an miniskil ak an majiskil.

1. *[Mande elèv yo ekri an miniskil lèt premye son ki nan non imaj yo anlè desen yo.]*
2. *[Mande yo ekri an majiskil lèt premye son ki nan non imaj yo sou kote lèt miniskil yo te ekri yo.]*
3. *[Pase gade kijan elèv yo ekri lèt yo pou w ka ba yo fidbak. Ou dwe gade travay 6 elèv pou pipiti. Si 2 oubyen plis nan 6 elèv yo pa remèt yon travay kòrèk, ou dwe pran yon tan nan jounen an oswa demen pou anseye ankò lèt ki ba yo difikilte a. Si kantite elèv la pi piti pase sa, ede sa ki gen difikilte yo youn apre lòt.]*

Aktivite 3 Ekri mo ak fraz

a. Ekri mo

Nou pral itilize son ak non lèt nou konnen yo pou nou eple ak ekri mo. Mwen pral di kèk mo epi n ap di tout son ki nan mo yo pandan n ap ekri yo.

Tou pa m

– Premye mo a se **danje**. M ap di tout son ki nan mo a pandan m ap ekri yo.
– **/d/ /an/ /j/ /e/**

Ann fè l ansanm

– Ann di tout son yo pandan n ap ekri yo.
– **danje = /d/ /an/ /j/ /e/**

Se tou pa nou

– Ann ekri mo a ankò.
– **danje = /d/ /an/ /j/ /e/**
– Di tout son ki nan mo yo pandan n ap ekri yo.
– Men yon lòt mo : **domaje**.
– Ann kontinye ak kèk lòt mo *[bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo]* **garaj, jaden, jid**.

N.B. - Pase gade travay elèv yo pou w ka ba yo fidbak. Ou dwe gade travay 6 elèv pou pipiti, epi 4 nan 6 elèv yo ta dwe remèt yon travay kòrèk. Si se pa sa, ede klas la fè li korèkteman.

b. Chèche lèt mwen an

Kounye a nou pral chèche lèt D ak J nan mo nou sot ekri yo. Lèt yo kapab an miniskil oubyen an majiskil.

1. *Mete yon wonn sou tout **D** ou ka jwenn nan mo ou sot ekri yo.*
2. *Fè yon kwa sou tout **J** ou ka jwenn nan mo ou sot ekri yo.*

[Nan chak etap, verifye travay 3 ti fi ak 3 ti gason devan, nan mitan epi dèyè nan klas la. Ede yo si yo gen difikilte. Si gen 2 oubyen plis nan 6 elèv ki pa ka jwenn youn nan lèt yo, fè yon lòt aktivite pou tout elèv ka wè kòman pou yo jwenn lèt sa yo nan mo.]

c. Ekri fraz

Nou pral sèvi ak mo nou konnen yo pou nou ekri fraz. Mwen pral di kèk mo an dezòd. Apre sa n ap ranje yo pou nou fè fraz ak yo.

Tou pa m

– Premye gwoup mo a se: **Jip, rad, se, fi**.
– M ap ranje mo yo pou m fè fraz la.
– Fraz la se : **Jip se rad fi**.

Ann fè l ansanm

– Yon lòt gwoup mo se : **Jorès, blan, gen, dan**.
– Fraz la se : **Jorès gen dan blan**.

Se tou pa nou

– Gwoup mo a se : **konn, Jako, jape, pa**.
– Fè fraz la.
– Men yon lòt gwoup mo : **Jàn, ouvè, depo, toujou, a**.
– Fè fraz la.
– *[Apre elèv yo fin fè fraz yo, ekri fraz yo sou tablo pou yo kapab verifye nan kaye yo.*
Fraz yo : **Jako pa konn jape**. **Jàn toujou ouvè depo a**.*]*

Aktivite 4 Lekti

Nan leson anvan yo nou te aprann li mo ak fraz. Kounye a nou pral sèvi ak kapasite sa yo pou nou li istwa byen fasil.

Nou pral li de istwa.

1. *[Fè yo li premye istwa a ansanm. Mande yo li fò epi verifye si yo pa fè anpil erè. Si se pi piti pase 4 mo yo pa ka li, yo pare pou yo li poukont yo.]*
2. *[Apre ou fin verifye sa, ou ka mande yo li dezyèm istwa a de pa de pandan yo rete chita nan plas yo. Pase nan mitan elèv yo epi koute de elèv byen.]*
   a. ***Si yo li 8 mo byen nan 10 mo :*** *ret tann tout elèv fin li epi mande yo li dezyèm istwa a poukont yo.*
   b. ***Si yo pa ka li 8 mo nan 10 mo*** *: li istwa ansanm avèk klas la de fwa dousman pandan y ap swiv ak dwèt yo nan liv pa yo. Note sa tou, epi pale ak ankadrè a sou kòman ou ka ede elèv yo amelyore.*

Aktivite 5 **Kesyon sou istwa yo**

[Lè elèv yo fin li istwa a, si rete tan toujou, poze kesyon sa yo.]

Koute kesyon sa sou **premye** istwa ou te li.

1. De kiyès y ap pale ?
2. Ki sa Dodo bwè ?

Koute kesyon sa sou **dezyèm** istwa ou te li.

1. Ki sa Jidit Keyi ?
2. Ki sa Jidit ak Dede fè ?

Jodi a se leson revizyon. Nou pral revize konbinezon lèt **Ch** ak lèt **Z**. Nou dakò? *[Mande elèv yo ouvri kaye ekriti yo nan paj peryòd revizyon **Ch** ak **Z**.]*

Aktivite 1 Konsyans fonemik

Nan bwat la, fè desen yon imaj ki kòmanse ak son **/ch/**. *[Bay elèv yo 2 minit pou yo desinen yon imaj ki kòmanse ak son an men ki pa nan liv la.]*

1. *[Chwazi 6 elèv. Mande yo ki desen yo fè epi ak ki son li kòmanse. Sonje, chwazi 3 ti fi ak 3 ti gason, devan, nan mitan, epi dèyè.]*
2. *[Pase nan mitan elèv yo. Mande yon ti fi ak yon ti gason montre klas la imaj yo fè a.]*

Nan bwat la, fè desen yon imaj ki kòmanse ak son **/z/**. *[Bay elèv yo 2 minit pou desinen yon imaj ki kòmanse ak son an men ki pa nan liv la.]*

1. *[Chwazi 6 elèv. Mande yo ki desen yo fè epi ak ki son li komanse. Sonje, chwazi 3 ti fi ak 3 ti gason, devan, nan mitan epi dèyè.]*
2. *[Pase nan mitan elèv yo. Mande yon ti fi ak yon ti gason montre klas la imaj yo fè.]*

Aktivite 2 Konesans son lèt ak kapasite ekri lèt

Nou pral ekri lèt yo poukont nou an miniskil ak an majiskil.

1. *[Mande elèv yo ekri an miniskil lèt premye son ki nan non imaj yo anlè desen yo.]*
2. *[Mande yo ekri an majiskil lèt premye son ki nan non imaj yo sou kote lèt miniskil yo te ekri yo.]*
3. *[Pase gade kijan elèv yo ekri lèt yo pou w ka ba yo fidbak. Ou dwe gade travay 6 elèv pou pipiti. Si 2 oubyen plis nan 6 elèv yo pa remèt yon travay kòrèk, ou dwe pran yon tan nan jounen an oswa demen pou anseye ankò lèt ki ba yo difikilte a. Si kantite elèv la pi piti pase sa, ede sa ki gen difikilte yo youn apre lòt.]*

Aktivite 3 Ekri mo ak fraz

a. Ekri mo

Nou pral itilize son ak non lèt nou konnen yo pou nou eple ak ekri mo. Mwen pral di kèk mo epi n ap di tout son ki nan mo yo pandan n ap ekri yo.

Tou pa m

– Premye mo a se **chou**. M ap di tout son ki nan mo a pandan m ap ekri yo.
– **/ch/ /ou/**

Ann fè l ansanm

– Ann di tout son yo pandan n ap ekri yo.
– **chou = /ch/ /ou/**

Se tou pa nou

– Ann ekri mo a ankò.
– **chou = /ch/ /ou/**
– Di tout son ki nan mo yo pandan n ap ekri yo.
– Men yon lòt mo : **chen**.
– Ann kontinye ak kèk lòt mo *[bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo]* **zanj, zile, chalè**.

N.B. - Pase gade travay elèv yo pou w ka ba yo fidbak. Ou dwe gade travay 6 elèv pou pipiti, epi 4 nan 6 elèv yo ta dwe remèt yon travay kòrèk. Si se pa sa, ede klas la fè li korèkteman.

b. Chèche lèt mwen an

Kounye a nou pral chèche konbinezon lèt Ch ak lèt Z nan mo nou sot ekri yo. Lèt yo kapab an miniskil oubyen an majiskil.

1. *Mete yon wonn sou tout **Ch** ou ka jwenn nan mo ou sot ekri yo.*
2. *Fè yon kwa sou tout **Z** ou ka jwenn nan mo ou sot ekri yo.*

[Nan chak etap, verifye travay 3 ti fi ak 3 ti gason devan, nan mitan epi dèyè nan klas la. Ede yo si yo gen difikilte. Si gen 2 oubyen plis nan 6 elèv ki pa ka jwenn youn nan lèt yo, fè yon lòt aktivite pou tout elèv ka wè kòman pou yo jwenn lèt sa yo nan mo.]

c. Ekri fraz

Nou pral sèvi ak mo nou konnen yo pou nou ekri fraz. Mwen pral di kèk mo an dezòd. Apre sa n ap ranje yo pou nou fè fraz ak yo.

Tou pa m

– Premye gwoup mo a se : **chou, gen, Zile, a**.
– M ap ranje mo yo pou m fè fraz la.
– Fraz la se : **Zile a gen chou**.

Ann fè l ansanm

– Yon lòt gwoup mo se : **zanmi, se, moun, Chen**.
– Fraz la se : **Chen se zanmi moun**.

Se tou pa nou

– Gwoup mo a se : **chalè, renmen, pa, Jan**.
– Fè fraz la.
– Men yon lòt gwoup mo : **vwazen, nou, Chal, se**.
– Fè fraz la.
– *[Apre elèv yo fin fè fraz yo, ekri fraz yo sou tablo pou yo kapab verifye nan kaye yo.*
Fraz yo : **Jan pa renmen chalè**. **Chal se vwazen nou**.*]*

Aktivite 4 Lekti

Nan leson anvan yo nou te aprann li mo ak fraz. Kounye a nou pral sèvi ak kapasite sa yo pou nou li istwa byen fasil.

Nou pral li de istwa.

1. *[Fè yo li premye istwa a ansanm. Mande yo li fò epi verifye si yo pa fè anpil erè. Si se pi piti pase 4 mo yo pa ka li, yo pare pou yo li poukont yo.]*
2. *[Apre ou fin verifye sa, ou ka mande yo li dezyèm istwa a de pa de pandan yo rete chita nan plas yo. Pase nan mitan elèv yo epi koute de elèv byen.]*
   a. ***Si yo li 8 mo byen nan 10 mo :*** *ret tann tout elèv fin li epi mande yo li dezyèm istwa a poukont yo.*
   b. ***Si yo pa ka li 8 mo nan 10 mo*** *: li istwa ansanm avèk klas la de fwa dousman pandan y ap swiv ak dwèt yo nan liv pa yo. Note sa tou, epi pale ak ankadrè a sou kòman ou ka ede elèv yo amelyore.*

Aktivite 5 Kesyon sou istwa yo

[Lè elèv yo fin li istwa a, si rete tan toujou, poze kesyon sa yo.]

Koute kesyon sa sou **premye** istwa ou te li.

1. De kiyès istwa a pale ?
2. Ki sa li bay chen an ?
3. Ki sa li bay chat la ?

Koute kesyon sa sou **dezyèm** istwa ou te li.

1. De kiyès istwa a pale ?
2. Ki sa li bay chen an ?
3. Ki sa li bay chat la ?

Liv lekti elèv la, paj 120.
Liv ekriti elèv la, paj 116-117.

Jodi a se leson revizyon. Nou pral revize lèt **Wa** ak konbinezon lèt **Yi**. Nou dakò? *[Mande elèv yo ouvri kaye ekriti yo nan paj peryòd revizyon **Wa** ak **Yi**.]*

Aktivite 1 Konsyans fonemik

Nan bwat la, fè desen yon imaj ki kòmanse ak son **/wa/**. *[Bay elèv yo 2 minit pou yo desinen yon imaj ki kòmanse ak son an men ki pa nan liv la.]*

1. *[Chwazi 6 elèv. Mande yo ki desen yo fè epi ak ki son li kòmanse. Sonje, chwazi 3 ti fi ak 3 ti gason, devan, nan mitan, epi dèyè.]*
2. *[Pase nan mitan elèv yo. Mande yon ti fi ak yon ti gason montre klas la imaj yo fè a.]*

Nan bwat la, fè desen yon imaj ki kòmanse ak son **/yi/**. *[Bay elèv yo 2 minit pou desinen yon imaj ki kòmanse ak son an men ki pa nan liv la.]*

1. *[Chwazi 6 elèv. Mande yo ki desen yo fè epi ak ki son li komanse. Sonje, chwazi 3 ti fi ak 3 ti gason, devan, nan mitan epi dèyè.]*
2. *[Pase nan mitan elèv yo. Mande yon ti fi ak yon ti gason montre klas la imaj yo fè.]*

Aktivite 2 Konesans son lèt ak kapasite ekri lèt

Nou pral ekri lèt yo poukont nou an miniskil ak an majiskil.

1. *[Mande elèv yo ekri an miniskil lèt premye son ki nan non imaj yo anlè desen yo.]*
2. *[Mande yo ekri an majiskil lèt premye son ki nan non imaj yo sou kote lèt miniskil yo te ekri yo.]*
3. *[Pase gade kijan elèv yo ekri lèt yo pou w ka ba yo fidbak. Ou dwe gade travay 6 elèv pou pipiti. Si 2 oubyen plis nan 6 elèv yo pa remèt yon travay kòrèk, ou dwe pran yon tan nan jounen an oswa demen pou anseye ankò lèt ki ba yo difikilte a. Si kantite elèv la pi piti pase sa, ede sa ki gen difikilte yo youn apre lòt.]*

Aktivite 3 Ekri mo ak fraz

a. Ekri mo

Nou pral itilize son ak non lèt nou konnen yo pou nou eple ak ekri mo. Mwen pral di kèk mo epi n ap di tout son ki nan mo yo pandan n ap ekri yo.

Tou pa m

– Premye mo a se **wotè**. M ap di tout son ki nan mo a pandan m ap ekri yo.
– **/w/ /o/ /t/ /è/**

Ann fè l ansanm

– Ann di tout son yo pandan n ap ekri yo.
– **wotè = /w/ /o/ /t/ /è/**

Se tou pa nou

– Ann ekri mo a ankò.
– **wotè = /w/ /o/ /t/ /è/**
– Di tout son ki nan mo yo pandan n ap ekri yo.
– Men yon lòt mo : **wonn**.
– Ann kontinye ak kèk lòt mo *[bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo]* **waf, yanm, apiye, Ayiti, bouyon, fyète**.

N.B. - Pase gade travay elèv yo pou w ka ba yo fidbak. Ou dwe gade travay 6 elèv pou pipiti, epi 4 nan 6 elèv yo ta dwe remèt yon travay kòrèk. Si se pa sa, ede klas la fè li korèkteman.

b. Chèche lèt mwen an

Kounye a nou pral chèche lèt Wa konbinezon lèt Yi nan mo nou sot ekri yo. Lèt yo kapab an miniskil oubyen an majiskil.

1. *Mete yon wonn sou tout **Wa** ou ka jwenn nan mo ou sot ekri yo.*
2. *Fè yon kwa sou tout **Yi** ou ka jwenn nan mo ou sot ekri yo.*

[Nan chak etap, verifye travay 3 ti fi ak 3 ti gason devan, nan mitan epi dèyè nan klas la. Ede yo si yo gen difikilte. Si gen 2 oubyen plis nan 6 elèv ki pa ka jwenn youn nan lèt yo, fè yon lòt aktivite pou tout elèv ka wè kòman pou yo jwenn lèt sa yo nan mo.]

c. Ekri fraz

Nou pral sèvi ak mo nou konnen yo pou nou ekri fraz. Mwen pral di kèk mo an dezòd. Apre sa n ap ranje yo pou nou fè fraz ak yo.

Tou pa m

– Premye gwoup mo a se : **pwa, Kiltivatè, keyi, yo, ap**.
– M ap ranje mo yo pou m fè fraz la.
– Fraz la se : **Kiltivatè yo ap keyi pwa**.

Ann fè l ansanm

– Yon lòt gwoup mo se : **avyon, Wadli, vwayaje, nan**.
– Fraz la se : **Wadli vwayaje nan avyon**.

Se tou pa nou

– Gwoup mo a se : **janvye, premye, Yonèl, fèt**.
– Fè fraz la.
– Men yon lòt gwoup mo : **bonè, maten, reveye, an, Wilson**.
– Fè fraz la.
– *[Apre elèv yo fin fè fraz yo, ekri fraz yo sou tablo pou yo kapab verifye nan kaye yo.*
Fraz yo : **Yonèl fèt premye janvye**. **Wilson reveye bonè maten an**.*]*

Aktivite 4 Lekti

Nan leson anvan yo nou te aprann li mo ak fraz. Kounye a nou pral sèvi ak kapasite sa yo pou nou li istwa byen fasil.

Nou pral li de istwa.

1. *[Fè yo li premye istwa a ansanm. Mande yo li fò epi verifye si yo pa fè anpil erè. Si se pi piti pase 4 mo yo pa ka li, yo pare pou yo li poukont yo.]*
2. *[Apre ou fin verifye sa, ou ka mande yo li dezyèm istwa a de pa de pandan yo rete chita nan plas yo. Pase nan mitan elèv yo epi koute de elèv byen.]*
   a. *Si yo li 8 mo byen nan 10 mo : ret tann tout elèv fin li epi mande yo li dezyèm istwa a poukont yo.*
   b. *Si yo pa ka li 8 mo nan 10 mo : li istwa ansanm avèk klas la de fwa dousman pandan y ap swiv ak dwèt yo nan liv pa yo. Note sa tou, epi pale ak ankadrè a sou kòman ou ka ede elèv yo amelyore.*

Aktivite 5 **Kesyon sou istwa yo**

[Lè elèv yo fin li istwa a, si rete tan toujou, poze kesyon sa yo.]

Koute kesyon sa sou **premye** istwa ou te li.

1. De kiyès istwa a pale ?
2. Kisa Antwanèt vann ?
3. Ki kalite Antwanèt genyen ?

Koute kesyon sa sou **dezyèm** istwa ou te li.

1. Kilès ki renmen danse ?
2. Kisa li mete nan cheve l ?
3. Ak kilès li danse ?

Jodi a se leson revizyon. Nou pral revize lèt **Pr** ak konbinezon lèt **Dl**. Nou dakò? *[Mande elèv yo ouvri kaye ekriti yo nan paj peryòd revizyon **Pr** ak **Dl**.]*

Aktivite 1 Konsyans fonemik

Nan bwat la, fè desen yon imaj ki kòmanse ak son **/pr/**. *[Bay elèv yo 2 minit pou yo desinen yon imaj ki kòmanse ak son an men ki pa nan liv la.]*

1. *[Chwazi 6 elèv. Mande yo ki desen yo fè epi ak ki son li kòmanse. Sonje, chwazi 3 ti fi ak 3 ti gason, devan, nan mitan, epi dèyè.]*
2. *[Pase nan mitan elèv yo. Mande yon ti fi ak yon ti gason montre klas la imaj yo fè a.]*

Nan bwat la, fè desen yon imaj ki kòmanse ak son **/dl/**. *[Bay elèv yo 2 minit pou desinen yon imaj ki kòmanse ak son an men ki pa nan liv la.]*

1. *[Chwazi 6 elèv. Mande yo ki desen yo fè epi ak ki son li komanse. Sonje, chwazi 3 ti fi ak 3 ti gason, devan, nan mitan epi dèyè.]*
2. *[Pase nan mitan elèv yo. Mande yon ti fi ak yon ti gason montre klas la imaj yo fè.]*

Aktivite 2 Konesans son lèt ak kapasite ekri lèt

Nou pral ekri lèt yo poukont nou an miniskil ak an majiskil.

1. *[Mande elèv yo ekri an miniskil lèt premye son ki nan non imaj yo anlè desen yo.]*
2. *[Mande yo ekri an majiskil lèt premye son ki nan non imaj yo sou kote lèt miniskil yo te ekri yo.]*
3. *[Pase gade kijan elèv yo ekri lèt yo pou w ka ba yo fidbak. Ou dwe gade travay 6 elèv pou pipiti. Si 2 oubyen plis nan 6 elèv yo pa remèt yon travay kòrèk, ou dwe pran yon tan nan jounen an oswa demen pou anseye ankò lèt ki ba yo difikilte a. Si kantite elèv la pi piti pase sa, ede sa ki gen difikilte yo youn apre lòt.]*

Aktivite 3 Ekri mo ak fraz

a. Ekri mo

Nou pral itilize son ak non lèt nou konnen yo pou nou eple ak ekri mo. Mwen pral di kèk mo epi n ap di tout son ki nan mo yo pandan n ap ekri yo.

Tou pa m

– Premye mo a se **premye**. M ap di tout son ki nan mo a pandan m ap ekri yo.
– **/p/ /r/ /e/ /m/ /y/ /e/**

Ann fè l ansanm

– Ann di tout son yo pandan n ap ekri yo.
– **premye = /p/ /r/ /e/ /m/ /y/ /e/**

Se tou pa nou

– Ann ekri mo a ankò.
– **premye = /p/ /r/ /e/ /m/ /y/ /e/**
– Di tout son ki nan mo yo pandan n ap ekri yo.
– Men yon lòt mo : **kriye**.
– Ann kontinye ak kèk lòt mo *[bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo]* **grenadya, fritay, trankil, dlo, planèt, flanm, vlope, blayi**.

N.B. - Pase gade travay elèv yo pou w ka ba yo fidbak. Ou dwe gade travay 6 elèv pou pipiti, epi 4 nan 6 elèv yo ta dwe remèt yon travay kòrèk. Si se pa sa, ede klas la fè li korèkteman.

b. Chèche lèt mwen an

Kounye a nou pral chèche lèt Pr konbinezon lèt Dl nan mo nou sot ekri yo. Lèt yo kapab an miniskil oubyen an majiskil.

1. *Mete yon wonn sou tout **Pr** ou ka jwenn nan mo ou sot ekri yo.*
2. *Fè yon kwa sou tout **Dl** ou ka jwenn nan mo ou sot ekri yo.*

[Nan chak etap, verifye travay 3 ti fi ak 3 ti gason devan, nan mitan epi dèyè nan klas la. Ede yo si yo gen difikilte. Si gen 2 oubyen plis nan 6 elèv ki pa ka jwenn youn nan lèt yo, fè yon lòt aktivite pou tout elèv ka wè kòman pou yo jwenn lèt sa yo nan mo.]

c. Ekri fraz

Nou pral sèvi ak mo nou konnen yo pou nou ekri fraz. Mwen pral di kèk mo an dezòd. Apre sa n ap ranje yo pou nou fè fraz ak yo.

Tou pa m

- Premye gwoup mo a se : **vle, devan, plas, Fleran, pran**.
- M ap ranje mo yo pou m fè fraz la.
- Fraz la se : **Fleran vle pran plas devan**.

Ann fè l ansanm

- Yon lòt gwoup mo se : **dlo, a, bliye, Blèz, pran**.
- Fraz la se : **Blèz bliye pran dlo a**.

Se tou pa nou

- Gwoup mo a se : **prese, mache, Frenèl, ap**.
- Fè fraz la.
- Men yon lòt gwoup mo : **renmen, griyo, Trevis, ak, akra**.
- Fè fraz la.
- *[Apre elèv yo fin fè fraz yo, ekri fraz yo sou tablo pou yo kapab verifye nan kaye yo.*
  Fraz yo : **Frenèl ap mache prese**. **Trevis renmen griyo ak akra**.*]*

Aktivite 4 Lekti

Nan leson anvan yo nou te aprann li mo ak fraz. Kounye a nou pral sèvi ak kapasite sa yo pou nou li istwa byen fasil.

Nou pral li de istwa.

1. *[Fè yo li premye istwa a ansanm. Mande yo li fò epi verifye si yo pa fè anpil erè. Si se pi piti pase 4 mo yo pa ka li, yo pare pou yo li poukont yo.]*
2. *[Apre ou fin verifye sa, ou ka mande yo li dezyèm istwa a de pa de pandan yo rete chita nan plas yo. Pase nan mitan elèv yo epi koute de elèv byen.]*
   a. ***Si yo li 8 mo byen nan 10 mo :*** *ret tann tout elèv fin li epi mande yo li dezyèm istwa a poukont yo.*
   b. ***Si yo pa ka li 8 mo nan 10 mo*** *: li istwa ansanm avèk klas la de fwa dousman pandan y ap swiv ak dwèt yo nan liv pa yo. Note sa tou, epi pale ak ankadrè a sou kòman ou ka ede elèv yo amelyore.*

Aktivite 5 **Kesyon sou istwa yo**

[Lè elèv yo fin li istwa a, si rete tan toujou, poze kesyon sa yo.]

Koute kesyon sa sou **premye** istwa ou te li.

1. Kiyès ki gripe a ?
2. Sant ki manje li pran ?
3. Kisa Frenèl di grann Prima ?

Koute kesyon sa sou **dezyèm** istwa ou te li.

1. De kiyès istwa a pale ?
2. Kisa li te vle fè ?
3. Kibò l al flannen ?

Liv lekti elèv la, paj 122-123.
Liv ekriti elèv la, paj 120-121.

Jodi a se leson revizyon. Nou pral revize lèt **Any** ak konbinezon lèt **Ui**. Nou dakò? *[Mande elèv yo ouvri kaye ekriti yo nan paj peryòd revizyon **Any** ak **Ui**.]*

Aktivite 1 Konsyans fonemik

Nan bwat la, fè desen yon imaj ki kòmanse ak son **/any/**. *[Bay elèv yo 2 minit pou yo desinen yon imaj ki kòmanse ak son an men ki pa nan liv la.]*

1. *[Chwazi 6 elèv. Mande yo ki desen yo fè epi ak ki son li kòmanse. Sonje, chwazi 3 ti fi ak 3 ti gason, devan, nan mitan, epi dèyè.]*
2. *[Pase nan mitan elèv yo. Mande yon ti fi ak yon ti gason montre klas la imaj yo fè a.]*

Nan bwat la, fè desen yon imaj ki kòmanse ak son **/ui/**. *[Bay elèv yo 2 minit pou desinen yon imaj ki kòmanse ak son an men ki pa nan liv la.]*

1. *[Chwazi 6 elèv. Mande yo ki desen yo fè epi ak ki son li komanse. Sonje, chwazi 3 ti fi ak 3 ti gason, devan, nan mitan epi dèyè.]*
2. *[Pase nan mitan elèv yo. Mande yon ti fi ak yon ti gason montre klas la imaj yo fè.]*

Aktivite 2 Konesans son lèt ak kapasite ekri lèt

Nou pral ekri lèt yo poukont nou an miniskil ak an majiskil.

1. *[Mande elèv yo ekri an miniskil lèt premye son ki nan non imaj yo anlè desen yo.]*
2. *[Mande yo ekri an majiskil lèt premye son ki nan non imaj yo sou kote lèt miniskil yo te ekri yo.]*
3. *[Pase gade kijan elèv yo ekri lèt yo pou w ka ba yo fidbak. Ou dwe gade travay 6 elèv pou pipiti. Si 2 oubyen plis nan 6 elèv yo pa remèt yon travay kòrèk, ou dwe pran yon tan nan jounen an oswa demen pou anseye ankò lèt ki ba yo difikilte a. Si kantite elèv la pi piti pase sa, ede sa ki gen difikilte yo youn apre lòt.]*

Aktivite 3 Ekri mo ak fraz

a. Ekri mo

Nou pral itilize son ak non lèt nou konnen yo pou nou eple ak ekri mo. Mwen pral di kèk mo epi n ap di tout son ki nan mo yo pandan n ap ekri yo.

Tou pa m

– Premye mo a se **ray**. M ap di tout son ki nan mo a pandan m ap ekri yo.
– **/r/ /a/ /y/**

Ann fè l ansanm

– Ann di tout son yo pandan n ap ekri yo.
– **ray = /r/ /a/ /y/**

Se tou pa nou

– Ann ekri mo a ankò.
– **ray = /r/ /a/ /y/**
– Di tout son ki nan mo yo pandan n ap ekri yo.
– Men yon lòt mo : **manyen**.
– Ann kontinye ak kèk lòt mo *[bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo]* **wouy, fay, mouye, tousuit, lewogàn , plèn, zòn, biskuit**.

N.B. - Pase gade travay elèv yo pou w ka ba yo fidbak. Ou dwe gade travay 6 elèv pou pipiti, epi 4 nan 6 elèv yo ta dwe remèt yon travay kòrèk. Si se pa sa, ede klas la fè li korèkteman.

b. Chèche lèt mwen an

Kounye a nou pral chèche lèt Any konbinezon lèt Ui nan mo nou sot ekri yo. Lèt yo kapab an miniskil oubyen an majiskil.

1. *Mete yon wonn sou tout **Any** ou ka jwenn nan mo ou sot ekri yo.*
2. *Fè yon kwa sou tout **Ui** ou ka jwenn nan mo ou sot ekri yo.*

[Nan chak etap, verifye travay 3 ti fi ak 3 ti gason devan, nan mitan epi dèyè nan klas la. Ede yo si yo gen difikilte. Si gen 2 oubyen plis nan 6 elèv ki pa ka jwenn youn nan lèt yo, fè yon lòt aktivite pou tout elèv ka wè kòman pou yo jwenn lèt sa yo nan mo.]

c. Ekri fraz

Nou pral sèvi ak mo nou konnen yo pou nou ekri fraz. Mwen pral di kèk mo an dezòd. Apre sa n ap ranje yo pou nou fè fraz ak yo.

Tou pa m

- Premye gwoup mo a se : **lannuit, mache, pa, Chany**.
- M ap ranje mo yo pou m fè fraz la.
- Fraz la se : **Chany pa mache lannuit**.

Ann fè l ansanm

- Yon lòt gwoup mo se : **dife, a, manyen, Pa**.
- Fraz la se : **Pa manyen dife a**.

Se tou pa nou

- Gwoup mo a se : **rive, Mwen, a, minui, Titanyen**.
- Fè fraz la.
- Men yon lòt gwoup mo : **Panyen, zuit, plen, an**.
- Fè fraz la.
- *[Apre elèv yo fin fè fraz yo, ekri fraz yo sou tablo pou yo kapab verifye nan kaye yo.*
  Fraz yo : **Mwen rive Titanyen rive a minui**. **Panyen an plen zuit**.*]*

Aktivite 4 Lekti

Nan leson anvan yo nou te aprann li mo ak fraz. Kounye a nou pral sèvi ak kapasite sa yo pou nou li istwa byen fasil.

Nou pral li de istwa.

1. *[Fè yo li premye istwa a ansanm. Mande yo li fò epi verifye si yo pa fè anpil erè. Si se pi piti pase 4 mo yo pa ka li, yo pare pou yo li poukont yo.]*
2. *[Apre ou fin verifye sa, ou ka mande yo li dezyèm istwa a de pa de pandan yo rete chita nan plas yo. Pase nan mitan elèv yo epi koute de elèv byen.]*
   a. *Si yo li 8 mo byen nan 10 mo : ret tann tout elèv fin li epi mande yo li dezyèm istwa a poukont yo.*
   b. *Si yo pa ka li 8 mo nan 10 mo : li istwa ansanm avèk klas la de fwa dousman pandan y ap swiv ak dwèt yo nan liv pa yo. Note sa tou, epi pale ak ankadrè a sou kòman ou ka ede elèv yo amelyore.*

Aktivite 5 **Kesyon sou istwa yo**

[Lè elèv yo fin li istwa a, si rete tan toujou, poze kesyon sa yo.]

Koute kesyon sa sou **premye** istwa ou te li.

1. Kisa ki klere ?
2. Poukisa timoun yo rele ?
3. Kiyès ki t ap vire won ?

Koute kesyon sa sou **dezyèm** istwa ou te li.

1. De kiyès istwa a pale ?
2. Kisa ton Etyèn te fè Simòn kado ?
3. Kisa bekàn Simòn nan genyen ?

Aktivite 1 Kontin

Tout timoun avanse, avanse
Nou pral nan mache
N ap machande, n ap achte
Makout chaje n ap tounen lakay
Wololoy, fè mache se bèl bagay.

Aktivite 2 Vizyalizasyon

Nou pral fè aktivite sou vizyalizasyon. Sa vle di nou pral sèvi ak yon mo oubyen yon istwa nou tande pou nou imajine oswa kreye yon imaj nan tèt nou.

a. Vizyalizayon : Yon sèl mo

Nou pral vizyalize yon mo. Sa vle di nou pral kreye yon imaj nan tèt nou sou mo a.

Tou pa m

– Mwen panse ak mo **boutik**.
– M ap imajine ki jan li ye, ki bò li ye ak ki moun ki ladann.
– **Mwen imajine yon boutik ki nan katye kote mwen rete a. Li gwo anpil. Li kouvri ak tòl. Anpil timoun ap achte sirèt ladann.**

Ann fè l ansanm

– Kounye a, nou pral vizyalize mo **boutik** la ansanm.
– Ann fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **boutik**. Chak moun ka imajine yon bagay ki diferan.
– Kounye a, ann pataje sa nou te imajine sou mo **boutik** la.
– Ki moun ki ka di sa li te imajine?
[Rele yon ti fi ak yon ti gason pou pataje imaj yo a.]

Se tou pa nou

– Kounye a, nou pral fè vizyalizasyon sou mo **sachè**. N ap imajine ki jan li ye, ki bò li ye ak ki sa ki ladann.
– Fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **sachè**.
– Chak timoun ap pataje ak zanmi ki chita bò kote li a sa li te imajine sou mo **sachè** a.
[Rele kèk elèv (3 ou 4) pou pataje imaj yo a. Li pwobab pou elèv yo pa imajine menm bagay.]

b. Koute Istwa + Vizyalizasyon yon pati nan Istwa

Jodi a nou pral koute yon istwa epi nou pral vizyalize sa nou koute. Sa vle di nou pral kreye imaj nan tèt nou.

ISTWA	*VIZYALIZE*
– *[Li premye pati nan istwa a dousman pou elèv yo.]* – **Manman al nan mache. Tout timoun ap tann li. Y ap sote kòd nan lakou a.**	– *[Di kisa ou imajine sou premye pati istwa a.]* – **Mwen imajine timoun yo sou gazon nan lakou a k ap sote kòd. Y ap pale anpil. Yo tout ap transpire nan figi yo.**

– *[Di :]* M ap kontinye li. Pandan m ap li a, fèmen je nou epi koute byen. Pa bliye eseye desine moun ak anviwònman yo nan tèt nou. – *[Li dezyèm pati istwa a pou elèv yo.]* – **Woy ! Men bourik la k ap ranni. Yo tout rele: « Men manman n. »** – *[Di :]* Kounye a, nou pral pataje sa nou te imajine sou pati istwa nou sot koute a. Ki moun ki ka di sa li te imajine nan tèt li ?	– *[Si elèv yo pa reponn, ou ka sèvi ak repons sa yo.]* – *[Egzanp si elèv yo pa reponn* *1. Yo ka imajine bourik la ki kanpe dèyè kay la chaje ak pwovizyon, k ap ranni* *2. Yo ka dekri mouvman timoun yo ap fè lè yo sote sou manman yo, y ap goumen pou yo pran sachè a, desepsyon yo lè yo wè sachè a vid.]*

– *[Li dènyè pati istwa a.]* – *[Di :]* Mwen pral kontinye li. Pandan m ap li a, fèmen je nou epi vizyalize sa nou koute. – **Manman desann ak yon sachè. Yo kouri pran l, pa gen sirèt. Li di yo : « Pran makout la dèyè a. »** – *[Apre sa a, di :]* Kounye a, nou pral pataje ak zanmi ki chita bò kote nou an imaj ki nan tèt nou an. – Ki moun ki ka di kisa li te imajine nan tèt li? – *[Mande kèk elèv (3 ou 4) pou pataje imaj yo a. Li pwobab pou elèv yo pa imajine menm bagay].*	

Aktivite 3 Vokabilè

Nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : ranni

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **ranni** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **ranni** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **ranni vle di kri bourik ak cheval fè**.
3. Kisa mo **ranni** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*

b. Dezyèm mo a se : makout

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **makout** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **makout** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **makout vle di yon ti sak an pay**.
3. Kisa mo **makout** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.
M ap fè yon mouvman ak figi m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*
Baye. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di* « *baye* »**.** *Chwazi twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

1. bat je w
2. baye
3. souri
4. fikse je w
5. fwonse sousi w
6. Fè grimas
7. File lang
8. Twouse nen
9. Lonje bouch
10. Gonfle machwè

Aktivite 4 Lekti mo

a. Marye son yo pou fòme mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/t/ /an/ /n/ = tann**	– **/t/ /an/ /n/ = tann**	– **/t/ /an/ /n/ = tann** – Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **kòd, yo, men, di**.

b. Marye son pou fòme mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/l/ /a/ /k/ /ou/ = lakou**	– **/l/ /a/ /k/ /ou/ = lakou**	– **/l/ /a/ /k/ /ou/ = lakou** – Ann kontinye ak lòt mo **bourik, desann, sachè, makout**.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj leson an pou nou li liy pwason an. *[Pandan elèv yo ap li, mèt la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]*

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.
M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*
Panche a dwat. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di panche a dwat. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

1. Panche a dwat
2. Panche a goch
3. Panche devan
4. Kage sou do
5. Vire tèt ou a goch a dwat
6. Pliye kò nou
7. Yon ti vole
8. Kanpe rèd
9. Yon ti danse
10. Souke kò nou

Aktivite 5 Ekriti

[Mande elèv yo ouvri liv la nan pati « M ap pale de tèt mwen. » Y ap sèvi ak paj ki gen aktivite sa a.]

Kounye a, nou pral konplete fraz ki manke mo. *[Ekri sou tablo a: Mwen renmen zanmi mwen_____. Li _____. Apre sa, ekri* **Jàn** *ak* **dosil** *sou tirè yo.* **R- Mwen renmen zanmi mwen Jàn. Li dosil.** *Fè elèv yo pratike nan kaye yo.]*

Aktivite pou Ranfòse

Fè fraz la

Pou ki sa : Konesans lèt enprime, direksyon, prensip alfabetik.
Materyèl : papye pou ekri mo poukont yo sou li.
Kouman pou fè sa :
1. *Ekri yon ti fraz kout ak mo yo abitye tankou « Jodi a se Lendi ». Oswa sèvi ak kontin yo fèk aprann.*
2. *Ekri chak mo sou yon papye poukont yo. Mete vigil oswa lòt ponktiyasyon yo sou papye poukont yo tou.*
3. *Bay elèv yo mo yo epi di yo mo a.*
   Egzanp : « Jòj ou se mo **Jodi a**. *Anita ou se mo* **Se**. *Stefani ou se mo* **Lendi**. *Jozèf ou se* **pwen an**. *»*
4. *Mande elèv yo travay ansanm pou yo ranje tèt yo an fraz.*
5. *Fè lòt elèv yo li fraz la pou verifye direksyon ak lòd li.*

Aktivite 1 Kontin

Tout timoun avanse, avanse
Nou pral nan mache
N ap machande, n ap achte
Makout chaje n ap tounen lakay
Wololoy, fè mache se bèl bagay.

Aktivite 2 Li mo ak fraz

a. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson an pou nou li liy bis la.

b. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj leson an pou nou li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj leson an pou nou li liy pwason an. *[Pandan elèv yo ap li, mèt la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]*

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.
M ap fè yon mouvman ak figi m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*
Baye. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di* « *baye* »**.** *Chwazi twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

1. bat je w
2. baye
3. souri
4. fikse je w
5. fwonse sousi w
6. Fè grimas
7. File lang
8. Twouse nen
9. Lonje bouch
10. Gonfle machwè

Aktivite 3 Vokabilè

a. Revizyon vokabilè

Kounye a nou pral revize vokabilè nou te aprann yo.

Yè nou te travay sou mo ranni

Kiyès ki ka di m ki sa mo **ranni** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

Yè nou te travay sou mo makout

Kiyès ki ka di m ki sa mo **makout** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

b. Ann fè fraz ak mo vokabilè yo

Nou pral sèvi ak mo vokabilè yo pou nou fè fraz.

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **ranni**. *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **makout**. *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

Aktivite 4 Li istwa

Yè nou te li istwa a ansanm. Jodi a nou pral li istwa a de pa de. Apre sa mwen pral mande kèk elèv li pou-kont yo. Sonje pou n mete dwèt nou anba chak mo pandan n ap li yo.

a. Lekti de pa de

[Mete elèv yo de pa de. Asire w yo swiv sa y ap li ak dwèt yo. Pase gade kòman y ap li. Ede kèk elèv dekode mo si yo gen difikilte.]

b. Lekti endividyèl

[Mande 6 elèv li yon pati nan istwa a (chwazi 3 ti gason epi 3 ti fi). Ede yo si yo gen difikilte.]

c. Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De ki moun istwa a pale ?
2. Ki sa timoun yo ap fè ?
3. Kibò y ap sote kòd la ?
4. Pou ki sa yo kouri pran sachè a ?

d. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive.

Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Timoun yo ap sote kòd nan lakou a.**
1. Tout moun mime fraz la.
2. *[Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]*

Aktivite pou Ranfòse

Koupe fraz

Pou ki sa : Konesans lèt enprime, prensip alfabetik.
Materyèl : Yon fraz nou abitye ki ekri sou yon fèy papye ki long.
Kouman pou fè sa :

1. *Li yon fraz yo abitye pou elèv yo fò.*
   Egzanp : « Non mwen se Jozèf. »
2. *Li fraz la ansanm. Lonje dwèt ou sou mo yo pandan w ap li.*
3. *Apre koupe fraz la mo pa mo.*
4. *Mande elèv yo pou yo fòme fraz la ankò.*
5. *Sipòte elèv yo ak kòmantè tankou :*
   Ki son ou tande nan kòmansman mo Jozèf la? [Tann yon repons.]
   Ki lèt ki fè son sa ? [Tann yon repons.]
   Kote mo ki kòmanse ak lèt sa ? [Tann yon repons.]
   Ki mo ki kòmanse ak lèt sa ? [Tann yon repons.]

Liv lekti elèv la, paj 126-127.
Liv ekriti elèv la, paj 141.

Aktivite 1 Kontin

Tout timoun avanse, avanse
Nou pral nan mache
N ap machande, n ap achte
Makout chaje n ap tounen lakay
Wololoy, fè mache se bèl bagay.

Aktivite 2 Vizyalizasyon

Nou pral fè aktivite sou vizyalizasyon. Sa vle di nou pral sèvi ak yon mo oubyen yon istwa nou tande pou nou imajine oswa kreye yon imaj nan tèt nou.

a. Vizyalizayon : Yon sèl mo

Nou pral vizyalize yon mo. Sa vle di nou pral kreye yon imaj nan tèt nou sou mo a.

Tou pa m

– Mwen panse ak mo **Lari**.
– M ap imajine ki jan li ye, ki bò li ye ak kòman li ye.
– **Mwen imajine lari a ki gen wòch men li pwòp. Li gen pyebwa chak kote, flè tonbe atè a.**

Ann fè l ansanm

– Kounye a, nou pral vizyalize mo **Lari** a ansanm.
– Ann fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **lari**. Chak moun ka imajine yon bagay ki diferan.
– Kounye a, ann pataje sa nou te imajine sou mo **lari** a.
– Ki moun ki ka di sa li te imajine ?
[Rele yon ti fi ak yon ti gason pou pataje imaj yo a.]

Se tou pa nou

– Kounye a, nou pral fè vizyalizasyon sou mo **granmoun**. N ap imajine ki jan li ye, ki bò li ye ak ki jan li ye.
– Fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **granmoun**.
– Chak timoun ap pataje ak zanmi ki chita bò kote li a sa li te imajine sou mo **granmoun** nan.
[Rele kèk elèv (3 ou 4) pou pataje imaj yo a. Li pwobab pou elèv yo pa imajine menm bagay.]

b. Koute Istwa + Vizyalizasyon yon pati nan Istwa

Jodi a nou pral koute yon istwa epi nou pral vizyalize sa nou koute. Sa vle di nou pral kreye imaj nan tèt nou.

ISTWA	*VIZYALIZE*
– *[Li premye pati nan istwa a dousman pou elèv yo.]* – **Ana, ala ti granmoun komik ! Li mete moun sou de ran bò lari a.**	– *[Di kisa ou imajine sou premye pati istwa a.]* – **Mwen imajine yon ti madanm kout. Li mare tèt li ak twa moso twal koulè diferan. Jip li long rive jis nan janm li epi li gen yon gwo bòt nan pye l. Mwen imajine moun yo ki kanpe de bò lari a y ap tande l. Y ap ri san rete.**
– *[Di :]* M ap kontinye li. Pandan m ap li a, fèmen je nou epi koute byen. Pa bliye eseye desine moun ak anviwònman yo nan tèt nou. – *[Li dezyèm pati istwa a pou elèv yo.]* – **Li rakonte istwa ki fè tout moun ri. Kè yo tout kontan. Tout sa k pase nan zòn nan tounen yon istwa.** – *[Di :]* Kounye a, nou pral pataje sa nou te imajine sou pati istwa nou sot koute a. Ki moun ki ka di sa li te imajine nan tèt li ?	– *[Si elèv yo pa reponn, ou ka sèvi ak repons sa yo.]* – *[Egzanp si elèv yo pa reponn* *1. Yo ka imajine emosyon moun yo lè l ap rakonte istwa* *2. Yo ka dekri kote yo reyini pou yo tande istwa a.]*
– *[Li dènyè pati istwa a.]* – *[Di :]* Mwen pral kontinye li. Pandan m ap li a, fèmen je nou epi vizyalize sa nou koute. – **Yon dimanch apremidi, tout moun ap tann li.O o ! Ana fè aksidan.** – *[Apre sa a, di :]* Kounye a, nou pral pataje ak zanmi ki chita bò kote nou an imaj ki nan tèt nou an. – Ki moun ki ka di kisa li te imajine nan tèt li? – *[Mande kèk elèv (3 ou 4) pou pataje imaj yo a. Li pwobab pou elèv yo pa imajine menm bagay].*	

Aktivite 3 Vokabilè

Nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : komik

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **komik** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **komik** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **komik vle di fè moun ri**.
3. Kisa mo **komik** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*

b. Dezyèm mo a se : aksidan

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **aksidan** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **aksidan** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **aksidan vle di malè ki rive**.
3. Kisa mo **aksidan** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.
M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*
Panche a dwat. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di panche a dwat. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

1. Panche a dwat
2. Panche a goch
3. Panche devan
4. Kage sou do
5. Vire tèt ou a goch a dwat
6. Pliye kò nou
7. Yon ti vole
8. Kanpe rèd
9. Yon ti danse
10. Souke kò nou

Aktivite 4 Lekti mo

a. Marye son yo pou fòme mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/r/ /an/ = ran**	– **/r/ /an/ = ran**	– **/r/ /an/ = ran** – Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **fè, ri, zòn, tout**.

b. Marye son pou fòme mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/g/ /r/ /an/ /m/ /ou/ /n/ = granmoun**	– **/g/ /r/ /an/ /m/ /ou/ /n/ = granmoun**	– **/g/ /r/ /an/ /m/ /ou/ /n/ = granmoun** – Ann kontinye ak lòt mo **rakonte, istwa, dimanch, aksidan**.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj leson an pou nou li liy pwason an. *[Pandan elèv yo ap li, mèt la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]*

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.
M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*
Souke tèt nou. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di souke tèt nou. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

1. Leve men nou
2. Fèmen men ou
3. Ouvè men ou
4. Lonje dwèt ou
5. Pran yon objè
6. Brase
7. Pouse

Aktivite 5 Ekriti

[Mande elèv yo ouvri liv la nan pati « M ap pale de tèt mwen. » Y ap sèvi ak paj ki gen aktivite sa a.]

Nou pral kontinye konplete fraz ki manke mo. *[Ekri sou tablo a: Mwen renmen zanmi mwen _____. Li_____. Nou konn jwe_____. Aprè sa, ekri* **Woni**, **mens**, *ak* **foutbòl**. **R - Mwen renmen zanmi mwen Woni. Li mens. Nou konn jwe foutbòl.** *Fè elèv yo pratike nan kaye yo. Y ap sevi ak modèl la pou ekri 2-3 fraz.]*

Aktivite pou Ranfòse

Simon Di
Sèvi ak : Konesans Alfabè
Materyèl : Kat oubyen bout papye ki gen lèt sou yo pou 3 a 4 e pataje.
Kouman pou fè sa :
1. *Divize elèv yo an gwoup 3 ou 4 elèv pou yo travay.*
2. *Mande chak gwoup pou yon elèv pran kat ki gen lèt pa li yo pou gwoup la sèvi.*
3. *Sèvi ak lòd Simon Di konsa :*
   « Simon di, touche lèt F la ak pous nou. »
   « Simon di, mete lèt S la atè. »
   « Simon di, montre moun ki agoch ou a lèt D a. »
4. *Si yon elèv fè yon erè tankou sèvi ak move lèt la oswa fè move jès la, ekip la elimine.*
5. *Dènye ekip ki rete a, se li ki genyen.*
   Nòt : Pandan y ap bay lòd Simon Di a, pwofesè yo ta dwe fè sa lòd la di a. Sa ap kore devlopman langaj elèv yo.

Aktivite 1 Kontin

Tout timoun avanse, avanse
Nou pral nan mache
N ap machande, n ap achte
Makout chaje n ap tounen lakay
Wololoy, fè mache se bèl bagay.

Aktivite 2 Li mo ak fraz

a. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson an pou nou li liy bis la.

b. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj leson an pou nou li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj leson an pou nou li liy pwason an. *[Pandan elèv yo ap li, mèt la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]*

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.
M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*
Panche a dwat. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di panche a dwat. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

1. Panche a dwat
2. Panche a goch
3. Panche devan
4. Kage sou do
5. Vire tèt ou a goch a dwat
6. Pliye kò nou
7. Yon ti vole
8. Kanpe rèd
9. Yon ti danse
10. Souke kò nou

Aktivite 3 Vokabilè

a. Revizyon vokabilè

Kounye a nou pral revize vokabilè nou te aprann yo.

Yè nou te travay sou mo komik

Kiyès ki ka di m ki sa mo **komik** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

Yè nou te travay sou mo aksidan

Kiyès ki ka di m ki sa mo **aksidan** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

b. Ann fè fraz ak mo vokabilè yo

Nou pral sèvi ak mo vokabilè yo pou nou fè fraz.

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **komik**. *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **aksidan**. *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

Aktivite 4 Li istwa

Yè nou te li istwa a ansanm. Jodi a nou pral li istwa a de pa de. Apre sa mwen pral mande kèk elèv li pou-kont yo. Sonje pou n mete dwèt nou anba chak mo pandan n ap li yo.

a. Lekti de pa de

[Mete elèv yo de pa de. Asire w yo swiv sa y ap li ak dwèt yo. Pase gade kòman y ap li. Ede kèk elèv dekode mo si yo gen difikilte.]

b. Lekti endividyèl

[Mande 6 elèv li yon pati nan istwa a (chwazi 3 ti gason epi 3 ti fi). Ede yo si yo gen difikilte.]

c. Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De ki moun istwa a pale ?
2. Ki sa l konn fè ?
3. Ki sa ki rive l ?

d. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive.

Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Tout moun ap ri.**
1. Tout moun mime fraz la.
2. *[Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]*

Aktivite pou Ranfòse

Mo pa janm fini

Pwofesè a ap di yon fraz epi l ap mande elèv yo reprann menm fraz la. Men chak fwa yon elèv di fraz la l ap chanje mo pwofesè a mande l la.
Egzanp : Mariz ak Filip konn **sote**. *[Elèv yo ap chanje* **sote** *ak yon lòt vèb ; yo ka di :* **jwe**, **li**, **etidye**, **chante**, **kouri**, *elatriye]*

Aktivite 1 Kontin

Tout timoun avanse, avanse
Nou pral nan mache
N ap machande, n ap achte
Makout chaje n ap tounen lakay
Wololoy, fè mache se bèl bagay.

Aktivite 2 Vizyalizasyon

Nou pral fè aktivite sou vizyalizasyon. Sa vle di nou pral sèvi ak yon mo oubyen yon istwa nou tande pou nou imajine oswa kreye yon imaj nan tèt nou.

a. Vizyalizayon : Yon sèl mo

Nou pral vizyalize yon mo. Sa vle di nou pral kreye yon imaj nan tèt nou sou mo a.

Tou pa m

- Mwen panse ak mo **kannal**.
- M ap imajine ki jan li ye, ki bò li ye ak ki jan li fèt.
- **Mwen imajine yon kannal ki fèt ak 2 mi chak kote epi dlo a nan mitan l. Gen pye fwi ki plante bò kote l. Dlo a ble l ap pote flè ak fèy ale.**

Ann fè l ansanm

- Kounye a, nou pral vizyalize mo **kannal** la ansanm.
- Ann fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **kannal**. Chak moun ka imajine yon bagay ki diferan.
- Kounye a, ann pataje sa nou te imajine sou mo **kannal** la.
- Ki moun ki ka di sa li te imajine ?
  [Rele yon ti fi ak yon ti gason pou pataje imaj yo a.]

Se tou pa nou

- Kounye a, nou pral fè vizyalizasyon sou mo **rad**. N ap imajine ki jan li ye, ki bò li ye ak ki jan li fet ?
- Fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **rad**.
- Chak timoun ap pataje ak zanmi ki chita bò kote li a sa li te imajine sou mo **rad** la.
  [Rele kèk elèv (3 ou 4) pou pataje imaj yo a. Li pwobab pou elèv yo pa imajine menm bagay.]

b. Koute Istwa + Vizyalizasyon yon pati nan Istwa

Jodi a nou pral koute yon istwa epi nou pral vizyalize sa nou koute. Sa vle di nou pral kreye imaj nan tèt nou.

ISTWA	*VIZYALIZE*
– *[Li premye pati nan istwa a dousman pou elèv yo.]* – **Iv al benyen ak zanmi l yo nan kannal. Li mete rad li yo sou yon pyebwa.**	– *[Di kisa ou imajine sou premye pati istwa a.]* – **Mwen imajine yon gwo kannal byen fon. Li ranpli ak dlo. Mwen wè yon jèn pyebwa plizyè branch. Plen timoun k ap benyen ladan.**

– *[Di :]* M ap kontinye li. Pandan m ap li a, fèmen je nou epi koute byen. Pa bliye eseye desine moun ak anviwònman yo nan tèt nou. – *[Li dezyèm pati istwa a pou elèv yo.]* – **Mezanmi ! Iv pa wè rad yo, lè l soti. Yo chache toupatou.** – *[Di :]* Kounye a, nou pral pataje sa nou te imajine sou pati istwa nou sot koute a. Ki moun ki ka di sa li te imajine nan tèt li ?	– *[Si elèv yo pa reponn, ou ka sèvi ak repons sa yo.]* – *[Egzanp si elèv yo pa reponn* *1. Yo ka imajine emosyon ak jès Iv lè li pa wè rad yo* *2. Yo ka dekri rak bwa kote timoun yo ap chache rad Iv yo, tout atè a ki sa k ladan.]*

– *[Li dènyè pati istwa a.]* – *[Di :]* Mwen pral kontinye li. Pandan m ap li a, fèmen je nou epi vizyalize sa nou koute. – **Manman l ap tann li pou yo soti. Yon gwo kout van pase. Rad yo tonbe sou tèt li. Li kontan.** – *[Apre sa a, di :]* Kounye a, nou pral pataje ak zanmi ki chita bò kote nou an imaj ki nan tèt nou an. – Ki moun ki ka di kisa li te imajine nan tèt li? – *[Mande kèk elèv (3 ou 4) pou pataje imaj yo a. Li pwobab pou elèv yo pa imajine menm bagay].*	

Aktivite 3 Vokabilè

Nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : zanmi

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **zanmi** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **zanmi** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **zanmi vle di moun ou byen ak li**.
3. Kisa mo **zanmi** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*

b. Dezyèm mo a se : toupatou

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **toupatou** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **toupatou** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **toupatou vle di tout kote**.
3. Kisa mo **toupatou** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.
M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*
Souke tèt nou. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di souke tèt nou. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

1. Leve men nou
2. Fèmen men ou
3. Ouvè men ou
4. Lonje dwèt ou
5. Pran yon objè
6. Brase
7. Pouse

Aktivite 4 Lekti mo

a. Marye son yo pou fòme mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/r/ /a/ /d/ = rad**	– **/r/ /a/ /d/ = rad**	– **/r/ /a/ /d/ = rad** – Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **sou, van, gwo**.

b. Marye son pou fòme mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/k/ /an/ /n/ /a/ /l/ = kannal**	– **/k/ /an/ /n/ /a/ /l/ = kannal**	– **/k/ /an/ /n/ /a/ /l/ = kannal** – Ann kontinye ak lòt mo **pyebwa, mezanmi, toupatou, tonbe**.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj leson an pou nou li liy pwason an. *[Pandan elèv yo ap li, mèt la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]*

Aktivite revèy

Jwe ak lèt
Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Nou pral jwe ak lèt yo. Lè mwen di son lèt la n ap kanpe. Lè mwen di non lèt la n ap chita.
L ; P ; M ; T

Aktivite 5 Ekriti

[Mande elèv yo ouvri liv la nan paj « M ap pale de tèt mwen. » Y ap travay nan paj ki di « Tit istwa a ___ » ak « Otè istwa a _____ ».]

[1 - Nan leson avan yo, elèv yo te ekri anpil sou tèt yo ak lavi yo. Pati sa te gen paj « M ap pale de tèt mwen ». Kounye a yo pral bay li tit pa yo, epi y ap mete non yo kòm otè. Mande elèv yo ekri tit pati liv sa ki pale de yo nan liy « Tit istwa a _____. ». Mande yo ekri non pa yo nan liy « Otè istwa a _____».
2 - Mande elèv yo chwazi youn nan fraz yo te konplete nan leson anvan yo. Mande elèv yo pou yo fè yon desen ki mache ak fraz la nan bwat vid la.]

Aktivite pou Ranfòse

Komanse-Fini
[Separa klas la an de gwoup.] Lè m di yon mo, bò goch la ap di m ki son ki kòmanse mo a. Bò dwat la ap di m ki son ki fini mo a.

Aktivite 1 Kontin

Tout timoun avanse, avanse
Nou pral nan mache
N ap machande, n ap achte
Makout chaje n ap tounen lakay
Wololoy, fè mache se bèl bagay.

Aktivite 2 Li mo ak fraz

a. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson an pou nou li liy bis la.

b. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj leson an pou nou li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj leson an pou nou li liy pwason an. *[Pandan elèv yo ap li, mèt la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]*

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.
M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*
Souke tèt nou. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di souke tèt nou. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

1. Leve men nou
2. Fèmen men ou
3. Ouvè men ou
4. Lonje dwèt ou
5. Pran yon objè
6. Brase
7. Pouse

Aktivite 3 Vokabilè

a. Revizyon vokabilè

Kounye a nou pral revize vokabilè nou te aprann yo.

Yè nou te travay sou mo zanmi

Kiyès ki ka di m ki sa mo **zanmi** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

Yè nou te travay sou mo toupatou

Kiyès ki ka di m ki sa mo **toupatou** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

b. Ann fè fraz ak mo vokabilè yo

Nou pral sèvi ak mo vokabilè yo pou nou fè fraz.

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **zanmi**. *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **toupatou**. *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

Aktivite 4 Li istwa

Yè nou te li istwa a ansanm. Jodi a nou pral li istwa a de pa de. Apre sa mwen pral mande kèk elèv li pou-kont yo. Sonje pou n mete dwèt nou anba chak mo pandan n ap li yo.

a. Lekti de pa de

[Mete elèv yo de pa de. Asire w yo swiv sa y ap li ak dwèt yo. Pase gade kòman y ap li. Ede kèk elèv dekode mo si yo gen difikilte.]

b. Lekti endividyèl

[Mande 6 elèv li yon pati nan istwa a (chwazi 3 ti gason epi 3 ti fi). Ede yo si yo gen difikilte.]

c. Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De ki moun istwa a pale ?
2. Ki sa y ap fè ?
3. Ki kote sa te pase ?

d. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive.

Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Iv ap chèche rad li toupatou.**
1. Tout moun mime fraz la.
2. *[Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]*

Aktivite pou Ranfòse

Kontwole son

Nou pral di mo ki gen son nou konnen yo.
Di yon mo ki gen yon sèl son /…./.
Di yon mo ki gen de son /…./.

Aktivite 1 Kontin

Dlo se lavi
Gade dlo, gade dlo,
Mezanmi dlo agogo
N ap plante banbou
Pou n pwoteje sous toupatou
Ooo, dlo se lavi, dlo se pa nou.

Aktivite 2 Vizyalizasyon

Nou pral fè aktivite sou vizyalizasyon. Sa vle di nou pral sèvi ak yon mo oubyen yon istwa nou tande pou nou imajine oswa kreye yon imaj nan tèt nou.

a. Vizyalizayon : Yon sèl mo

Nou pral vizyalize yon mo. Sa vle di nou pral kreye yon imaj nan tèt nou sou mo a.

Tou pa m

- Mwen panse ak mo **flè**.
- M ap imajine ki jan li ye, ki bò li ye ak ki jan li ye.
- **Mwen wè flè a, li plen petal, li woz, li tache nan branch ki gen pikan, fèy yo gen dantèl epi yo vèt.**

Ann fè l ansanm

- Kounye a, nou pral vizyalize mo **flè** a ansanm.
- Ann fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **flè**. Chak moun ka imajine yon bagay ki diferan.
- Kounye a, ann pataje sa nou te imajine sou mo **flè** a.
- Ki moun ki ka di sa li te imajine ?
  [Rele yon ti fi ak yon ti gason pou pataje imaj yo a.]

Se tou pa nou

- Kounye a, nou pral fè vizyalizasyon sou mo **zwazo**. N ap imajine ki jan li ye, ki bò li ye ak ki jan li ye ?
- Fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **zwazo**.
- Chak timoun ap pataje ak zanmi ki chita bò kote li a sa li te imajine sou mo **zwazo** a.
  [Rele kèk elèv (3 ou 4) pou pataje imaj yo a. Li pwobab pou elèv yo pa imajine menm bagay.]

b. Koute Istwa + Vizyalizasyon yon pati nan Istwa

Jodi a nou pral koute yon istwa epi nou pral vizyalize sa nou koute. Sa vle di nou pral kreye imaj nan tèt nou.

ISTWA	*VIZYALIZE*
– *[Li premye pati nan istwa a dousman pou elèv yo.]* – **Gen yon zwazo ki toujou vini bò yon fènèt kay la. Chak maten, li vòltije sou tout flè.**	– *[Di kisa ou imajine sou premye pati istwa a.]* – **Mwen imajine yon ti zwazo ki gen anpil koulè. Li gwosè yon wanganègès. Mwen wè fenèt la louvri de batan. Epi flè tout fòm ak tout koulè. L ap vole sou plant yo youn apre lòt.**
– *[Di :]* M ap kontinye li. Pandan m ap li a, fèmen je nou epi koute byen. Pa bliye eseye desine moun ak anviwònman yo nan tèt nou. – *[Li dezyèm pati istwa a pou elèv yo.]* – **Yon lè, m anvi kenbe l. M eseye kenbe l. A, li vole kou l tande bri pye m.** – *[Di :]* Kounye a, nou pral pataje sa nou te imajine sou pati istwa nou sot koute a. Ki moun ki ka di sa li te imajine nan tèt li ?	– *[Si elèv yo pa reponn, ou ka sèvi ak repons sa yo.]* – *[Egzanp si elèv yo pa reponn* *1. Yo ka imajine konpòtman yon timoun ki renmen bèt* *2. Yo ka imajine tout mouvman timoun nan fè* *3. Yo ka dekri kote sa t ap pase a.]*
– *[Li dènyè pati istwa a.]* – *[Di :]* Mwen pral kontinye li. Pandan m ap li a, fèmen je nou epi vizyalize sa nou koute. – **M lage grenn diri atè a. Li poze atè a pou l beke grenn diri yo. Malgre sa, m pa rive pran l. Ala zwazo malen !** – *[Apre sa a, di :]* Kounye a, nou pral pataje ak zanmi ki chita bò kote nou an imaj ki nan tèt nou an. – Ki moun ki ka di kisa li te imajine nan tèt li? – *[Mande kèk elèv (3 ou 4) pou pataje imaj yo a. Li pwobab pou elèv yo pa imajine menm bagay].*	

Aktivite 3 Vokabilè

Nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : voltije

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **voltije** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **voltije** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **voltije vle di vole tout kote**.
3. Kisa mo **voltije** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*

b. Dezyèm mo a se : malen

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **malen** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **malen** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **vle di gen lespri. Mètdam**.
3. Kisa mo **malen** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*

Aktivite revèy

Jwe ak lèt

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Nou pral jwe ak lèt yo. Lè mwen di son lèt la n ap kanpe. Lè mwen di non lèt la n ap chita.

L ; P ; M ; T

Aktivite 4 Lekti mo

a. Marye son yo pou fòme mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/g/ /en/ = gen**	– **/g/ /en/ = gen**	– **/g/ /en/ = gen** – Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **bò, lè, yo, pa**.

b. Marye son pou fòme mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/z/ /w/ /a/ /z/ /o/ = zwazo**	– **/z/ /w/ /a/ /z/ /o/ = zwazo**	– **/z/ /w/ /a/ /z/ /o/ = zwazo** – Ann kontinye ak lòt mo **voltije, eseye, grenn, malgre**.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj leson an pou nou li liy pwason an. *[Pandan elèv yo ap li, mèt la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]*

Aktivite revèy

Chwazi yon zanmi

[Ekri tout lèt peryòd la sou tablo a.]

Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la. Apre sa m ap chwazi yon zanmi nan klas. Zanmi mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la. Apre sa l ap chwazi yon lòt zanmi k ap kontinye ak menm egzèsis la. *[Pa kite timoun yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.]*

Aktivite 5 **Ekriti**

N ap kontinye itilize fraz pou fè desen. Chwazi kèk fraz nan leson anvan yo. Fè desen ki mache ak fraz nou chwazi yo.

Aktivite pou Ranfòse
Kanpe pou son an Nou pral fè yon bèl ti egzèsis. Lè mwen di yon mo ki gen son /…/, n ap kanpe, si li pa gen son an chita.

Aktivite 1 Kontin

Dlo se lavi
Gade dlo, gade dlo,
Mezanmi dlo agogo
N ap plante banbou
Pou n pwoteje sous toupatou
Ooo, dlo se lavi, dlo se pa nou.

Aktivite 2 Li mo ak fraz

a. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson an pou nou li liy bis la.

b. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj leson an pou nou li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj leson an pou nou li liy pwason an. *[Pandan elèv yo ap li, mèt la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]*

Aktivite revèy

Jwe ak lèt

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Nou pral jwe ak lèt yo. Lè mwen di son lèt la n ap kanpe. Lè mwen di non lèt la n ap chita.

L ; P ; M ; T

Aktivite 3 Vokabilè

a. Revizyon vokabilè

Kounye a nou pral revize vokabilè nou te aprann yo.

Yè nou te travay sou mo voltije

Kiyès ki ka di m ki sa mo **voltije** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

Yè nou te travay sou mo malen

Kiyès ki ka di m ki sa mo **malen** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

b. Ann fè fraz ak mo vokabilè yo

Nou pral sèvi ak mo vokabilè yo pou nou fè fraz.

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **voltije**. *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **malen**. *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

Aktivite 4 Li istwa

Yè nou te li istwa a ansanm. Jodi a nou pral li istwa a de pa de. Apre sa mwen pral mande kèk elèv li pou-kont yo. Sonje pou n mete dwèt nou anba chak mo pandan n ap li yo.

a. Lekti de pa de

[Mete elèv yo de pa de. Asire w yo swiv sa y ap li ak dwèt yo. Pase gade kòman y ap li. Ede kèk elèv dekode mo si yo gen difikilte.]

b. Lekti endividyèl

[Mande 6 elèv li yon pati nan istwa a (chwazi 3 ti gason epi 3 ti fi). Ede yo si yo gen difikilte.]

c. Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De ki bèt istwa a pale ?
2. Ki sa l fè chak maten ?
3. Pou ki sa yo di li malen ?

d. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive.

Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Zwazo a ap voltije sou tout flè.**

1. Tout moun mime fraz la.
2. *[Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]*

Aktivite pou Ranfòse

Jwe ak mo

[Ekri tout son nou wè deja yo sou tablo a. Fòme yon gwoup 6 elèv. Mande premye elèv la pou l di yon non moun ak yon non machandiz ki kòmanse ak premye son an. Mande lòt elèv yo kontinye fè menm egzèsis la san yo pa repete yon non ki di deja. Lè yon moun pèdi li pral chita epi lòt yo ap kontinye ak pwochen son an. Moun ki rete an dènye a ap genyen.]

Aktivite 1 Kontin

Dlo se lavi
Gade dlo, gade dlo,
Mezanmi dlo agogo
N ap plante banbou
Pou n pwoteje sous toupatou
Ooo, dlo se lavi, dlo se pa nou.

Aktivite 2 Vizyalizasyon

Nou pral fè aktivite sou vizyalizasyon. Sa vle di nou pral sèvi ak yon mo oubyen yon istwa nou tande pou nou imajine oswa kreye yon imaj nan tèt nou.

a. Vizyalizayon : Yon sèl mo

Nou pral vizyalize yon mo. Sa vle di nou pral kreye yon imaj nan tèt nou sou mo a.

Tou pa m

- Mwen panse ak mo **lakou**.
- M ap imajine ki jan li ye, ki bò li ye ak ki jan li ye ?
- **Mwen imajine yon gwo espas ki gen plizyè kay. Li gen yon pye tamaren ak yon pye siwèl. Gen kote pou timoun jwe. Li gen yon ti kanal ki pase dèyè l.**

Ann fè l ansanm

- Kounye a, nou pral vizyalize mo **lakou** a ansanm.
- Ann fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **lakou**. Chak moun ka imajine yon bagay ki diferan.
- Kounye a, ann pataje sa nou te imajine sou mo **lakou** a.
- Ki moun ki ka di sa li te imajine ?
  [Rele yon ti fi ak yon ti gason pou pataje imaj yo a.]

Se tou pa nou

- Kounye a, nou pral fè vizyalizasyon sou mo **lvta**. N ap imajine ki jan li ye, ki bò li ye ak ki jan li ye ?
- Fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **lvta**.
- Chak timoun ap pataje ak zanmi ki chita bò kote li a sa li te imajine sou mo **lvta** a.
  [Rele kèk elèv (3 ou 4) pou pataje imaj yo a. Li pwobab pou elèv yo pa imajine menm bagay.]

b. Koute Istwa + Vizyalizasyon yon pati nan Istwa

Jodi a nou pral koute yon istwa epi nou pral vizyalize sa nou koute. Sa vle di nou pral kreye imaj nan tèt nou.

ISTWA	*VIZYALIZE*
– *[Li premye pati nan istwa a dousman pou elèv yo.]* – **Ivta ap viv nan lakou Bouje. Li renmen li anpil.**	– *[Di kisa ou imajine sou premye pati istwa a.]* – **Mwen imajine Ivta, yon tifi, ki chita nan lakou a, l ap li. Li kontan. L ap jwe ak mo yo.**
– *[Di :]* M ap kontinye li. Pandan m ap li a, fèmen je nou epi koute byen. Pa bliye eseye desine moun ak anviwònman yo nan tèt nou. – *[Li dezyèm pati istwa a pou elèv yo.]* – **Jedi maten, Ivta reveye. Woy ! Li pa ka ouvè je l. Ivta tonbe kriye. Li panse li pa p janm ka li ankò. Manman l di se azoumounou li genyen. Li bay Ivta medikaman, je l ouvè.** – *[Di :]* Kounye a, nou pral pataje sa nou te imajine sou pati istwa nou sot koute a. Ki moun ki ka di sa li te imajine nan tèt li ?	– *[Si elèv yo pa reponn, ou ka sèvi ak repons sa yo.]* – *[Egzanp si elèv yo pa reponn* *1. Yo ka imajine konpòtman Ivta lè li pa ka ouvè je l.* *2. Yo ka dekri kòman Ivta santi l apre lè je l ouvè.]*
– *[Li dènyè pati istwa a.]* – *[Di :]* Mwen pral kontinye li. Pandan m ap li a, fèmen je nou epi vizyalize sa nou koute. – **Ivta kontan, l al li nan liv « M ap li nèt ale. »** – *[Apre sa a, di :]* Kounye a, nou pral pataje ak zanmi ki chita bò kote nou an imaj ki nan tèt nou an. – Ki moun ki ka di kisa li te imajine nan tèt li? – *[Mande kèk elèv (3 ou 4) pou pataje imaj yo a. Li pwobab pou elèv yo pa imajine menm bagay].*	

Aktivite 3 Vokabilè

Nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : reveye

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **reveye** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **reveye** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **reveye vle di leve nan dòmi**.
3. Kisa mo **reveye** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*

b. Dezyèm mo a se : azoumounou

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **azoumounou** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **azoumounou** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **azoumounou vle di maladi je**.
3. Kisa mo **azoumounou** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*

Aktivite revèy

Chwazi yon zanmi

[Ekri tout lèt peryòd la sou tablo a.]

Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la. Apre sa m ap chwazi yon zanmi nan klas. Zanmi mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la. Apre sa l ap chwazi yon lòt zanmi k ap kontinye ak menm egzèsis la. *[Pa kite timoun yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.]*

Aktivite 4 Lekti mo

a. Marye son yo pou fòme mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/v/ /i/ /v/ = viv**	– **/v/ /i/ /v/ = viv**	– **/v/ /i/ /v/ = viv** – Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **je, janm, bay, liv**.

b. Marye son pou fòme mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/r/ /e/ /v/ /e/ /y/ /e/ = reveye**	– **/r/ /e/ /v/ /e/ /y/ /e/ = reveye**	– **/r/ /e/ /v/ /e/ /y/ /e/ = reveye** – Ann kontinye ak lòt mo **ankò, azoumounou, medikaman, ouvè**.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj leson an pou nou li liy pwason an. *[Pandan elèv yo ap li, mèt la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]*

Aktivite revèy

Jwe ak son

Kounye a nou pral jwe ak son. Lè m di yon mo ki kòmanse ak son leson an n ap bat men nou de fwa. Lè m di yon mo ki kòmanse ak yon lòt son n ap bat men nou yon sèl fwa.

Aktivite 5 **Ekriti**

[Mande elèv yo ouvri liv la nan pati « M ap pale de tèt mwen. » Y ap sèvi ak paj ki gen aktivite sa a.]

Kounye a, nou pral ekri sou yon bagay nou renmen nan yon moun ki nan istwa nou te li jodi a. *[Ekri sou tablo: Mwen renmen _____ paske li _____ .* **R-Mwen renmen manman lvta paske li saj anpil.** *Apre sa, mande elèv yo pou yo ekri sou yon bagay yo renmen nan yon moun nan istwa a epi pou ki sa.]*

Aktivite pou Ranfòse

Rive jwenn zetwal yo

Segmantasyon son

Materyèl : Foto oswa desen oswa objè ki gen twa ou kat son.

Kouman pou fè sa :

1. *Mande elèv yo chita an won.*
2. *Montre yo youn nan imaj yo.*
3. *Mande yon volontè pou li idantifye sa ki sou imaj la epi pou l kase mo a son pa son. Pa egzanp, si mo a se « tèt », timoun nan dwe di « /t/ /è/ /t/. »*
   Nòt : Si elèv yo pa konn non objè a, di yo non li. [Se pa yon tès vokabilè.]
4. *Mande yon dezyèm volontè di konbyen son ki nan mo a.*
5. *Mande yon twazyèm volontè pou l pran yon zetwal nan syèl la pou chak son ki nan mo a [Pou l fè sa, timoun nan ap vole pou l fè kòm si l ap atrap yon zetwal pou chak son ki nan mo a].*
6. *Kontinye egzèsis la ak lòt imaj pou plis elèv ka gen chans pou vole jwenn zetwal yo.*

Aktivite 1 Kontin

Dlo se lavi
Gade dlo, gade dlo,
Mezanmi dlo agogo
N ap plante banbou
Pou n pwoteje sous toupatou
Ooo, dlo se lavi, dlo se pa nou.

Aktivite 2 Li mo ak fraz

a. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson an pou nou li liy bis la.

b. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj leson an pou nou li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj leson an pou nou li liy pwason an. *[Pandan elèv yo ap li, mèt la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]*

Aktivite revèy

Chwazi yon zanmi

[Ekri tout lèt peryòd la sou tablo a.]

Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la. Apre sa m ap chwazi yon zanmi nan klas. Zanmi mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la. Apre sa l ap chwazi yon lòt zanmi k ap kontinye ak menm egzèsis la. *[Pa kite timoun yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.]*

Aktivite 3 Vokabilè

a. Revizyon vokabilè

Kounye a nou pral revize vokabilè nou te aprann yo.

Yè nou te travay sou mo reveye

Kiyès ki ka di m ki sa mo **reveye** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

Yè nou te travay sou mo azoumounou

Kiyès ki ka di m ki sa mo **azoumounou** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

b. Ann fè fraz ak mo vokabilè yo

Nou pral sèvi ak mo vokabilè yo pou nou fè fraz.

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **reveye**. *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **azoumounou**. *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

Aktivite 4 Li istwa

Yè nou te li istwa a ansanm. Jodi a nou pral li istwa a de pa de. Apre sa mwen pral mande kèk elèv li pou-kont yo. Sonje pou n mete dwèt nou anba chak mo pandan n ap li yo.

a. Lekti de pa de

[Mete elèv yo de pa de. Asire w yo swiv sa y ap li ak dwèt yo. Pase gade kòman y ap li. Ede kèk elèv dekode mo si yo gen difikilte.]

b. Lekti endividyèl

[Mande 6 elèv li yon pati nan istwa a (chwazi 3 ti gason epi 3 ti fi). Ede yo si yo gen difikilte.]

c. Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De ki moun istwa a pale ?
2. Ki sa li renmen fè ?
3. Ki sa ki te rive lvta ?
4. Ki lè sa te pase ?

d. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive.

Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Ivta kontan, l al li nan liv « M ap li nèt ale ».**

1. Tout moun mime fraz la.
2. *[Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]*

Aktivite pou Ranfòse

Vokabilè : Di non epi dekri

Ou ka bati vokabilè elèv yo ak kapasite deskripsyon yo nan leson ki santre sou di non ak dekri.
Kouman pou fè sa :

1. *Kòmanse pa chwazi yon tèm oswa yon sijè pou nou travay. Brase lide oswa di non objè ki gen rapò ak tèm lan. Pa egzanp, si tèm nan se manje, elèv yo ka di non mango, sereyal, ak pwason.*
2. *Epi ede elèv yo di non objè sa yo pa kategori. Ki sa ki fwi, legim, vyann, elatriye ?*
3. *Finalman, mande elèv yo di non objè sa yo selon kalite yo. Nan ka sa a, ki sa ki dous, ki sa ki sale, ki sa ki si ?*

Aktivite 1 Kontin

Dlo se lavi
Gade dlo, gade dlo,
Mezanmi dlo agogo
N ap plante banbou
Pou n pwoteje sous toupatou
Ooo, dlo se lavi, dlo se pa nou.

Aktivite 2 Vizyalizasyon

Nou pral fè aktivite sou vizyalizasyon. Sa vle di nou pral sèvi ak yon mo oubyen yon istwa nou tande pou nou imajine oswa kreye yon imaj nan tèt nou.

a. Vizyalizayon : Yon sèl mo

Nou pral vizyalize yon mo. Sa vle di nou pral kreye yon imaj nan tèt nou sou mo a.

Tou pa m

- Mwen panse ak mo **machann**.
- M ap imajine ki jan li ye, ki bò li ye ak ki jan li ye.
- **Mwen imajine yon machann ki chita anba yon tonèl. Genyen yon gwo chodyè ki gen luil pou fri pate yo.**

Ann fè l ansanm

- Kounye a, nou pral vizyalize mo **machann** nan ansanm.
- Ann fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **machann**. Chak moun ka imajine yon bagay ki diferan.
- Kounye a, ann pataje sa nou te imajine sou mo **machann** nan.
- Ki moun ki ka di sa li te imajine ?
  [Rele yon ti fi ak yon ti gason pou pataje imaj yo a.]

Se tou pa nou

- Kounye a, nou pral fè vizyalizasyon sou mo **Pyewo**. N ap imajine ki jan li ye, ki bò li ye ak ki jan li ye ?
- Fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **Pyewo**.
- Chak timoun ap pataje ak zanmi ki chita bò kote li a sa li te imajine sou mo **Pyewo** a.
  [Rele kèk elèv (3 ou 4) pou pataje imaj yo a. Li pwobab pou elèv yo pa imajine menm bagay.]

b. Koute Istwa + Vizyalizasyon yon pati nan Istwa

Jodi a nou pral koute yon istwa epi nou pral vizyalize sa nou koute. Sa vle di nou pral kreye imaj nan tèt nou.

ISTWA	*VIZYALIZE*
– *[Li premye pati nan istwa a dousman pou elèv yo.]* – **Nan ri Gouman, gen yon machann pate yo rele Pyewo.**	– *[Di kisa ou imajine sou premye pati istwa a.]* – **Mwen imajine Pyewo, yon jèn gason, byen wo, k ap vann pate. Li abiye byen pwòp. Li saj.**
– *[Di :]* M ap kontinye li. Pandan m ap li a, fèmen je nou epi koute byen. Pa bliye eseye desine moun ak anviwònman yo nan tèt nou. – *[Li dezyèm pati istwa a pou elèv yo.]* – **Chak senkè dimaten, li leve pou l prepare pat pate a, aransò, ze ak pikliz. A sizè, li kòmanse fri pate. Tout moun rasanble. Y ap pale an menm tan : Yon pate aransò ! Yon pate ze !** – *[Di :]* Kounye a, nou pral pataje sa nou te imajine sou pati istwa nou sot koute a. Ki moun ki ka di sa li te imajine nan tèt li ?	– *[Si elèv yo pa reponn, ou ka sèvi ak repons sa yo.]* – *[Egzanp si elèv yo pa reponn* *1. Yo ka imajine kòman Pyewo ap prepare pat pate a. li pran farin, li melanje ak dlo. Li bat pat la.* *2. Yo ka dekri konpòtman moun ki vin achte pate yo.* *3. Yo ka dekri kijan Pyewo santi l lè tout moun ap pale an menm tan.]*
– *[Li dènyè pati istwa a.]* – *[Di :]* Mwen pral kontinye li. Pandan m ap li a, fèmen je nou epi vizyalize sa nou koute. – **Fito di : « Pa fè tèt mwen cho. Tout moun ap jwenn. »** – *[Apre sa a, di :]* Kounye a, nou pral pataje ak zanmi ki chita bò kote nou an imaj ki nan tèt nou an. – Ki moun ki ka di kisa li te imajine nan tèt li? – *[Mande kèk elèv (3 ou 4) pou pataje imaj yo a. Li pwobab pou elèv yo pa imajine menm bagay].*	

Aktivite 3 Vokabilè

Nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : machann

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **machann** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **machann** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **machann vle di yon moun k ap vann**.
3. Kisa mo **machann** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*

b. Dezyèm mo a se : rasanble

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **rasanble** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **rasanble** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **rasanble vle di reyini**.
3. Kisa mo **rasanble** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*

Aktivite revèy

Jwe ak son

Kounye a nou pral jwe ak son. Lè m di yon mo ki kòmanse ak son leson an n ap bat men nou de fwa. Lè m di yon mo ki kòmanse ak yon lòt son n ap bat men nou yon sèl fwa.

Aktivite 4 Lekti mo

a. Marye son yo pou fòme mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/r/ /i/ = ri**	– **/r/ /i/ = ri**	– **/r/ /i/ = ri** – Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **pat, cho, moun, rele**.

b. Marye son pou fòme mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/m/ /a/ /ch/ /an/ /n/ = machann**	– **/m/ /a/ /ch/ /an/ /n/ = machann**	– **/m/ /a/ /ch/ /an/ /n/ = machann** – Ann kontinye ak lòt mo **jwenn, prepare, rasanble, aransò**.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj leson an pou nou li liy pwason an. *[Pandan elèv yo ap li, mèt la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]*

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.
M ap fè yon mouvman ak figi m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*
Baye. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di* « *baye* »**.** *Chwazi twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

1. bat je w
2. baye
3. souri
4. fikse je w
5. fwonse sousi w
6. Fè grimas
7. File lang
8. Twouse nen
9. Lonje bouch
10. Gonfle machwè

Aktivite 5 Ekriti

Nou pral kontinye ekri yon bagay nou renmen nan yon moun nan istwa a epi n ap di pou ki sa.

Aktivite pou Ranfòse

Fè fraz la
Pou ki sa : Konesans lèt enprime, direksyon, prensip alfabetik.
Materyèl : papye pou ekri mo poukont yo sou li.
Kouman pou fè sa :
1. *Ekri yon ti fraz kout ak mo yo abitye tankou « Jodi a se Lendi ». Oswa sèvi ak kontin yo fèk aprann.*
2. *Ekri chak mo sou yon papye poukont yo. Mete vigil oswa lòt ponktiyasyon yo sou papye poukont yo tou.*
3. *Bay elèv yo mo yo epi di yo mo a.*
   Egzanp : « Jòj ou se mo **Jodi a***. Anita ou se mo* **Se***. Stefani ou se mo* **Lendi***. Jozèf ou se* **pwen an***. »*
4. *Mande elèv yo travay ansanm pou yo ranje tèt yo an fraz.*
5. *Fè lòt elèv yo li fraz la pou verifye direksyon ak lòd li.*

Aktivite 1 Kontin

Dlo se lavi
Gade dlo, gade dlo,
Mezanmi dlo agogo
N ap plante banbou
Pou n pwoteje sous toupatou
Ooo, dlo se lavi, dlo se pa nou.

Aktivite 2 Li mo ak fraz

a. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson an pou nou li liy bis la.

b. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj leson an pou nou li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj leson an pou nou li liy pwason an. *[Pandan elèv yo ap li, mèt la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]*

Aktivite revèy

Jwe ak son

Kounye a nou pral jwe ak son. Lè m di yon mo ki kòmanse ak son leson an n ap bat men nou de fwa. Lè m di yon mo ki kòmanse ak yon lòt son n ap bat men nou yon sèl fwa.

Aktivite 3 Vokabilè

a. Revizyon vokabilè

Kounye a nou pral revize vokabilè nou te aprann yo.

Yè nou te travay sou mo machann

Kiyès ki ka di m ki sa mo **machann** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

Yè nou te travay sou mo rasanble

Kiyès ki ka di m ki sa mo **rasanble** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

b. Ann fè fraz ak mo vokabilè yo

Nou pral sèvi ak mo vokabilè yo pou nou fè fraz.

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **machann**. *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **rasanble**. *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

Aktivite 4 Li istwa

Yè nou te li istwa a ansanm. Jodi a nou pral li istwa a de pa de. Apre sa mwen pral mande kèk elèv li pou-kont yo. Sonje pou n mete dwèt nou anba chak mo pandan n ap li yo.

a. Lekti de pa de

[Mete elèv yo de pa de. Asire w yo swiv sa y ap li ak dwèt yo. Pase gade kòman y ap li. Ede kèk elèv dekode mo si yo gen difikilte.]

b. Lekti endividyèl

[Mande 6 elèv li yon pati nan istwa a (chwazi 3 ti gason epi 3 ti fi). Ede yo si yo gen difikilte.]

c. Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De ki moun istwa a pale ?
2. Ki sa l ap fè ?
3. Ki kote l ap vann ?

d. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive.

Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **li leve pou l prepare pat pate a.**

1. Tout moun mime fraz la.
2. *[Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]*

Aktivite pou Ranfòse

Koupe fraz

Pou ki sa : Konesans lèt enprime, prensip alfabetik.
Materyèl : Yon fraz nou abitye ki ekri sou yon fèy papye ki long.
Kouman pou fè sa :

1. *Li yon fraz yo abitye pou elèv yo fò.*
   Egzanp : « Non mwen se Jozèf. »
2. *Li fraz la ansanm. Lonje dwèt ou sou mo yo pandan w ap li.*
3. *Apre koupe fraz la mo pa mo.*
4. *Mande elèv yo pou yo fòme fraz la ankò.*
5. *Sipòte elèv yo ak kòmantè tankou :*
   Ki son ou tande nan kòmansman mo Jozèf la? [Tann yon repons.]
   Ki lèt ki fè son sa ? [Tann yon repons.]
   Kote mo ki kòmanse ak lèt sa ? [Tann yon repons.]
   Ki mo ki kòmanse ak lèt sa ? [Tann yon repons.]

Liv lekti elèv la, paj 136-137.
Liv ekriti elèv la, paj 144.

Aktivite 1 Kontin

Fanmi m
Fanmi m se pa m
Mannman m, papa m
Kenbe men m pou m grandi
Frè m ak sè m
Toujou fè m ri
Mwen renmen fanmi m.

Aktivite 2 Vizyalizasyon

Nou pral fè aktivite sou vizyalizasyon. Sa vle di nou pral sèvi ak yon mo oubyen yon istwa nou tande pou nou imajine oswa kreye yon imaj nan tèt nou.

a. Vizyalizayon : Yon sèl mo

Nou pral vizyalize yon mo. Sa vle di nou pral kreye yon imaj nan tèt nou sou mo a.

Tou pa m

– Mwen panse ak mo **lakou**.
– M ap imajine ki jan li ye, ki bò li ye ak ki jan li ye ?
– **Mwen imajine yon gwo lakou, ki gen bèl gazon. Pye bwa yo chaje flè ak fui sou yo.**

Ann fè l ansanm

– Kounye a, nou pral vizyalize mo **lakou** a ansanm.
– Ann fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **lakou**. Chak moun ka imajine yon bagay ki diferan.
– Kounye a, ann pataje sa nou te imajine sou mo **lakou** a.
– Ki moun ki ka di sa li te imajine ?
[Rele yon ti fi ak yon ti gason pou pataje imaj yo a.]

Se tou pa nou

– Kounye a, nou pral fè vizyalizasyon sou mo **doktè**. N ap imajine ki jan li ye, ki bò li ye ak ki jan li ye ?
– Fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **doktè**.
– Chak timoun ap pataje ak zanmi ki chita bò kote li a sa li te imajine sou mo **doktè** a.
[Rele kèk elèv (3 ou 4) pou pataje imaj yo a. Li pwobab pou elèv yo pa imajine menm bagay.]

b. Koute Istwa + Vizyalizasyon yon pati nan Istwa

Jodi a nou pral koute yon istwa epi nou pral vizyalize sa nou koute. Sa vle di nou pral kreye imaj nan tèt nou.

ISTWA	*VIZYALIZE*
– *[Li premye pati nan istwa a dousman pou elèv yo.]* – **Nan lakou Trankil gen tout kalite pyebwa. Gen pye mango, kajou, zaboka, abriko ak lòt pyebwa ankò.**	– *[Di kisa ou imajine sou premye pati istwa a.]* – **Mwen imajine timoun yo k ap kouri nan lakou a. y ap fè lago kache. Y ap manje mango ak zabriko. Y ap keyi kenèp.**
– *[Di :]* M ap kontinye li. Pandan m ap li a, fèmen je nou epi koute byen. Pa bliye eseye desine moun ak anviwònman yo nan tèt nou. – *[Li dezyèm pati istwa a pou elèv yo.]* – **Nan lakou a toujou gen bon lonbraj ak ti van fre k ap vante. Tout timoun renmen lakou a.** – *[Di :]* Kounye a, nou pral pataje sa nou te imajine sou pati istwa nou sot koute a. Ki moun ki ka di sa li te imajine nan tèt li ?	– *[Si elèv yo pa reponn, ou ka sèvi ak repons sa yo.]* – *[Egzanp si elèv yo pa reponn* *1. Yo ka imajine kijan van ap vante nan lakou a.* *2. Yo ka imajine kijan timoun yo kontan lè y ap jwe.]*
– *[Li dènyè pati istwa a.]* – *[Di :]* Mwen pral kontinye li. Pandan m ap li a, fèmen je nou epi vizyalize sa nou koute. – **Yo pa janm kite moun koupe pyebwa nan lakou a pou fè chabon, paske yo konnen koupe pyebwa detwi lavi.** – *[Apre sa a, di :]* Kounye a, nou pral pataje ak zanmi ki chita bò kote nou an imaj ki nan tèt nou an. – Ki moun ki ka di kisa li te imajine nan tèt li? – *[Mande kèk elèv (3 ou 4) pou pataje imaj yo a. Li pwobab pou elèv yo pa imajine menm bagay].*	

Aktivite 3 Vokabilè

Nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : kajou

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **kajou** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **kajou** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **kajou vle di pyebwa ki sèvi pou fè mèb**.
3. Kisa mo **kajou** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*

b. Dezyèm mo a se : lonbraj

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **lonbraj** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **lonbraj** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **lonbraj vle di espas ki sonm kote limyè solèy la pa pase**.
3. Kisa mo **lonbraj** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.
M ap fè yon mouvman ak figi m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*
Baye. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di* « *baye* »**.** *Chwazi twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

1. bat je w
2. baye
3. souri
4. fikse je w
5. fwonse sousi w
6. Fè grimas
7. File lang
8. Twouse nen
9. Lonje bouch
10. Gonfle machwè

Aktivite 4 Lekti mo

a. Marye son yo pou fòme mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/p/ /y/ /e/ = pye**	– **/p/ /y/ /e/ = pye**	– **/p/ /y/ /e/ = pye** – Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **lòt, fre, nan, lavi**.

b. Marye son pou fòme mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/z/ /a/ /b/ /o/ /k/ /a/ = zaboka**	– **/z/ /a/ /b/ /o/ /k/ /a/ = zaboka**	– **/z/ /a/ /b/ /o/ /k/ /a/ = zaboka** – Ann kontinye ak lòt mo **toujou, renmen, chabon, konnen**.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj leson an pou nou li liy pwason an. *[Pandan elèv yo ap li, mèt la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]*

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.
M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*
Panche a dwat. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di panche a dwat. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

1. Panche a dwat
2. Panche a goch
3. Panche devan
4. Kage sou do
5. Vire tèt ou a goch a dwat
6. Pliye kò nou
7. Yon ti vole
8. Kanpe rèd
9. Yon ti danse
10. Souke kò nou

Aktivite 5 Ekriti

Kounye a, nou pral panse sou istwa a epi bay moun yon konsèy. *[Ekri sou tablo a:* **Ou dwe pwoteje pyebwa**. *Mande elèv yo ekri nan kaye yo yon konsèy yo ka bay moun nan.*]

Aktivite pou Ranfòse

Simon Di
Sèvi ak : Konesans Alfabè
Materyèl : Kat oubyen bout papye ki gen lèt sou yo pou 3 a 4 e pataje.
Kouman pou fè sa :
1. *Divize elèv yo an gwoup 3 ou 4 elèv pou yo travay.*
2. *Mande chak gwoup pou yon elèv pran kat ki gen lèt pa li yo pou gwoup la sèvi.*
3. *Sèvi ak lòd Simon Di konsa :*
   « Simon di, touche lèt F la ak pous nou. »
   « Simon di, mete lèt S la atè. »
   « Simon di, montre moun ki agoch ou a lèt D a. »
4. *Si yon elèv fè yon erè tankou sèvi ak move lèt la oswa fè move jès la, ekip la elimine.*
5. *Dènye ekip ki rete a, se li ki genyen.*
   Nòt : Pandan y ap bay lòd Simon Di a, pwofesè yo ta dwe fè sa lòd la di a. Sa ap kore devlopman langaj elèv yo.

Aktivite 1 Kontin

Fanmi m
Fanmi m se pa m
Mannman m, papa m
Kenbe men m pou m grandi
Frè m ak sè m
Toujou fè m ri
Mwen renmen fanmi m.

Aktivite 2 Li mo ak fraz

a. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson an pou nou li liy bis la.

b. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj leson an pou nou li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj leson an pou nou li liy pwason an. *[Pandan elèv yo ap li, mèt la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]*

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.
M ap fè yon mouvman ak figi m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*
Baye. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di* « *baye* »**.** *Chwazi twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

1. bat je w
2. baye
3. souri
4. fikse je w
5. fwonse sousi w
6. Fè grimas
7. File lang
8. Twouse nen
9. Lonje bouch
10. Gonfle machwè

Aktivite 3 Vokabilè

a. Revizyon vokabilè

Kounye a nou pral revize vokabilè nou te aprann yo.
Yè nou te travay sou mo kajou

Kiyès ki ka di m ki sa mo **kajou** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

Yè nou te travay sou mo lonbraj

Kiyès ki ka di m ki sa mo **lonbraj** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

b. Ann fè fraz ak mo vokabilè yo

Nou pral sèvi ak mo vokabilè yo pou nou fè fraz.

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **kajou**. *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **lonbraj**. *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

Aktivite 4 Li istwa

Yè nou te li istwa a ansanm. Jodi a nou pral li istwa a de pa de. Apre sa mwen pral mande kèk elèv li pou-kont yo. Sonje pou n mete dwèt nou anba chak mo pandan n ap li yo.

a. Lekti de pa de

[Mete elèv yo de pa de. Asire w yo swiv sa y ap li ak dwèt yo. Pase gade kòman y ap li. Ede kèk elèv dekode mo si yo gen difikilte.]

b. Lekti endividyèl

[Mande 6 elèv li yon pati nan istwa a (chwazi 3 ti gason epi 3 ti fi). Ede yo si yo gen difikilte.]

c. Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De ki sa istwa a pale?
2. Ki sa ki genyen nan lakou a?
3. Pou ki sa yo pa kite moun koupe pyebwa ?

d. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive.

Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Yo pa janm kite moun koupe pyebwa nan lakou.**
1. Tout moun mime fraz la.
2. *[Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]*

Aktivite pou Ranfòse

Mo pa janm fini

Pwofesè a ap di yon fraz epi l ap mande elèv yo reprann menm fraz la. Men chak fwa yon elèv di fraz la l ap chanje mo pwofesè a mande l la.
Egzanp : Mariz ak Filip konn **sote**. *[Elèv yo ap chanje* **sote** *ak yon lòt vèb ; yo ka di :* **jwe**, **li**, **etidye**, **chante**, **kouri**, *elatriye]*

Aktivite 1 Kontin

Fanmi m
Fanmi m se pa m
Mannman m, papa m
Kenbe men m pou m grandi
Frè m ak sè m
Toujou fè m ri
Mwen renmen fanmi m.

Aktivite 2 Vizyalizasyon

Nou pral fè aktivite sou vizyalizasyon. Sa vle di nou pral sèvi ak yon mo oubyen yon istwa nou tande pou nou imajine oswa kreye yon imaj nan tèt nou.

a. Vizyalizayon : Yon sèl mo

Nou pral vizyalize yon mo. Sa vle di nou pral kreye yon imaj nan tèt nou sou mo a.

Tou pa m

– Mwen panse ak mo **desanm**.
– M ap imajine ki jan li ye, ki bò li ye ak ki jan epòk sa a ye ?
– **Mwen imajine kay yo byen dekore. Gen abdenwèl, fanal k ap limen leswa. Timoun k ap tire pidetwal.**

Ann fè l ansanm

– Kounye a, nou pral vizyalize mo **desanm** nan ansanm.
– Ann fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **desanm**. Chak moun ka imajine yon bagay ki diferan.
– Kounye a, ann pataje sa nou te imajine sou mo **desanm** nan.
– Ki moun ki ka di sa li te imajine ?
[Rele yon ti fi ak yon ti gason pou pataje imaj yo a.]

Se tou pa nou

– Kounye a, nou pral fè vizyalizasyon sou mo **doktè**. N ap imajine ki jan li ye, ki bò li ye ak ki jan li ye ?
– Fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **doktè**.
– Chak timoun ap pataje ak zanmi ki chita bò kote li a sa li te imajine sou mo **doktè** a.
[Rele kèk elèv (3 ou 4) pou pataje imaj yo a. Li pwobab pou elèv yo pa imajine menm bagay.]

b. Koute Istwa + Vizyalizasyon yon pati nan Istwa

Jodi a nou pral koute yon istwa epi nou pral vizyalize sa nou koute. Sa vle di nou pral kreye imaj nan tèt nou.

ISTWA	*VIZYALIZE*
– *[Li premye pati nan istwa a dousman pou elèv yo.]* – **Mwa desanm rive. Toma kontan, li pral jwenn kado. Toma al pran kanè, li pa pase.**	– *[Di kisa ou imajine sou premye pati istwa a.]* – **Mwen imajine kijan Toma kontan lè mwa desanm rive. L ap jwe ak zanmi l yo. Mwen ka imajine tou kijan Toma tris lè l pran kanè li pa pase.**
– *[Di :]* M ap kontinye li. Pandan m ap li a, fèmen je nou epi koute byen. Pa bliye eseye desine moun ak anviwònman yo nan tèt nou. – *[Li dezyèm pati istwa a pou elèv yo.]* – **Manman l di l, li p ap ba l kado. Toma tris, l ap kalkile ki bèl jwèt li ta pral jwenn, bèl ti machin ak balon.** – *[Di :]* Kounye a, nou pral pataje sa nou te imajine sou pati istwa nou sot koute a. Ki moun ki ka di sa li te imajine nan tèt li ?	– *[Si elèv yo pa reponn, ou ka sèvi ak repons sa yo.]* – *[Si elèv yo pa reponn* *1. Yo ka imajine ki jan figi Toma ye lè l fin pran kanè a.* *2. Yo ka imajine pou ki rezon manman Toma di li p ap ba Toma kado a.]*
– *[Li dènyè pati istwa a.]* – *[Di :]* Mwen pral kontinye li. Pandan m ap li a, fèmen je nou epi vizyalize sa nou koute. – **Depi lè a Toma deside etidye pi plis pou l ka toujou pase.** – *[Apre sa a, di :]* Kounye a, nou pral pataje ak zanmi ki chita bò kote nou an imaj ki nan tèt nou an. – Ki moun ki ka di kisa li te imajine nan tèt li? – *[Mande kèk elèv (3 ou 4) pou pataje imaj yo a. Li pwobab pou elèv yo pa imajine menm bagay].*	

Aktivite 3 Vokabilè

Nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : balon

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **balon** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **balon** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **balon vle di boul ki plen ak van ki itilize pou jwe foutbòl osinon volebòl**.
3. Kisa mo **balon** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*

b. Dezyèm mo a se : kado

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **kado** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **kado** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **kado vle di sa yon moun resevwa pandan yon okazyon spesyal**.
3. Kisa mo **kado** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.
M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*
Panche a dwat. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di panche a dwat. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

1. Panche a dwat
2. Panche a goch
3. Panche devan
4. Kage sou do
5. Vire tèt ou a goch a dwat
6. Pliye kò nou
7. Yon ti vole
8. Kanpe rèd
9. Yon ti danse
10. Souke kò nou

Aktivite 4 Lekti mo

a. Marye son yo pou fòme mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/p/ /r/ /a/ /l/ = pral**	– **/p/ /r/ /a/ /l/ = pral**	– **/p/ /r/ /a/ /l/ = pral** – Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **tris, bèl, plis, ka**.

b. Marye son pou fòme mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/d/ /e/ /s/ /an/ /m/ = desanm**	– **/d/ /e/ /s/ /an/ /m/ = desanm**	– **/d/ /e/ /s/ /an/ /m/ = desanm** – Ann kontinye ak lòt mo **imajine, machin, etidye, reyisi**.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj leson an pou nou li liy pwason an. *[Pandan elèv yo ap li, mèt la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]*

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.
M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*
Souke tèt nou. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di souke tèt nou. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

1. Leve men nou
2. Fèmen men ou
3. Ouvè men ou
4. Lonje dwèt ou
5. Pran yon objè
6. Brase
7. Pouse

Aktivite 5 Ekriti

Nou pral di kijan nou ta renmen fini istwa a. Ki sa ki pase Toma apre sa ? *[Fè elèv yo ekri nan kaye yo repons la.]*

Aktivite pou Ranfòse

Komanse-Fini
[Separa klas la an de gwoup.] Lè m di yon mo, bò goch la ap di m ki son ki kòmanse mo a. Bò dwat la ap di m ki son ki fini mo a.

Aktivite 1 Kontin

Fanmi m
Fanmi m se pa m
Mannman m, papa m
Kenbe men m pou m grandi
Frè m ak sè m
Toujou fè m ri
Mwen renmen fanmi m.

Aktivite 2 Li mo ak fraz

a. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson an pou nou li liy bis la.

b. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj leson an pou nou li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj leson an pou nou li liy pwason an. *[Pandan elèv yo ap li, mèt la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]*

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.
M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*
Panche a dwat. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di panche a dwat. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

1. Panche a dwat
2. Panche a goch
3. Panche devan
4. Kage sou do
5. Vire tèt ou a goch a dwat
6. Pliye kò nou
7. Yon ti vole
8. Kanpe rèd
9. Yon ti danse
10. Souke kò nou

Aktivite 3 Vokabilè

a. Revizyon vokabilè

Kounye a nou pral revize vokabilè nou te aprann yo.
Yè nou te travay sou mo balon

Kiyès ki ka di m ki sa mo **balon** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

Yè nou te travay sou mo kado

Kiyès ki ka di m ki sa mo **kado** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

b. Ann fè fraz ak mo vokabilè yo

Nou pral sèvi ak mo vokabilè yo pou nou fè fraz.

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **balon**. *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **kado**. *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

Aktivite 4 Li istwa

Yè nou te li istwa a ansanm. Jodi a nou pral li istwa a de pa de. Apre sa mwen pral mande kèk elèv li pou-kont yo. Sonje pou n mete dwèt nou anba chak mo pandan n ap li yo.

a. Lekti de pa de

[Mete elèv yo de pa de. Asire w yo swiv sa y ap li ak dwèt yo. Pase gade kòman y ap li. Ede kèk elèv dekode mo si yo gen difikilte.]

b. Lekti endividyèl

[Mande 6 elèv li yon pati nan istwa a (chwazi 3 ti gason epi 3 ti fi). Ede yo si yo gen difikilte.]

c. Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De ki moun istwa a pale?
2. Ki sa ki rive Toma ?
3. Ki sa Toma deside fè ?

d. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive.

Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Toma al pran kanè, li pa pase.**
1. Tout moun mime fraz la.
2. *[Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]*

Aktivite pou Ranfòse

Kontwole son

Nou pral di mo ki gen son nou konnen yo.
Di yon mo ki gen yon sèl son /…./.
Di yon mo ki gen de son /…./.

Liv lekti elèv la, paj 140-141.
Liv ekriti elèv la, paj 146.

Aktivite 1 Kontin

Fanmi m
Fanmi m se pa m
Mannman m, papa m
Kenbe men m pou m grandi
Frè m ak sè m
Toujou fè m ri
Mwen renmen fanmi m.

Aktivite 2 Vizyalizasyon

Nou pral fè aktivite sou vizyalizasyon. Sa vle di nou pral sèvi ak yon mo oubyen yon istwa nou tande pou nou imajine oswa kreye yon imaj nan tèt nou.

a. Vizyalizayon : Yon sèl mo

Nou pral vizyalize yon mo. Sa vle di nou pral kreye yon imaj nan tèt nou sou mo a.

Tou pa m

– Mwen panse ak mo **chat**.
– M ap imajine ki jan li ye, ki bò li ye ak ki jan li ye ?
– **Mwen imajine yon gwo chat. Plim li swa. Li kouche tou dousman l ap dòmi.**

Ann fè l ansanm

– Kounye a, nou pral vizyalize mo **chat** nan ansanm.
– Ann fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **chat**. Chak moun ka imajine yon bagay ki diferan.
– Kounye a, ann pataje sa nou te imajine sou mo **chat** la.
– Ki moun ki ka di sa li te imajine ?
[Rele yon ti fi ak yon ti gason pou pataje imaj yo a.]

Se tou pa nou

– Kounye a, nou pral fè vizyalizasyon sou mo **lang**. N ap imajine ki jan li ye, ki bò li ye ak ki jan li ye ?
– Fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **lang**.
– Chak timoun ap pataje ak zanmi ki chita bò kote li a sa li te imajine sou mo **lang** lan.
[Rele kèk elèv (3 ou 4) pou pataje imaj yo a. Li pwobab pou elèv yo pa imajine menm bagay.]

b. Koute Istwa + Vizyalizasyon yon pati nan Istwa

Jodi a nou pral koute yon istwa epi nou pral vizyalize sa nou koute. Sa vle di nou pral kreye imaj nan tèt nou.

ISTWA	*VIZYALIZE*
– *[Li premye pati nan istwa a dousman pou elèv yo.]* – **Kastò se yon chen blan ki toujou kontan wè mèt li. Li sote sou mèt li ak lang li pandye.**	– *[Di kisa ou imajine sou premye pati istwa a.]* – **Mwen imajine yon gwo chen wo, zòrèy kouche. Lang chen an tou wouj. Mèt chen an abiye ak yon chemiz ble, yon pantalon blan. Li renmen bèt kay.**
– *[Di :]* M ap kontinye li. Pandan m ap li a, fèmen je nou epi koute byen. Pa bliye eseye desine moun ak anviwònman yo nan tèt nou. – *[Li dezyèm pati istwa a pou elèv yo.]* – **Kastò fè jalouzi paske yon chat te sou bra mèt li. Pwoblèm! Kastò gwonde.** – *[Di :]* Kounye a, nou pral pataje sa nou te imajine sou pati istwa nou sot koute a. Ki moun ki ka di sa li te imajine nan tèt li ?	– *[Si elèv yo pa reponn, ou ka sèvi ak repons sa yo.]* – *[Egzanp si elèv yo pa reponn* *1. Yo ka imajine ki jès chen an fè lè li wè chat la sou bra mèt li.Ki jan kò chen an fè – kisa chen an santi.]*
– *[Li dènyè pati istwa a.]* – *[Di :]* Mwen pral kontinye li. Pandan m ap li a, fèmen je nou epi vizyalize sa nou koute. – **Mèt li konprann. Li pase men sou tèt chen an. Li karese chen an.** – *[Apre sa a, di :]* Kounye a, nou pral pataje ak zanmi ki chita bò kote nou an imaj ki nan tèt nou an. – Ki moun ki ka di kisa li te imajine nan tèt li? – *[Mande kèk elèv (3 ou 4) pou pataje imaj yo a. Li pwobab pou elèv yo pa imajine menm bagay].*	

Aktivite 3 Vokabilè

Nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : pandye

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **pandye** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **pandye** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **pandye vle di ki pann.**
3. Kisa mo **pandye** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*

b. Dezyèm mo a se : jalouzi

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **jalouzi** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **jalouzi** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, m **jalouzi vle di santiman ou genyen lè ou pa vle pèdi afeksyon yon moun**.
3. Kisa mo **jalouzi** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.
M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*
Souke tèt nou. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di souke tèt nou. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

1. Leve men nou
2. Fèmen men ou
3. Ouvè men ou
4. Lonje dwèt ou
5. Pran yon objè
6. Brase
7. Pouse

Aktivite 4

Lekti mo

a. Marye son yo pou fòme mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/k/ /i/ = ki**	– **/k/ /i/ = ki**	– **/k/ /i/ = ki** – Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **mèt, sou, bra, fè**.

b. Marye son pou fòme mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/k/ /a/ /s/ /t/ /ò/ = kastò**	– **/k/ /a/ /s/ /t/ /ò/ = kastò**	– **/k/ /a/ /s/ /t/ /ò/ = kastò** – Ann kontinye ak lòt mo **kontan, pwoblèm, gwonde, konprann**.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj leson an pou nou li liy pwason an. *[Pandan elèv yo ap li, mèt la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]*

Aktivite revèy

Jwe ak lèt
Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Nou pral jwe ak lèt yo. Lè mwen di son lèt la n ap kanpe. Lè mwen di non lèt la n ap chita.
L ; P ; M ; T

Aktivite 5 Ekriti

[Mande elèv yo ouvri liv la nan pati « M ap pale de tèt mwen.» Y ap sèvi ak paj ki gen aktivite sa a.]

Kounye a, nou pral ekri sou yon bagay nou renmen nan yon pèsonaj *[yon bèt]* ki nan istwa nou te li jodi a.

Aktivite pou Ranfòse

Kanpe pou son an
Nou pral fè yon bèl ti egzèsis.
Lè mwen di yon mo ki gen son /…/, n ap kanpe, si li pa gen son an chita.

Aktivite 1 Kontin

Fanmi m
Fanmi m se pa m
Mannman m, papa m
Kenbe men m pou m grandi
Frè m ak sè m
Toujou fè m ri
Mwen renmen fanmi m.

Aktivite 2 Li mo ak fraz

a. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson an pou nou li liy bis la.

b. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj leson an pou nou li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj leson an pou nou li liy pwason an. *[Pandan elèv yo ap li, mèt la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]*

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.
M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*
Souke tèt nou. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di souke tèt nou. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

1. Leve men nou
2. Fèmen men ou
3. Ouvè men ou
4. Lonje dwèt ou
5. Pran yon objè
6. Brase
7. Pouse

Aktivite 3 Vokabilè

a. Revizyon vokabilè

Kounye a nou pral revize vokabilè nou te aprann yo.

Yè nou te travay sou mo pandye

Kiyès ki ka di m ki sa mo **pandye** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

Yè nou te travay sou mo ansanm

Kiyès ki ka di m ki sa mo **ansanm** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

b. Ann fè fraz ak mo vokabilè yo

Nou pral sèvi ak mo vokabilè yo pou nou fè fraz.

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **pandye**. *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **ansanm**. *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

Aktivite 4 Li istwa

Yè nou te li istwa a ansanm. Jodi a nou pral li istwa a de pa de. Apre sa mwen pral mande kèk elèv li pou-kont yo. Sonje pou n mete dwèt nou anba chak mo pandan n ap li yo.

a. Lekti de pa de

[Mete elèv yo de pa de. Asire w yo swiv sa y ap li ak dwèt yo. Pase gade kòman y ap li. Ede kèk elèv dekode mo si yo gen difikilte.]

b. Lekti endividyèl

[Mande 6 elèv li yon pati nan istwa a (chwazi 3 ti gason epi 3 ti fi). Ede yo si yo gen difikilte.]

c. Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De ki bèt istwa a pale?
2. Ki sa li fè ?
3. Ki sa mèt la fè ?

d. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive.

Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Kastò, yon chen, sote sou mèt li ak lang li pandye.**
1. Tout moun mime fraz la.
2. *[Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]*

Aktivite pou Ranfòse

Jwe ak mo

[Ekri tout son nou wè deja yo sou tablo a. Fòme yon gwoup 6 elèv. Mande premye elèv la pou l di yon non moun ak yon non machandiz ki kòmanse ak premye son an. Mande lòt elèv yo kontinye fè menm egzèsis la san yo pa repete yon non ki di deja. Lè yon moun pèdi li pral chita epi lòt yo ap kontinye ak pwochen son an. Moun ki rete an dènye a ap genyen.]

Aktivite 1 Kontin

Vakans
Tralalala, tololo
Vakans rive
N ap manje mango
Keyi kayimit ak zabriko
Tralala, tololo
N ap fè lago nan dlo.

Aktivite 2 Vizyalizasyon

Nou pral fè aktivite sou vizyalizasyon. Sa vle di nou pral sèvi ak yon mo oubyen yon istwa nou tande pou nou imajine oswa kreye yon imaj nan tèt nou.

a. Vizyalizayon : Yon sèl mo

Nou pral vizyalize yon mo. Sa vle di nou pral kreye yon imaj nan tèt nou sou mo a.

Tou pa m

– Mwen panse ak mo **kabann**.
– M ap imajine ki jan li ye, ki bò li ye ak ki jan li ye ?
– **Mwen imajine yon ti kabann an fè. Li gen yon tèt ki gen desen. Li kouvri ak yon bèl dra ak 2 zòrye sou li.**

Ann fè l ansanm

– Kounye a, nou pral vizyalize mo **kabann** nan ansanm.
– Ann fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **kabann**. Chak moun ka imajine yon bagay ki diferan.
– Kounye a, ann pataje sa nou te imajine sou mo **kabann** nan.
– Ki moun ki ka di sa li te imajine ?
[Rele yon ti fi ak yon ti gason pou pataje imaj yo a.]

Se tou pa nou

– Kounye a, nou pral fè vizyalizasyon sou mo **doktè**. N ap imajine ki jan li ye, ki bò li ye ak ki jan li ye ?
– Fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **doktè**.
– Chak timoun ap pataje ak zanmi ki chita bò kote li a sa li te imajine sou mo **doktè** a.
[Rele kèk elèv (3 ou 4) pou pataje imaj yo a. Li pwobab pou elèv yo pa imajine menm bagay.]

b. Koute Istwa + Vizyalizasyon yon pati nan Istwa

Jodi a nou pral koute yon istwa epi nou pral vizyalize sa nou koute. Sa vle di nou pral kreye imaj nan tèt nou.

ISTWA	*VIZYALIZE*
– *[Li premye pati nan istwa a dousman pou elèv yo.]* – **Papa Rikado kouche sou kabann lopital. Rikado vin wè l. Yo bay lodyans. Rikado mande : « Ki lè w pral lakay? »**	– *[Di kisa ou imajine sou premye pati istwa a.]* – **Mwen imajine mwen anndan yon lopital. Gen yon pakèt mis ak doktè k ap moute desann. Mwen wè plizyè moun malad nan yon sal. Papa Rikado kouche sou do sou yon ti kabann. Li tou pre pòt soti a. Rikado rive. Figi papa a chanje. Li souri. Rikado kontan. Li bay papa l yon akolad. Yo ri.**
– *[Di :]* M ap kontinye li. Pandan m ap li a, fèmen je nou epi koute byen. Pa bliye eseye desine moun ak anviwònman yo nan tèt nou. – *[Li dezyèm pati istwa a pou elèv yo.]* – **Papa a vin tris. Li di : « Mwen pa konnen pitit mwen. » Rikado pete kriye.** – *[Di :]* Kounye a, nou pral pataje sa nou te imajine sou pati istwa nou sot koute a. Ki moun ki ka di sa li te imajine nan tèt li ?	– *[Si elèv yo pa reponn, ou ka sèvi ak repons sa yo.]* – *[Egzanp si elèv yo pa reponn* *1. Yo ka imajine ki jan figi papa a ye lè li vin tris la, ki jès li fè* *2. Yo ka imajine ki rezon ki fè Rikado pete kriye a* *3. Yo ka imajine ki pawòl papa a di Rikado pou konsole l.]*
– *[Li dènyè pati istwa a.]* – *[Di :]* Mwen pral kontinye li. Pandan m ap li a, fèmen je nou epi vizyalize sa nou koute. – **Doktè a parèt li di : « Ou prale kounye a. » Lè yo fin peye, yo toulède kite lopital la ak kè kontan.** – *[Apre sa a, di :]* Kounye a, nou pral pataje ak zanmi ki chita bò kote nou an imaj ki nan tèt nou an. – Ki moun ki ka di kisa li te imajine nan tèt li? – *[Mande kèk elèv (3 ou 4) pou pataje imaj yo a. Li pwobab pou elèv yo pa imajine menm bagay].*	

Aktivite 3 Vokabilè

Nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : lodyans

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **lodyans** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **lodyans** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **lodyans vle di blag ki pou amize moun.**
3. Kisa mo **lodyans** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*

b. Dezyèm mo a se : doktè

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **doktè** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **doktè** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **doktè vle di moun ki etidye pou trete maladi**.
3. Kisa mo **doktè** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*

Aktivite revèy

Jwe ak lèt

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Nou pral jwe ak lèt yo. Lè mwen di son lèt la n ap kanpe. Lè mwen di non lèt la n ap chita.

L ; P ; M ; T

Aktivite 4 Lekti mo

a. Marye son yo pou fòme mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/w/ /è/ = wè**	– **/w/ /è/ = wè**	– **/w/ /è/ = wè** – Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **vin, bay, fin, kè**.

b. Marye son pou fòme mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/l/ /o/ /p/ /i/ /t/ /a/ /l/ = lopital**	– **/l/ /o/ /p/ /i/ /t/ /a/ /l/ = lopital**	– **/l/ /o/ /p/ /i/ /t/ /a/ /l/ = lopital** – Ann kontinye ak lòt mo **lodyans, konnen, kounye, kontan**.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj leson an pou nou li liy pwason an. *[Pandan elèv yo ap li, mèt la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]*

Aktivite revèy

Chwazi yon zanmi

[Ekri tout lèt peryòd la sou tablo a.]

Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la. Apre sa m ap chwazi yon zanmi nan klas. Zanmi mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la. Apre sa l ap chwazi yon lòt zanmi k ap kontinye ak menm egzèsis la. *[Pa kite timoun yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.]*

Aktivite 5 **Ekriti**

Nou pral di kijan nou ta renmen fini istwa a. Ki sa Rikado ak papa li fè apre sa ? *[Fè elèv yo ekri nan kaye yo repons la.]*

Aktivite pou Ranfòse
Rive jwenn zetwal yo *Segmantasyon son* *Materyèl : Foto oswa desen oswa objè ki gen twa ou kat son.* *Kouman pou fè sa :* 1. *Mande elèv yo chita an won.* 2. *Montre yo youn nan imaj yo.* 3. *Mande yon volontè pou li idantifye sa ki sou imaj la epi pou l kase mo a son pa son. Pa egzanp, si mo a se « tèt », timoun nan dwe di « /t/ /è/ /t/. »* *Nòt : Si elèv yo pa konn non objè a, di yo non li. [Se pa yon tès vokabilè.]* 4. *Mande yon dezyèm volontè di konbyen son ki nan mo a.* 5. *Mande yon twazyèm volontè pou l pran yon zetwal nan syèl la pou chak son ki nan mo a [Pou l fè sa, timoun nan ap vole pou l fè kòm si l ap atrap yon zetwal pou chak son ki nan mo a].* 6. *Kontinye egzèsis la ak lòt imaj pou plis elèv ka gen chans pou vole jwenn zetwal yo.*

Aktivite 1 Kontin

Vakans
Tralalala, tololo
Vakans rive
N ap manje mango
Keyi kayimit ak zabriko
Tralala, tololo
N ap fè lago nan dlo.

Aktivite 2 Li mo ak fraz

a. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson an pou nou li liy bis la.

b. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj leson an pou nou li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj leson an pou nou li liy pwason an. *[Pandan elèv yo ap li, mèt la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]*

Aktivite revèy

Jwe ak lèt

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Nou pral jwe ak lèt yo. Lè mwen di son lèt la n ap kanpe. Lè mwen di non lèt la n ap chita.

L ; P ; M ; T

Aktivite 3 Vokabilè

a. Revizyon vokabilè

Kounye a nou pral revize vokabilè nou te aprann yo.

Yè nou te travay sou mo lodyans

Kiyès ki ka di m ki sa mo **lodyans** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

Yè nou te travay sou mo doktè

Kiyès ki ka di m ki sa mo **doktè** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

b. Ann fè fraz ak mo vokabilè yo

Nou pral sèvi ak mo vokabilè yo pou nou fè fraz.

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **lodyans**. *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **doktè**. *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

Aktivite 4 Li istwa

Yè nou te li istwa a ansanm. Jodi a nou pral li istwa a de pa de. Apre sa mwen pral mande kèk elèv li pou-kont yo. Sonje pou n mete dwèt nou anba chak mo pandan n ap li yo.

a. Lekti de pa de

[Mete elèv yo de pa de. Asire w yo swiv sa y ap li ak dwèt yo. Pase gade kòman y ap li. Ede kèk elèv dekode mo si yo gen difikilte.]

b. Lekti endividyèl

[Mande 6 elèv li yon pati nan istwa a (chwazi 3 ti gason epi 3 ti fi). Ede yo si yo gen difikilte.]

c. Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De ki moun istwa a pale?
2. Ki sa yo fè ?
3. Ki kote sa te pase ?

d. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive.

Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Rikado pete kriye.**

1. Tout moun mime fraz la.
2. *[Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]*

Aktivite pou Ranfòse

Vokabilè : Di non epi dekri

Ou ka bati vokabilè elèv yo ak kapasite deskripsyon yo nan leson ki santre sou di non ak dekri.
Kouman pou fè sa :

1. *Kòmanse pa chwazi yon tèm oswa yon sijè pou nou travay. Brase lide oswa di non objè ki gen rapò ak tèm lan. Pa egzanp, si tèm nan se manje, elèv yo ka di non mango, sereyal, ak pwason.*
2. *Epi ede elèv yo di non objè sa yo pa kategori. Ki sa ki fwi, legim, vyann, elatriye ?*
3. *Finalman, mande elèv yo di non objè sa yo selon kalite yo. Nan ka sa a, ki sa ki dous, ki sa ki sale, ki sa ki si ?*

Liv lekti elèv la, paj 144-145.
Liv ekriti elèv la, paj 148.

Aktivite 1 Kontin

Vakans
Tralalala, tololo
Vakans rive
N ap manje mango
Keyi kayimit ak zabriko
Tralala, tololo
N ap fè lago nan dlo.

Aktivite 2 Vizyalizasyon

Nou pral fè aktivite sou vizyalizasyon. Sa vle di nou pral sèvi ak yon mo oubyen yon istwa nou tande pou nou imajine oswa kreye yon imaj nan tèt nou.

a. Vizyalizayon : Yon sèl mo

Nou pral vizyalize yon mo. Sa vle di nou pral kreye yon imaj nan tèt nou sou mo a.

Tou pa m

– Mwen panse ak mo **manje**.
– M ap imajine ki jan li ye, ki bò li ye ak ki jan li ye ?
– **Mwen imajine yon gwo chodyè sou twa wòch dife. Gen yon diri ak pwa kongo ki toufe anba yon latriye fèy bannann.**

Ann fè l ansanm

– Kounye a, nou pral vizyalize mo **manje** a ansanm.
– Ann fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **manje**. Chak moun ka imajine yon bagay ki diferan.
– Kounye a, ann pataje sa nou te imajine sou mo **manje** a.
– Ki moun ki ka di sa li te imajine ?
[Rele yon ti fi ak yon ti gason pou pataje imaj yo a.]

Se tou pa nou

– Kounye a, nou pral fè vizyalizasyon sou mo **Fefe**. N ap imajine ki jan li ye, ki bò li ye ak ki jan li ye ?
– Fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **Fefe**.
– Chak timoun ap pataje ak zanmi ki chita bò kote li a sa li te imajine sou mo **Fefe** a.
[Rele kèk elèv (3 ou 4) pou pataje imaj yo a. Li pwobab pou elèv yo pa imajine menm bagay.]

b. Koute Istwa + Vizyalizasyon yon pati nan Istwa

Jodi a nou pral koute yon istwa epi nou pral vizyalize sa nou koute. Sa vle di nou pral kreye imaj nan tèt nou.

ISTWA	*VIZYALIZE*
– *[Li premye pati nan istwa a dousman pou elèv yo.]* – **Dat fèt Fefe rive. Manje, mizik, dekorasyon, anpil anbyans !**	– *[Di kisa ou imajine sou premye pati istwa a.]* – **Mwen imajine yon gwo tab avèk tout kalite manje. Mwen wè gwo aparèy mizik. Mwen wè flè tout koulè. Mwen wè moun k ap danse.**

– *[Di :]* M ap kontinye li. Pandan m ap li a, fèmen je nou epi koute byen. Pa bliye eseye desine moun ak anviwònman yo nan tèt nou. – *[Li dezyèm pati istwa a pou elèv yo.]* – **Yo te envite sèl zanmi Fefe yo. Edi pa zanmi yo, men li fofile antre nan fèt la.** – *[Di :]* Kounye a, nou pral pataje sa nou te imajine sou pati istwa nou sot koute a. Ki moun ki ka di sa li te imajine nan tèt li ?	– *[Si elèv yo pa reponn, ou ka sèvi ak repons sa yo.]* – *[Egzanp si elèv yo pa reponn* *1. Yo ka imajine ki abiman ki sou Edi, jan l kanpe devan baryè a.* *2. Yo ka dekri kay la ak dekorasyon ki devan kay la.]*

– *[Li dènyè pati istwa a.]* – *[Di :]* Mwen pral kontinye li. Pandan m ap li a, fèmen je nou epi vizyalize sa nou koute. – **Yo mande li : « Ou se yon zanmi Fefe ? » Fefe vin parèt, li di : « Nou mèt kite l antre ! »** – *[Apre sa a, di :]* Kounye a, nou pral pataje ak zanmi ki chita bò kote nou an imaj ki nan tèt nou an. – Ki moun ki ka di kisa li te imajine nan tèt li? – *[Mande kèk elèv (3 ou 4) pou pataje imaj yo a. Li pwobab pou elèv yo pa imajine menm bagay].*	

Aktivite 3 Vokabilè

Nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : fèt

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **fèt** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **fèt** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **fèt vle di moman anbyans kote moun ka amize yo**.
3. Kisa mo **fèt** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*

b. Dezyèm mo a se : fofile

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **fofile** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **fofile** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **fofile vle di antre an kachèt**.
3. Kisa mo **fofile** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*

Aktivite revèy

Chwazi yon zanmi

[Ekri tout lèt peryòd la sou tablo a.]

Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la. Apre sa m ap chwazi yon zanmi nan klas. Zanmi mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la. Apre sa l ap chwazi yon lòt zanmi k ap kontinye ak menm egzèsis la. *[Pa kite timoun yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.]*

Aktivite 4 Lekti mo

a. Marye son yo pou fòme mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/d/ /a/ /t/ = dat**	– **/d/ /a/ /t/ = dat**	– **/d/ /a/ /t/ = dat** – Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **fèt, te, nan, ba**.

b. Marye son pou fòme mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/d/ /e/ /k/ /o/ /r/ /a/ /s/ /y/ /on/ = dekorasyon**	– **/d/ /e/ /k/ /o/ /r/ /a/ /s/ /y/ /on/ = dekorasyon**	– **/d/ /e/ /k/ /o/ /r/ /a/ /s/ /y/ /on/ = dekorasyon** – Ann kontinye ak lòt mo **anbyans, fofile, vakabon, envite**.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj leson an pou nou li liy pwason an. *[Pandan elèv yo ap li, mèt la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]*

Aktivite revèy

Jwe ak son

Kounye a nou pral jwe ak son. Lè m di yon mo ki kòmanse ak son leson an n ap bat men nou de fwa. Lè m di yon mo ki kòmanse ak yon lòt son n ap bat men nou yon sèl fwa.

Aktivite 5 **Ekriti**

Kounye a, nou pral bay moun nan istwa a yon konsèy, swa Fefe oubyen Edi. *[Mande elèv yo ekri nan kaye yo yon konsèy yo ka bay Fefe oubyen Edi. Li istwa ansanm avèk yo ankò pou ede yo.]*

Aktivite pou Ranfòse
Fè fraz la *Pou ki sa : Konesans lèt enprime, direksyon, prensip alfabetik.* *Materyèl : papye pou ekri mo poukont yo sou li.* *Kouman pou fè sa :* 1. *Ekri yon ti fraz kout ak mo yo abitye tankou « Jodi a se Lendi ». Oswa sèvi ak kontin yo fèk aprann.* 2. *Ekri chak mo sou yon papye poukont yo. Mete vigil oswa lòt ponktiyasyon yo sou papye poukont yo tou.* 3. *Bay elèv yo mo yo epi di yo mo a.* *Egzanp : « Jòj ou se mo* **Jodi a**. *Anita ou se mo* **Se**. *Stefani ou se mo* **Lendi**. *Jozèf ou se* **pwen an**. *»* 4. *Mande elèv yo travay ansanm pou yo ranje tèt yo an fraz.* 5. *Fè lòt elèv yo li fraz la pou verifye direksyon ak lòd li.*

Aktivite 1 Kontin

Vakans
Tralalala, tololo
Vakans rive
N ap manje mango
Keyi kayimit ak zabriko
Tralala, tololo
N ap fè lago nan dlo.

Aktivite 2 Li mo ak fraz

a. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson an pou nou li liy bis la.

b. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj leson an pou nou li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj leson an pou nou li liy pwason an. *[Pandan elèv yo ap li, mèt la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]*

Aktivite revèy

Chwazi yon zanmi

[Ekri tout lèt peryòd la sou tablo a.]

Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la. Apre sa m ap chwazi yon zanmi nan klas. Zanmi mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la. Apre sa l ap chwazi yon lòt zanmi k ap kontinye ak menm egzèsis la. *[Pa kite timoun yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.]*

Aktivite 3 Vokabilè

a. Revizyon vokabilè

Kounye a nou pral revize vokabilè nou te aprann yo.

Yè nou te travay sou mo fèt

Kiyès ki ka di m ki sa mo **fèt** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

Yè nou te travay sou mo fofile

Kiyès ki ka di m ki sa mo **fofile** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

b. Ann fè fraz ak mo vokabilè yo

Nou pral sèvi ak mo vokabilè yo pou nou fè fraz.

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **fèt**. *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **fofile**. *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

Aktivite 4 Li istwa

Yè nou te li istwa a ansanm. Jodi a nou pral li istwa a de pa de. Apre sa mwen pral mande kèk elèv li pou-kont yo. Sonje pou n mete dwèt nou anba chak mo pandan n ap li yo.

a. Lekti de pa de

[Mete elèv yo de pa de. Asire w yo swiv sa y ap li ak dwèt yo. Pase gade kòman y ap li. Ede kèk elèv dekode mo si yo gen difikilte.]

b. Lekti endividyèl

[Mande 6 elèv li yon pati nan istwa a (chwazi 3 ti gason epi 3 ti fi). Ede yo si yo gen difikilte.]

c. Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De ki moun istwa a pale ?
2. Ki sa y ap fè ?
3. Ki kote sa te pase ?

d. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive.

Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Zanmi Fefe yo ap dekore kay la.**

1. Tout moun mime fraz la.
2. *[Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]*

Aktivite pou Ranfòse

Koupe fraz

Pou ki sa : Konesans lèt enprime, prensip alfabetik.
Materyèl : Yon fraz nou abitye ki ekri sou yon fèy papye ki long.
Kouman pou fè sa :

1. *Li yon fraz yo abitye pou elèv yo fò.*
   Egzanp : « Non mwen se Jozèf. »
2. *Li fraz la ansanm. Lonje dwèt ou sou mo yo pandan w ap li.*
3. *Apre koupe fraz la mo pa mo.*
4. *Mande elèv yo pou yo fòme fraz la ankò.*
5. *Sipòte elèv yo ak kòmantè tankou :*
   Ki son ou tande nan kòmansman mo Jozèf la? [Tann yon repons.]
   Ki lèt ki fè son sa ? [Tann yon repons.]
   Kote mo ki kòmanse ak lèt sa ? [Tann yon repons.]
   Ki mo ki kòmanse ak lèt sa ? [Tann yon repons.]

Liv lekti elèv la, paj 146-147.
Liv ekriti elèv la, paj 149.

Aktivite 1 Kontin

Vakans
Tralalala, tololo
Vakans rive
N ap manje mango
Keyi kayimit ak zabriko
Tralala, tololo
N ap fè lago nan dlo.

Aktivite 2 Vizyalizasyon

Nou pral fè aktivite sou vizyalizasyon. Sa vle di nou pral sèvi ak yon mo oubyen yon istwa nou tande pou nou imajine oswa kreye yon imaj nan tèt nou.

a. Vizyalizayon : Yon sèl mo

Nou pral vizyalize yon mo. Sa vle di nou pral kreye yon imaj nan tèt nou sou mo a.

Tou pa m

– Mwen panse ak mo **konprès**.
– M ap imajine ki jan li ye, ki bò li ye ak ki jan li ye ?
– **Mwen imajine yon moso twal mens ki vlope. Li genyen lalwa, rakèt oubyen dlo frèt ladann. Tanzantan yo wouze l ak kleren.**

Ann fè l ansanm

– Kounye a, nou pral vizyalize mo **konprès** nan ansanm.
– Ann fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **konprès**. Chak moun ka imajine yon bagay ki diferan.
– Kounye a, ann pataje sa nou te imajine sou mo **konprès** la.
– Ki moun ki ka di sa li te imajine ?
[Rele yon ti fi ak yon ti gason pou pataje imaj yo a.]

Se tou pa nou

– Kounye a, nou pral fè vizyalizasyon sou mo **bourik**. N ap imajine ki jan li ye, ki bò li ye ak ki jan li ye ?
– Fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **bourik**.
– Chak timoun ap pataje ak zanmi ki chita bò kote li a sa li te imajine sou mo **bourik** la.
[Rele kèk elèv (3 ou 4) pou pataje imaj yo a. Li pwobab pou elèv yo pa imajine menm bagay.]

b. Koute Istwa + Vizyalizasyon yon pati nan Istwa

Jodi a nou pral koute yon istwa epi nou pral vizyalize sa nou koute. Sa vle di nou pral kreye imaj nan tèt nou.

ISTWA	*VIZYALIZE*
– *[Li premye pati nan istwa a dousman pou elèv yo.]* – **Se te premye fwa yon bourik chaje te bòzò kon sa. Plakatap ! Se kon sa li te mache.**	– *[Di kisa ou imajine sou premye pati istwa a.]* – **Mwen imajine yon bourik koulè gri. Li gen de gwo fèy zòrèy. Li gra. Li gen bèl sak pay sou do l. l ap mache, l ap make pa.**

– *[Di :]* M ap kontinye li. Pandan m ap li a, fèmen je nou epi koute byen. Pa bliye eseye desine moun ak anviwònman yo nan tèt nou. – *[Li dezyèm pati istwa a pou elèv yo.]* – **Yon bon maten, Rigo pa wè bourik la. Rigo malad, konprès sou tèt li.** – *[Di :]* Kounye a, nou pral pataje sa nou te imajine sou pati istwa nou sot koute a. Ki moun ki ka di sa li te imajine nan tèt li ?	– *[Si elèv yo pa reponn, ou ka sèvi ak repons sa yo.]* – *[Egzanp si elèv yo pa reponn* *1. Yo ka imajine emosyon ak jès Rigo te genyen lè l pa wè bourik la* *2. Yo ka imajine tout sa Rigo panse li pral fè san bourik la.]*

– *[Li dènyè pati istwa a.]* – *[Di :]* Mwen pral kontinye li. Pandan m ap li a, fèmen je nou epi vizyalize sa nou koute. – **Anatòl, vwazen Rigo, jwenn bourik la bò larivyè a. Rigo wè bourik la, menm moman an li geri.** – *[Apre sa a, di :]* Kounye a, nou pral pataje ak zanmi ki chita bò kote nou an imaj ki nan tèt nou an. – Ki moun ki ka di kisa li te imajine nan tèt li? – *[Mande kèk elèv (3 ou 4) pou pataje imaj yo a. Li pwobab pou elèv yo pa imajine menm bagay].*	

Aktivite 3 Vokabilè

Nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : bòzò

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **bòzò** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **bòzò** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **bòzò vle di yon moun oswa yon bèt k ap mache bwòdè**.
3. Kisa mo **bòzò** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*

b. Dezyèm mo a se : konprès

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **konprès** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **konprès** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **konprès vle di sèvyèt moun met sou fon yo lè yo gen lafyèv**.
3. Kisa mo **konprès** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*

Aktivite revèy

Jwe ak son

Kounye a nou pral jwe ak son. Lè m di yon mo ki kòmanse ak son leson an n ap bat men nou de fwa. Lè m di yon mo ki kòmanse ak yon lòt son n ap bat men nou yon sèl fwa.

Aktivite 4 Lekti mo

a. Marye son yo pou fòme mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/s/ /e/ = se**	– **/s/ /e/ = se**	– **/s/ /e/ = se** – Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **pa, tèt, bò, an**.

b. Marye son pou fòme mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m	*Ann fè l ansanm*	*Se tou pa nou*
– **/p/ /r/ /e/ /m/ /y/ /e/ = premye**	– **/p/ /r/ /e/ /m/ /y/ /e/ = premye**	– **/p/ /r/ /e/ /m/ /y/ /e/ = premye** – Ann kontinye ak lòt mo **plakatap, anatòl, vwazen, jwenn**.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj leson an pou nou li liy pwason an. *[Pandan elèv yo ap li, mèt la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]*

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.
M ap fè yon mouvman ak figi m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*
Baye. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di* « *baye* »**.** *Chwazi twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

1. bat je w
2. baye
3. souri
4. fikse je w
5. fwonse sousi w
6. Fè grimas
7. File lang
8. Twouse nen
9. Lonje bouch
10. Gonfle machwè

Aktivite 5 Ekriti

Nou pral kontinye ekri yon bagay nou renmen nan yon moun nan istwa a epi n ap di pou ki sa.

Aktivite pou Ranfòse

Simon Di
Sèvi ak : Konesans Alfabè
Materyèl : Kat oubyen bout papye ki gen lèt sou yo pou 3 a 4 e pataje.
Kouman pou fè sa :
1. *Divize elèv yo an gwoup 3 ou 4 elèv pou yo travay.*
2. *Mande chak gwoup pou yon elèv pran kat ki gen lèt pa li yo pou gwoup la sèvi.*
3. *Sèvi ak lòd Simon Di konsa :*
   « Simon di, touche lèt F la ak pous nou. »
   « Simon di, mete lèt S la atè. »
   « Simon di, montre moun ki agoch ou a lèt D a. »
4. *Si yon elèv fè yon erè tankou sèvi ak move lèt la oswa fè move jès la, ekip la elimine.*
5. *Dènye ekip ki rete a, se li ki genyen.*
   Nòt : Pandan y ap bay lòd Simon Di a, pwofesè yo ta dwe fè sa lòd la di a. Sa ap kore devlopman langaj elèv yo.

Aktivite 1 Kontin

Vakans
Tralalala, tololo
Vakans rive
N ap manje mango
Keyi kayimit ak zabriko
Tralala, tololo
N ap fè lago nan dlo.

Aktivite 2 Li mo ak fraz

a. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson an pou nou li liy bis la.

b. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj leson an pou nou li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj leson an pou nou li liy pwason an. *[Pandan elèv yo ap li, mèt la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]*

Aktivite revèy

Jwe ak son

Kounye a nou pral jwe ak son. Lè m di yon mo ki kòmanse ak son leson an n ap bat men nou de fwa. Lè m di yon mo ki kòmanse ak yon lòt son n ap bat men nou yon sèl fwa.

Aktivite 3 Vokabilè

a. Revizyon vokabilè

Kounye a nou pral revize vokabilè nou te aprann yo.

Yè nou te travay sou mo bòzò

Kiyès ki ka di m ki sa mo **bòzò** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

Yè nou te travay sou mo konprès

Kiyès ki ka di m ki sa mo **konprès** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

b. Ann fè fraz ak mo vokabilè yo

Nou pral sèvi ak mo vokabilè yo pou nou fè fraz.

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **bòzò**. *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **konprès**. *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

Aktivite 4 Li istwa

Yè nou te li istwa a ansanm. Jodi a nou pral li istwa a de pa de. Apre sa mwen pral mande kèk elèv li pou-kont yo. Sonje pou n mete dwèt nou anba chak mo pandan n ap li yo.

a. Lekti de pa de

[Mete elèv yo de pa de. Asire w yo swiv sa y ap li ak dwèt yo. Pase gade kòman y ap li. Ede kèk elèv dekode mo si yo gen difikilte.]

b. Lekti endividyèl

[Mande 6 elèv li yon pati nan istwa a (chwazi 3 ti gason epi 3 ti fi). Ede yo si yo gen difikilte.]

c. Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De ki moun istwa a pale ?
2. Ki sa ki rive ?
3. Ki kote yo jwenn bourik la ?

d. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive.

Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Rigo malad, konprès sou tèt li.**
1. Tout moun mime fraz la.
2. *[Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]*

Aktivite pou Ranfòse

Mo pa janm fini

Pwofesè a ap di yon fraz epi l ap mande elèv yo reprann menm fraz la. Men chak fwa yon elèv di fraz la l ap chanje mo pwofesè a mande l la.

Egzanp : Mariz ak Filip konn **sote**. *[Elèv yo ap chanje* **sote** *ak yon lòt vèb ; yo ka di :* **jwe**, **li**, **etidye**, **chante**, **kouri**, *elatriye]*



Liv sa a fèt epi li pibliye an kolaborasyon avèk Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) Gouvènman Ayisyen a, gras a yon èd ki soti nan ajans amerikèn U.S. Agency for International Development (USAID), nan kad Aktivite Rechèch Aplike Tout Timoun Ap Li – ToTAL, dapre kontra No. EHC-E-00-0004-00 pwogram èd USAID ki rele EdData II Technical and Managerial Assistance.

Out 2013